

**Leson
Lekòl Dimanch
Pou Timoun
Volim 15**

Leson Lekòl Dimanch Pou Timoun

Volim 15

Originally published by
Africa Nazarene Publications
© 2012
P.O. Box 44, Forida Park, 1719, South Africa

Reprinted by
Discipleship Ministries - Mesoamerica Region
Church of the Nazarene, GUATEMALA



Leson Lekòl Dimanch Pou Timoun

Volim 15

ANSENYE TIMOUN

Ide Pou Ansenye Timoun.	4
Kòman Pou W Prepare Yon Leson Lekòl Dimanch	4
Kòman Pou W Prezante Yon Leson Lekòl Dimanch	5
Aktivite Ide Pou Anseye Timoun	5

PATI 1: BONDYE N'AP SÈVI A

1. Bondye Revele Tèt Li	7
2. Bondye Pale Avè M Tout Kote	8
3. Bondye Gran E Li Pisan	10
4. Bondye Ap Veye Sou Nou	11
5. Bondye Pasyan Epi Li Padone	12

PATI 2: JEZIKRI, PITIT BONDYE A

6. Jezi Moutre Lanmou Li	14
7. Rankontre Jezi	16
8. Jezi Bay Tan Pou Timoun	17

PATI 3: LAVI PRIYÈ JEZI

9. Jezi Priye Anvan Li Pran Desizyon	18
10. Jezi Ansenye Disip Li Yo Lapriyè	19
11. Jezi Priye Pou Lòt Yo	21
12. Jezi Priye Lè Li Tris Ak Toumante	22

PATI 4: SENTESPRI A

13. Pwomès Sentespri A	23
14. Vini Sentespri A	24
15. Bondye Moutre Lanmou Pou Tout Nasyon	26
16. Yo Voye Premye Misyonè Yo	27
17. Kado Nou Yo Fè Bondye Kontan	29

PATI 5: EKRITI SEN AN

18. Bondye Pale Avè Mwen Atravè Bib	30
19. Ki Jan Bib La Rive Nou	31
20. Jeremi Ekri Pawòl Bondye A	33
21. Pawòl Bondye A Montre Wout La	35

PATI 6: VIN YON KRETYEN

22. Pale Verite A Nan Lanmou	37
23. Fè Menm Jan Ak Jezi	38
24. Pataje Bòn Nouvèl Sali A	40

25.	Fè Byen Ak Tout Moun	42
26.	Rete Fidèl Epi Grandi	43
PATI 7: KONPÒTMAN ANTAN KRETYEN		
27.	Renmen Bondye Ak Renmen Lòt Moun	45
28.	Fè Bondye Plezi Nan Tout Bagay	47
29.	Adan Ak Èv Marye	49
30.	Onore Bondye - Pa Vòlò Li	50
31.	Mwen Te Fèt Bèl	52
PATI 8: GEN YON KÈ REKONESAN		
32.	Toujou Fè Rekonesan	54
33.	Di Mèsi Ak Kè Kontan	55
34.	Bay Ak Kè Kontan, Pou W Di Mèsi	57
35.	Viv Yon Vi De Rekonesan	58
PATI 9: BONDYE AK PÈP LI		
36.	Bondye Disipline Ak Renmen	59
37.	Bondye Se An Chaj	61
38.	Bondye A Parèt Nan Kè A	62
39.	Bondye Rele Moun Pou Obeyi Plan Li.	64
40.	Obeyisans Mennen Sèvis	66
		68
PAJ AKTIVITE		

Ide Pou Ansenye Timoun

Genyen de kalite nesesè pou yon moun vin pwofesè lekòl dimanch pou timoun: Ou dwe renmen Bondye epi renmen timoun. Sa ki pi empòtan ou bezwen fè se ede timoun nan klas ou fè eksperyans ak lanmou Bondye a. Ou ka fè sa pa mwayen fason w'ap viv relasyon pèsonèl ou ak Jezi devan yo e ansenye yo pou yo genyen pwòp relasyon pa yo avèk Bondye. Nou dwe moutre yo tou kouman pou yo trete lòt moun ak lanmou kretyèn nan.

Ou ta ka vle planifye yon pwojè pou ane a pou yo fè pwòp "liv pa yo ki gen vèsè yo aprann ". Chak senmenn gen paj A5 oubyen A6 pou ou oubyen pou timoun yo pou ekri vèsè yo memorize pou senmenn nan nan lang yo pi konprann li a. Fè youn oubyen de twou nan chak pwent yo epi mare tout paj yo ansanm ak yon fil oubyen yon ti koton pou fè yon liv.

KÒMAN POU W PREPARE YON LESON LEKÒL DIMANCH

Kòmansman Ane A:

Nan kòmansman ane ansèyman sa a, pran anviwon dezèdtan pou w mete tout bagay ke ou pral itilize nòmalman nan lekòl dimanch lan nan yon pake oubyen yon bwat. Sa ap diminye nan tan ke w'ap chache isit oubyen lòt bò kèk bagay w'ap bezwen chak senmenn, konsa w'ap konnen ki kote w'ap jwenn yo.

Anrejistre yon kote tout detay konsènan adrès, dat nesans, ak kontak tout elèv nan klas ou a. Li briyèvman tout liv lesон an pou w ka gen yon ide de chak pwen empòtan ki genyen pou chak mwa. Sa ap ba ou yon ide global epi yon sans de direksyon. Sa ap penmèt ou konnen konbyen lesón ki genyen nan chak sijè epi ou pa depase sa ke w dwe wè nan ansèyman.

Dezèdtan Chak Semèn.

30 minit Li lesón an epi fè entwodiksyon an. Nan dimanch aprèmidi, yon senmenn an plen anvan w ansenye lesón an, pase ti tan pou w fè konesan avèk li. Priye Bondye pou Li ba ou sajès ak entelijans pou w jwenn pi bon fason pou w prezante materyèl yo ak klas ou a.

10 minit. Ekri panse w ak ide w yo pandan tout senmenn nan. Kenbe yon ti kaye lekòl dimanch oubyen paj avèk ou. Nan moman yon ide vini, ekri l nan paj a pou w ka sonje li pita.

20 minit Li pasaj biblik la 3 a 4 fwa pandan senmen an. Kite pawòl Bondye a chanje w pandan w'ap panse epi li ladan li. Lekti sa pral penmèt verite sa a ou vle ansenye klas ou a fè enpak sou lavi w an premye.

50 minit Mete lesón w yo ansanm. Ranmase tout sa w'ap bezwen nan pake a. Li nòt ou yo epi òganize lesón an nan yon fòma ki fasil pou ou nan lide pou ou kapab swiv epi konprann li pi byen.

10 minit Dènye minit pou w tcheke. Sa se dènye bagay ou fè anvan ou ale nan klas la nan dimanch maten. Asire w ke ou gen bib ou, lesón w ak nenpòt lòt materyèl w'ap bezwen.

Revize gran pwen yo oubyen nòt yo nan gid lidè a yon dènye fwa. Pou fini, pran yon minit oubyen de minit pou w renmèt lesón sa bay Senyè a epi mande Li pou Li itilize w. Ou te pètèt fè priyè sa anpil fwa déjà nan moman devosyon w yo, men rekonèt ke w depann de Li yon lòt fwa ankò.

KÒMAN POU PREZANTE YON LESON LEKÒL DIMANCH

Timoun yo dwe aktivman enplike nan aprantisaj la pandan y'ap pataje eksperyans yo ak sa yo santi, dekouvre verite, chwazi yon bagay yo ka fè chak senmèn pou reponn ak enfòmasyon yo te aprann nan lesoun an.

Tan lesoun w lan dwe byen planifye e byen òganize pou w ka met an pratik tout preparasyon ak tout ide w yo. Nou ta sijere kèk bagay epòtan konsènan tan klas lekòl dimanch la. Tan ki bay la baze sou yon dire de inèdtan de klas. Chif ki nan parantèz yo se pou yon klas k'ap dire 45 minit.

Rive dis minit pou pitit anvan kou a pou w ka prepare kote w pral ansenye a epi dispoze tout materyèl w'ap bezwen.

- Itilize premye **10(5) minit** pou salye elèv yo pandan yo ap rive. Kòmanse lesoun an ak yon priyè (ou ka kite timoun yo priye nan moman sa a). Ba yo chans pou yo pataje yon bon nouvèl oubyen yon evènman ki te rive pandan senmenn pase a. Pran prezans yo ak ofran yo. Fè swivi sou devwa senmèn pase a epi fè revizyon sou li.
- Pwochen **10(5)** la dwe itilize pou entwodwi lesoun an epi santré lespri yo sou pwen prensipal lesoun jodi a.
- Lesoun an dwe pataje ak elèv nan **15 minit** anviwon. Sonje pou w pa preche oubyen li ba yo. Prezante lesoun an tankou yon istwa w'ap rakonte nan pwòp mo pa w.
- Pwochen **20(15) minit** yo dwe itilize pou travay sou aktivite yo epi pale sou diskisyon ki nan fen lesoun an. Ede timoun yo wè kouman verite yo aprann nan lesoun an aplikab nan lavi y'ap mennen chak jou.
- Pandan **5 dènyè minit** yo, tèmine ak yon priyè epi fè timoun ede nan netwaye klas la anvan yo ale nan legliz la. Sa se yon bon tan ou pase nan entèaksyon youn ak lòt avèk timoun yo.

Revize reyisit lesoun an imedyatman ou kapab. Pase kèk minit ekri yon ti nòt pou ou de sa ki te mache ak sa ki pat mache kòm referans pou lesoun k'ap vini an.

AKTIVITE IDE POU ANSEYE TIMOUN

Kenbe nan tèt nou ke timoun ki gen laj diferan gen diferan abilité. Se pou nou entèlijan pou nou adapte aktivite, diskisyon, keksyon, epi istwa biblik yo yon fason pou timoun yo ka konprann sa w'ap eseye moutre yo a. Itilize kapasite timoun yo pa egzanp si yo kapab li, kite yo li kèk vèsè nan istwa ki nan bib la, kite yo ede w aranje aktivite yo epi netwaye klas la.

Vèsè Memwa Travay La

Fè timoun yo aprann vèsè a nan yon tradiksyon modèn nan pwòp lang pa yo. Pou timoun ki pi piti yo, w'ap bezwen travay sou yon pati kout nan vèsè y'ap aprann nan.

Ranje mo ki gaye yo: Ekri vèsè a nan yon moso paj (paj konstriksyon, an lèt detache, elatriye.) Itilize yon makè fonse pou w trase toutotou mo yo fè desen yon moun. Koupe fòm nan soti nan paj la epi fè timoun yo pote kole fòm yo ansanm pou konstwi vèsè a.

Efase yon Mo: Si w genyen yon tablo nwa oubyen blan disponib, ekri mo vèsè yo sou li. Fè timoun yo li vèsè a. Apresa, penmèt yon timoun pou li efase yon mo. Klas la dwe li li pandan l'ap

sonje mo ki efase a. Penmèt yon lòt timoun efase lòt mo ki vin apre a. Kontinye fè sa jiskaske vèsè a efase nèt.

Reprezante yon mo: Bay chak timoun yon mo oubyen yon fraz kout nan vèsè y'ap aprann lan. Apre ou fin resite vèsè a plizyè fwa ansanm, fè timoun yo fè liy yon manyè pou mo yo reprezante a tonbe egzakteman nan li ye nan vèsè a. Yo dwe di mo oubyen fraz yo a youn apre lòt, jiskaske yo konplete vèsè a nèt.

Ide Pwojè Yo

Modèl Ajil: Timoun renmen lè yo kreyatif avèk men yo. Men yon resèt senp pou fè model ajil lakay. Mete li nan resipyen ki byen fèmen epi l'ap fè anpil tan. Si ou gen aksè ak koulè manje oubyen penti, ou ta ka vle fè plizyè koulè diferan ajil pou fè pwojè penti pou timoun yo pi enteresan pou yo.

10 g (2 tikiyè) Krèm tat
250 g (1 tas) Farin
2.5 g(1/2 ti kiyè) Sèl
15 g (1 gwo kiyè)lwil manje
250 ml (1 tas) Dlo

Bwase tout bagay yo ansanm nan yon chodyè jiskaske li vin tounen yon pat. Kwit li yon tikras anba yon tanperati ki ba jiskaske pat la dekole nan rebò chodyè a. Retire pat la nan chodyè a epi maspinen l pandan 3 minit.
Ajoute koulè manje.

Dram: Itilize talan ak kè kontan natirlè timoun yo pou fè nenpòt sketch ak istwa nan bib la. Fè yo chanje plas pou yo chak ka fè yon kout jwe wòl aktè prensipal la.

Wòl Jwè: Itilize ankò dram, Kite timoun yo fè sa yo t'ap fè lè yo trouve yo anfas kèk kesyon oubyen sitiyasyon. Mande yo sa yo t'ap fè si.....? Asire w ke w bay oryantasyon nan diskisyon pwoblèm nan.

Poupèt: Si sa apwopriye nan kilti w, ou ka asire w ke ou fè yon poupèt ak men nan yon vye chosèt oubyen kèk lòt retay twal. Fè l sanble yon bagay ki pa gen sans, (pa tankou yon bêt oubyen yon moun reyèl). Ba li yon je ki fèt ak bouton, koton oubyen ki fabrike, nen ak bouch. Itilize poupèt la nan moman w'ap rakonte istwa oubyen lè w'ap fè aplikasyon istwa a. Asire w ke ou eksplike timoun yo ke se pa yon maji. Ba yo itilize l yo menm kèk fwa konsa yo kapab konprann.

Bondye Revele Tèt Li

Leson 1

PATI 1: BONDYE N'AP SÈVI A

VERITE BIBLIK

Bondye revele tèt li kòm Papa, Pitit la (Jezikri) epi Lespri Sen an.

OJEKTIF LESON AN

Ede timoun yo:

- Reyalize ke Bondye se youn.
- Konprann ke Bondye revele tèt li a nou menm kòm Papa, Jezi-Kri ak Lespri sen an.
- Reyalize ke nou dwe sèvi Bondye Kòm yon sèl.

VÈSÈ POU APRANN

Tande o Izrayèl Senyè Bondye nou an, Senyè nou an se yon sèl. (Detewonòm 6:4)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen, Atik lafwa ak trinite Bondye a.
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Anvan klas la rasanble objè ke yo pral itilize pou ilistrasyon an pa egzamp yon bagay ki gen twa pye ki kanpe, twa janmb, yon triyang, yon ze etc. Nan klas la, kite timoun yo pale de bagay yo te kolekte yo. Pwofesè a dwe bay enpòtans ak tou lè twa pati ki fè bagay la. Fini diskisyon an pandan y'ap wè trinite Bondye a.

ISTWA BIBLIK

Bondye Revele Tèt Li

Matye 3:16-17; Jan 10:30; Tavay Apòt 5:3,4d

Bondye se èt ki pat kreye. Tout lavi te soti nan li menm paske se li ki te kreye tout bagay. Moun konnen Bondye sèlman pa fason li revele tèt li ba yo. Kòm kretyen nou kwè ke Bondye revele tèt li kòm papa, Kòm pitit la e kòm lespri sen an – yon sèl Bondye men twa moun. Batèm Jezi se youn nan evènman kote ke nou wè twa moun sa yo.

Jezi, pitit Bondye a te vini sou latè pou montre nou kòman pou n viv pou Bondye. Li te soti nan Bondye Papa ki nan syèl la e li se youn avèk Bondye papa (Jan 10:30). Yon jou Jezi te ale kay kouzen li Jan ki te konn Batize moun nan rivyè joudan an. Li te bezwen batize anvan li te fè travay Bondye te voye li fè a. Jan te etone ke Jezi te vle vini jwenn li pou batize l. Men Jezi te di li sa te nesesè. Batèm Jezi a te montre ke li te dakò ak mesaj verite ke Jan t'ap preche a. Konsa Jan te dakò e li te batize li.

Sepandan, kèk bagay trè espesyal te rive imedyatman lè li te soti nan dlo a. Lè Sentespri ki se twazyèm pèsòn nan trinite Bondye a te desann sou li. Jan te wè sentespri a ki t'ap vini sou fòm yon pijon desann sou Jezi. Li te wen li pou travay li te kòmanse. Lespri sen an se youn tou ansanm avèk Bondye papa (Travay Apot 5:3; 4d). E li se youn ki ap kontinye tout travay Jezi te konn fè isi sou tè a. Nan menm tan sa yon vwa soti nan syèl la, sa se pitit mwen ke mwen renmen an, ou fè kè m kontan anpil. Sa se Bondye papa ki t'ap pale li se premye pèsòn nan trinite Bondye a. Nan fason sa yon vrè Dye revele tèt li an twa pèsòn nan batèm Jezi. Kèk fwa toulètwa rele menm jan (Matye 28:19; 2 Korentyen 13:14). Sa se Bondye n'ap sèvi a. Nou paka adore youn e pou n pa adore lòt yo. Li ta

sanble se tankou yon triyang ki kraze lòske yon pati retire kòl ladan l. oubyen separasyon de twa pati nan yon ze, po ze a, blan ze a, e jòn ze a. Kiyès ki renmen manje blan ze a sèlman oubyen po a, ki pi mal?

Sa se Bondye ki renmen nou anpil la. Malgre twa pèsòn sa yo toujou ap travay ansanm. Pafwa li ede n pou n panse ak Bondye Papa kreyatè nou an. Bondye pitit la kòm sovè nou an e Dye Lespri sen an ki se rekondò nou an, li se sèl vrè Dye a.

KONEKSYON AK LAVI A

Poze kesyon sa yo e pèmèt timoun yo reponn:

- Konbyen dye ki genyen ke nou dwe sèvi?
- Ki twa pèsòn sa yo atravè li menm Bondye revele tèt li pou nou?

Eksplike e ede timoun yo pou yo memorize twa premye atik fwa yo. Fè yo sèvi avèk foto a sou fèy paj aktivite a.

1. *Trinitè Bondye a (Trinitè vle di twa.) - Nou kwè ke gen yon sèl Bondye. Bondye te toujou egziste e l'ap toujou egziste. Se Li ki kreye tout bagay. Bondye revele sou fòm twa Moun: Bondye se Papa a, Bondye se Pitit la (Jezikri) e Bondye se Sentespri a. Se sa yo rele Trinite a.*
2. *Jezikri - Nou kwè nan Jezikri, pitit Bondye a. Li te fèt tankou tout moun. Manman l te rele Mari, li te vyèj lè Jezi te fèt. Jezikri konplètman moun e alafwa konplètman Bondye. Jezi te mouri pou peche nou yo. Jezikri te leve nan lanmò. Li te retounen nan syèl la kote kounya l'ap ede nou viv tankou kretyen.*
3. *Sentespri a – Nou kwè nan Sentespri a, ki toupatou nan mond lan. Li aji espesyalman andedan e atravè Kretyen yo ak Legliz la. Sentespri a montre moun yo ke yo se pechè e gide yo pou yo ka vin Kretyen. Sentespri a ede Kretyen yo viv yon fason pou fè Bondye plèzi.*

Fini avèk yon priyè pou nou di Bondye mèsi paske li revele tèt li a nou menm. Tout fwa sa posib fè priyè a pi senp pou timoun yo tou kapab aprann pale ak Bondye.

Bondye Pale Avè M Tout Kote

Leson 2

PATI 1: BONDYE N'AP SÈVI A

VERITE BIBLIK

Bondye revele tèt li a travè tout kreyasyon.

BI LESON AN

Pou ede timoun yo:

- Reyalize ke nou toujou konsyan de non Bondye e glwa li ki briye nan tout sa li ki bon e ki bél.
- Konprann ke kreyasyon an se paròl Bondye adrese a nou san l pa pale.

VÈSÈ POU NOU APRANN

O Seyè ou sonde m e ou konnen mwen (Sòm 139:1).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen, Atik lafwa ak trinite Bondye a.
- Kopye Paj Aktivite yo pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Kòman nou fè konnen ke Bondye tout kote e li pale avèk nou tout tan? Pèmèt timoun yo diskite sou kesyon sa.

ISTWA BIBLIK **Bondye Pale Avè M Tout Kote** (Sòm 139:1 ; 14)

Nou aprann ke li pale avèk nou atravè pawòl li, men li pale avèk nou tou atravè monn lan. Tout alantou nou se kreyati Bondye. Ki kèk nan bagay sa yo Bondye te kreye? Papiyon yo, Lyon yo, Elefan yo, Syèl ble a, Solèy la, Lalin nan, Zetwal yo, Flè yo, Dlo k'ap kouri yo, La pli, Timoun ki fèk fèt, Bèt yo, Tout kote n'ap gade yo nou kapab wè bonte Bondye atravè kreyasyon an. La Bib se pawòl Bondye e li te ekri pawòl la pou nou. Bondye pap janm ale andeyò sal te ekri nan pawòl li. Kreyasyon Bondye a se pawòl li a nou menm san l pa pale. Menm jan n'ap gade bèl bagay ki antoure nou yo, sa fè nou sonje non li. Bondye te mete anpil bèl bagay nou renmen nan monn lan pou nou itilize e amize n,e pou ede nou panse avèk li. Kòman bagay ki nan kreyasyon an fè nou sonje non Bondye oubyen anseye nou de li menm? An nou di Bondye mèsi pou tout bagay agreyab sa yo. Gen yon seri chan espesyal yo rele doxology ki se yon fòm de louwanj pou Bondye. Li valab tou nan plizyè lòt lang. Wè si w ka jwenn li nan pa w la e kite nou chante li ansanm.

Louwe Bondye pou tout kouran benediksyon yo.

Louwe li tout kreyati anba isit la.

Louwe li anwo, ou menm ki pi wo nan syèl la.

Louwe Papa pitit la.

KONEKSYON AK LAVI A

Diskite: kisa w panse ki bagay ki pi mèveye ke Bondye te kreye?

Kite timoun yo soti deyò e bay chak kolekte de flè differan ak fèy oubyen nenpòt ti bagay ki se yon egzanp de kreyati Bondye. Kole youn nan chak objè nou te kolekte yo sou yon gwo fèy paj epi ekri mo sa yo sou yo, “Mèsi, Jezi, paske w ouvè je nou !”

Ede timoun yo kole yo oubyen desine dezyèm objè yo te kolekte yo nan espas yo te founi nan aktivite paj yo a.

Priye pou prezèvasyon mond nou an, konsa moun yo ap pran swen kreyasyon Bondye a e yo pap detwi anviwonman an.

Bondye Gran E Li Pisan

Lesson 3

PATI 1: *BONDYE N'AP SÈVIA.*

VERITE BIBLIK

Bondye toujou kontan pwouve pisans li a moun ki pa kwè yo epi lè pitit li yo kwè nan li.

BI LESON AN

Pou ede timoun yo.

- Reyalize grandè e pouvwa Bondye
- Kwè nan pouvwa Bondye e grandè l pou tèt pa yo ak pou lòt yo.

VÈSÈ POU APRANN

“Kounye a mwen konnen ke pa gen Bondye nan tout monn la eksepte an Izraèl “ (2 Wa 5:15b)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen, atik la fwa 1: Trinite Bondye a.
- Kopye Paj Aktivite a pou chak élèv

AKTIVITE POU KÒMANSE

Eske ou konnen Kèk gran òm oubyen Fanm? Eske w kapab di youn epi di poukisa ou panse li se yon gran òm oubyen yon gran fanm?

ISTWA BIBLIK « Bondye Gran E Li Pisan » (2 Wa 5:1-15)

Istwa nou jodi a se konsènan yon gran òm nan lame Siryèn nan. Non li se te Naaman, e li te yon nonm ki te enpòtan anpil. Moun ki te konnen l yo te di ke li te Fò, gran, brav e toujou pote viktwa. Menm si non sa vle di « Cham » oubyen « amizan ». Kisa mo sa yo vle di? Ki kalite moun ou panse Naaman te ye? Malgre gran Naaman te gran, li te gen yon gwo pwoblèm. Li te gen yon gwo maladi sou po li ki te rele Lèp. Pat gen anyen pyès doktè te ka fè pou li te geri. Nan Istwa nou, Bondye moutre Pouvwa li atravè yon moun òdinè tankou ou menm avè m. Te gen yon jèn fi Ebre ki te sèvant madanm Naaman e li te konnen ke Bondye li a te ka ede Naaman. Li te fyè anpil de lafwa li e nan fason Bondye travay atravè pwofèt li Elize. Jèn fi sèvant lan te di ak mètrès li ke Bondye kapab geri Naaman atravè Elize. Konsa Naaman te ale wè Elize, li rive ak cheval epi charyo. Elize se te yon tip nonm ki te òdinè, men li pat empresyon pa elegans fyète pati Naaman an. Li voye mesajè li yo ale rankontre vizitè yo ak tout enstriksyon li po konnen kisa Naaman dwe fè pou li kapab geri. Elize pat pè lèp la oubyen Naaman men li vle moutre Naaman ke Bondye an chaj mirak la e Li ap fè li jan li vle. Konbyen fwa nou panse ke nou konnen sa ki pi bon pou nou? Naaman te konsa tou. Kidonk li te vin fache lè yo te di li ale epi lave kò li sèt fwa nan rivyè joudan an. « Poukisa mwen dwe lave kòm nan dlo sal rivyè joudan an poutan nou gen bon rivyè pwòp lakay nou? Li te di: Mwen pral lakay mwen. Sèvitè Naaman yo mande li pou li fè sa yo te di li fè a. Yo raple li ke si yo te di li fè yon gwo bagay li t'ap fè li san poze kesyon. Konsa, Naaman koube e li lave li sèt fwa nan rivyè joudan an. Li te geri pa pouvwa Bondye a. Li te rekonèt tou ke Bondye Izrayèl la se te sèl Bondye.

KONEKSYON AK LAVIA.

Mande timoun pou yo pale de yo lè yo te malad. Mande: Kisa ou te fè? Eske w te kwè doktè a oubyen paran w ki t'ap ba ou medikaman an pa renmen w? Pale de tan ke yo te vin kwè nan Bondye. Pote yon mouchwa oubyen yon moso twal ki ka itilize pou bouche je. Mande yon moun pou pase devan volontèman. Mare je li ak twal la. Mande li pou li kwè nan ou pandan ou ap gide l poul fè wonn chanm lan. Kounye ya mare je yon lòt timoun e kite youn nan lòt timoun yo gide li fè wonn lan. Fè sa plizyè fwa. Fè gid yo sonje pou yo trè pridan kòm gid k'ap gide moun ki pa wè. Objektif egzèsis sa se pou wè byen kòman nou kwè nan gid nou yo. Kite timoun yo pale de kòman l te santi li lè yo t'ap kondwi li a, e tou kòman l te santi li lè li responsab pou li kondwi yon lòt moun. Kwè nan Bondye se kòm si se ale toupatou tankou yon avèg e ki depann de li menm sèl pou gide la vi ou.

Liv aktivite pou elèv yo pèmèt timoun yo mete koulè sou foto famm esklav Ebre a e mètres li avèk enskripsyon ke « Bondye montre pouvwa li atravè moun òdinè »

Bondye Ap Veye Sou Nou

Leson 4

PATI 1: BONDYE N'AP SÈVI A

VERITE BIBLIK

Bondye ap veye sou nou epi l'ap pwoteje nou. Men, nou dwe kwè nan Li pou tankou Geyazi n'ap etone pou nou wè kont tout bagay ke Bondye ap pwoteje nou.

BI LESON AN

Pou ede timoun yo:

- Konprann ke Bondye toujou ap veye sou nou.
- Konprann ke moun ki mete konfyans yo nan Li ap reyalize ke prezans li avèk yo.

VÈSÈ POU APRANN

Apres sa Elize te priye, « O Senyè, ouvri je li pou li kapab wè. » (2 Wa 6:17a).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen, Atik lafwa: Trinite Bondye a.
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv.

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Kite timoun yo chante chante ki pale de pouvwa epi prezans Bondye. Pa egzanp: « Gade gwòsè yon Bondye n'ap sèvi »

Menm si nou chante konsènan pouvwa Bondye epi nou mete konfyans nou nan Li, konbyen fwa nou kwè yon bagay ke nou pa ka wè? Moun nan monn lan di “ lè m wè mwen kwè ”. Yo vle di lè yo di sa ke yo ap kwè yon bagay sèlman lè li rive. Men, Kòm kretyen nou dwe toujou kwè nan Bondye. Moun ki gen lafwa konnen sa « kwè se Wè » atravè yon je lafwa oubyen konfyans.

ISTWA BIBLIK
« Bondye Ap Veye Sou Nou »
2 Wa 6:15-23

Elize se te yon pwofèt Bondye e li te aji ak yon je lafwa pou Wa Izrayèl la. Chak fwa ènmi an te fè yon plan an sekrè pou yo ale batay ak Izrayelit yo, Elize te konn plan batay la egzakteman jan l ye a epi li di Wa Izrayèl la sa. Wa ènmi an te tandé ke se te Elize ki te toujou di plan li yo, konsa li voye Mesye li yo pou kidnape Elize. Asireman, Elize konnen yo ap vini. Yon maten, sèvitè Elize a te wè lame Arameyen an antoure vil la, e li te pè anpil. Li te mande Elize: Kisa n'ap fè? Elize rekonfòte sèvitè li epi di li ke li pa bezwen pè. Li te di l: Sila yo ki avèk nou an pifò pase sa ki avèk yo a». Men sèvitè a pat wè pyès lame bò kote Elize. Kiyès ou panse kite avèk yo? Wi, Se lame envizib Letènèl la. Apresa Elize priye pou ke lame ki vin atake a avèg pou yon tan. Menm lè yo te gen je pou yo wè men Bondye te fè l parèt tankou avègleman kouvrí je yo. Lame a dirije l deyò pou ale nan vil Samari, kote yo te kenbe yo. Elize te montre lanmou ak jantiyès. Li ba yo manje epi li fè yo retounen lakay yo. Yo pat janm pile tèritwa pèp Izrayèl la ankò. -Nou wè nan istwa sa ke Elize te fè Bondye Konfyans. Wi, nou gen pouvwa tou sou ènmi nou yo. Nou genyen lame envizib Bondye a ki ap ede nou tou. Lanmou ak jantiyès se pi bon fason pou nou kapab konbat ènmi nou yo tou. Tout moun sa yo dwe konnen ke se pou sa n'ap travay. Menm si moun ta antoure nou avèk enjistis e ak sa ki mal, nou dwe toujou montre yo lanmou ak jantiyès. Bondye veye sou moun ki mete konfyans yo nan Li.

KONEKSYON AK LAVI A.

Nou ka fè Bondye konfyans menm si nou pa wè kouman bagay yo prale. Li toujou avèk nou. Nan Istwa biblik Jodi a, yon moun dekouvri kèk bagay konsènan mete konfyans nan Bondye. Gade pou wè si ou kapab di mwen kiyès li te ye epi kisa yo te aprann. Ba yo yon defi de konfyans- mande yo pou yo chache fason ke yo kapab wè Bondye kap pran swen yo. Li kapab pran swen yo avèk mirak pwoteksyon, menm jan li te fè sa avèk lame envizib la oubyen tou li kapab nan yon fason ki pi senp, tankou ede paran yo gen yon djòb konsa yo ka gen manje. Fè timoun yo wè koulè foto a sou paj aktivite yo lè lame Seyè a te kont sa yo ki an moun Arameyen yo.

Bondye Pasyan Epi Li Padone

Leson 5

PATI 1: BONDYE N'AP SÈVI A

VERITE BIBLIK

Bondye ap tann ak pasyans pou tout ptit li tounen vini jwenn li pou li ka padone yo. Li vle pou li vin bon zanmi ak yo.

BI LESON AN

Pou ede timoun yo:

- Reyalize ke Bondye pasyan, renmen padone epi jis ak tout moun.

VÈSÈ POU APRANN

Paske ptit gason mwen an te mouri men kounye a li vivan ankò, Li te pèdi men nou jwenn li. (Lik 15:24).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Twa nan yon Bondye.
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

* Li enpòtan pou timoun yo konprann ke objè yo itilize se pou ilistrasyon ak relasyon ki nan trinite Bondye a men sa pap ka eksplike li nèt.

KÒMANSMAN AKTIVITE A:

Kisa k t'ap pase si paran nou pat pasyan avèk nou lè nou te pipiti? Pa egzanp kèk fwa nou konn vle gaspiye manje lè n'ap eseye nouri tèt pa nou. Epi yo vle moutre nou kòman pou nou fè sa pi byen. Yo fè sa jiskaske nou kapab nouri tèt pa nou san nou pa bezwen èd yo. Panse ak lòt bagay yo. Konbyen fwa yo konn padone nou? Poutan, pasyans yo e padon yo p'ap janm depase pa Bondye a. Tande istwa nou jodi a.

ISTWA BIBIIK Bondye Pasyan Epi Li Padone Lik 15:11-32

Jezi te di nou istwa ti gason ki te pèdi a pou anseye nou pasyans ak padon li. Se te yon mesye avek 2 pítit gason. Sa ki te pi piti a vle kite kay li e al jwi lavi 1, li mande papa 1 pou eritaj pa li. Papa a te ba li lajan e ti gason an te pati e li te ale nan yon gwo vil. Kounye a li fin depanse tout lajan li yo nan reyon sovaj la. Lè li fin depanse tout, te gen yon gwo grangou, e li te kòmanse nan bezwen. Li vin jwenn yon travay gade kochon. Li te vrèman grangou, li te vle manje nan manje li t'ap bay kochon yo.

Yon jou pandan li te chita nan jouk kochon yo, li t'ap panse ak lakay papa 1. li te sonje kòman 1 te mèveyè lakay li, kòman sèvant yo t'ap byen nouri, e tout bagay te byen. Li te deside tounen lakay li e di papa li pou li padone li poutèt li te yon pítit ki te engrá. Pandan li t'ap kouri nan wout la li t'ap fè anpil vye bagay, ti gason an te konnen papa li ‘tap nye li pou zak li te fè a. Li t'ap panse ak sa li ta pral di papa 1, si li ka vin sèvitè li. Li te kòmanse fè wout lakay li. Pandan li te toujou ap siveye nan wout la, papa li te wè 1. li t'ap gade nan wout la anpil fwa chak jou depi pítit li a te pati a. esperans ak lapriyè te fè li tounen lakay li ankò. Lè li te wè pítit li a, li t'ap kouri al rankontre 1 e li te anbrase li e bo li. Jenn gason an te eskize papa e mande li pou li padone li paske li te yon move pítit. E li mande papa li si li paka travay pou li tankou yon sevitè. Men papa a te vrèman kontan wè pítit li a ankò, li bay sèvitè li yo lòd pou yo fè yon gwo fèt. Tout kay la t'ap selebre sa. Pítit li a restore - byenke li te pèdi, byenke kilti a te panse li te mouri. Kounye a li vivan ankò. Lanmou sa a, padon papa a restore pítit li a nan plas li te genyen avan li te ale a.

Bondye pasyan e Li padone pítit li yo tou. Sa fè Li tris lè nou dezobeyi li. Li tris pou tout milyon moun k'ap viv nan peche e ki pa janm tande pale de Jezi. Li pa vle pyès moun separe avèk Li. Men pou tout moun tounen lakay avèk li epi eksperimante lanmou ak padon Li.

KONEKSYON AK LAVI

Separe klas la, fè plizye ekip e mete yo an liy. Plase yon egwi e yon fil nan yon distans kout devan chak ekip. Lè w bay sinal, premye moun nan liy nan ap kouri pou jwenn kote egwi a ak fil la ye pou yo file li. Lè egwi a file, yo dwe balanse egwi a nan fil la pou montre ke yo fini. Yo kapab defile li ankò. Mete li atè e kouri tounen nan liy nan, premye ekip ki gen tout moun yo ki fin file egwi a ap tounen se li ki genyen. Chak moun dwe tann avèk pasyans jwè yo. Kounye a diskite sou jwèt la avèk atansyon.

- Kòman yo gen pou tann chak moun epi,
- Kòman yo gen pou padone tèt yo e lòt moun ki pa ka pèfòme jan yo te espere 1 la.

- Kòman yo santi eksperyans la te ye pou yo - yo vin gen pasyans e padone lòt yo pandan lòt yo pran pasyans e padone yo tou.

Peze sou sa avèk yo ke pasyans ak padon se karakteristik enpòtan pou Bondye. Se pou rezon sa a, menm si li vle ke tout moun tounen vin jwenn li, li pap fòse yo men pito l'ap tann yo avèk anpil pasyans. Eske w'ap kite Bondye ret tann ou oubyen w'ap tounen vini jwenn li pou jwi padon li pou tout rès lavi ou?

Fè timoun yo desine imaj ki nan fèy aktivite a ki pale de padon Papa a.

Jezi Moutre Lanmou Li

LESON 6

PATI 2: JEZIKRI, PITIT BONDYE A

VERITE BIBLIK

Jezikri se pitit Bondye ki te vini an Dye e Lòm. Li te vini pou te moutre nou lanmou. Li te mouri sou lakwa pou peche nou, leve soti vivan nan lanmò epi moute nan syèl kote Li ye kounye a l'ap plede pou nou.

BI LESON AN

Ede timoun yo apresye ke:

- Jezi se te Bondye.
- Li te tounen yon nonm epi te fèt de yon fanm vyèj ki te rele Mari.
- Li te vini pou moutre nou lanmou.
- Viv pou Bondye atravè jan li t'ap viv epi ansèyman li yo.
- Li te vini sove nou anba peche nou yo konsa pou nou ka viv menm jan li t'ap viv la.

VÈSÈ POU APRANN

Bondye te fè Jezi sa a, sila a nou te sakrifye a, vini Senyè a epi Kris la tou. (Travay Apot 2:36).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen, Atik lafwa II: Jezikri
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv.
- Fiyanse pou marye te konsidere kòm maryaj tout bon vre. Se pou rezon sa li te refere a Jozèf antanke mari li epi Jozèf te vle divòse avèk li.

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Avan klas la, kolekte objè pou yon ti bebe ki fèk fèt, pa egzant kouchèt, sèvyèt, lwil bebe, epeny titèt, kivèt benyen, rad, bèso eksetera. Nan klas la, kite timoun yo bay non bagay manman yo prepare lè y'ap tann yon bebe. Pale de preparasyon pou resevwa yon bebe. Rezime diskisyon an sou fason pou fason chak manman prepare pou yon nouvo bebe. Di klas la ke jodi a lesion an se de nesans de yon bebe ki te dwe vini sove mond lan.

ISTWA BIBLIK **"Jezi Moutre Lanmou Li"**

Lik 1:26-37; Matye 1:18-25; Travay Apot 2:22-36.

Lontan lontan nan peyi Izrayèl, te gen yon nonm ke yo te rele Jozèf ki te fiyanse ak yon jèn ki pat ko nan gason ke yo te rele Mari. Yon Zanj Seyè a te parèt sou Mari. Li di li konsa ke li pral ansent pa pouvwa Lespri Sen an e ou va bay nesans avèk yon ti gason. Ti gason sa dwe rele "pitim Bondye". Lòt non li va genyen se Jezi (Paske li pral sove pèp li a anba peche yo) epi Emanyèl (Bondye avèk nou). Kou lè a te rive, ti bebe Jezi te fète li t'ap grandi chak jou menm jan ak tout timoun. Li te grandi nan Nazarèt, yon vil nan galile kòm pitit Mari ak Jozèf. Li te toujou obeyi avèk manman li ak papa li, e li te dou epi janti a tout moun.

Avan Jezi te viv isit sou tè a, li te viv nan syèl avèk Bondye, papa li ki nan syèl la. Li te vini pou 1 te moutre nou konbyen li renmen nou. Li te vini tou pou 1 moutre nou kòman pou nou viv pou Bondye atravè ansèyman li epi pa mwayen fason li t'ap viv. Jezi te grandi epi li te devni yon nonm ki espesyal anpil. Li te fè anpil mirak. Jezi te padone sa yo ki te repanti de peche yo, fè malad yo geri, fè avèg yo wè, fè bwate yo mache e menm resisite sa yo ki te mouri. Li te kalme yon gwo tanpèt e li te mache sou dlo. Kwak li se moun espesyal e yon bon moun, kèk moun pat renmen li. Yo te fache paske li te ka fè bagay pyès lòt moun pat ka fè. Move moun sa yo te vle fè li mal e te menm vle touye li. E konsa yon jou yo te pran Jezi yo te klosure li sou yon kwa konsa li te mouri. Li te mouri e yo te antere li. Men sou twazyèm jou a li te leve vivan ankò granmesi pouvwa Bondye Papa li a. Jezi toujou vivan. Li nan syèl la kounye a e l'ap priye pou nou. Li renmen tout moun menm sa yo ki pa renmen li. Li te mouri pou padone peche nou yo se konsa nou kapab viv menm jan li t'ap viv la. Lè nou resevwa Jezi nan lavi nou, li vini zanmi nou, nan li nou kapab kwè pou li pran swen nou nan tout bezwen nou yo chak jou. E li vle pou nou ale epi viv avèk li nan syèl la lè nou mouri.

KONEKSYON LAVI A

Revize twa atik lafwa yo (mete plis enpòtans sou dezyèm nan) epi chan an oubyen kè louwanj yo te aprann semèn pase a. Fè kwa kòm yon kou e bay manb legliz yo aprè legliz dimanch pou moutre ke Jezi te mouri sou kwa pou nou tout. Ede timoun ekri « Mèsi Jezi » nòt pou eksprime apresyasyon ak dezi yo pou yo imite Li. Pa egzanp: Mèsi Jezi pou... mwen vle tankou ou nan.... Ankouraje timoun yo ekri nòt sa yo yon kote ke yo ka wè yo chak jou yon mannyè pou yo toujou sonje.

Fè timoun yo desine imaj ti bebe Jezi nan fèy aktivite y'ap fè a, sa Jezi t'ap ansenyé mirak Li t'ap fè, lè 1 te sou lakwa, lè 1 te resisite, epi lè 1 t'ap monte nan syèl la. Ankouraje yo pou yo itilize imaj y'ap desine yo epi pou yo pataje istwa Jezi avèk lòt moun.

Beni timoun yo avèk yon mo priyè anvan yo ale.

Rankontre Jezi

Lesson 7

PATI 2: JEZIKRI, PITIT BONDYE A

VERITE BIBLIK

Jezi ap fè yon diferans nan lavi w si w pèmèt li.

BI LESON AN

- Prezante timoun yo a Jezi kòm yon zanmi vivan.
- Reyalize ke lè yon moun genyen Jezi nan lavi li, sa fè yon gwo diferans.

VÈSÈ POU APRANN

Pitit Lòm nan vini pou chache e sove sa yo ki te pèdi (Lik 19:10).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv
- Manyèl Legliz Nazareyen, Atik lafwa II: Jezikri

Liv aktivite timoun yo ede timoun yo ekri bagay yo moutre yo nan lavi anvan Jezi e aprè Jezi.

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Pote kopi jounal semèn pase a nan lekòl di dimanch lan. Fè klas ou a li nan jounal la epi koupe tout istwa ki moutre lide sa moun yo fè. Apre sa fè yo koupe tout istwa ki moutre bèle bagay ke moun yo fè. Chache yon gwo moso paj epi fè yon postè. Wa divize postè an de nan mitan, nan yon bò w'ap mete « Anvan » e nan lòt bò a ekri « Apre » nan tèt paj la. Kounye a kole tout vye imaj istwa yo nan bò ki make anvan. Sa reprezante lavi ki san Jezi. Rankontre Jezi fè yon diferans nan lavi moun menm jan lesion nou an moutre l jodi a.

ISTWA BIBLIK “Rankontre Jezi”

Lik 19:1-10

Te gen yon nonm yo te Zache. Li te direktè ki t'ap ranmase taks epi li te yon nonm rich. Li ta sanble gen tout bagay ke yon moun te ka vle genyen. Men li te manke yon bagay nan lavi li. Li pat gen pyès zanmi, paske antanke moun k'ap ranmase taks li te vòlò sou moun yo oubyen to fè magouy pou moun yo peye plis pase sa yo dwe peye. Si ou bay manti epi vòlò oubyen fè sou lòt moun, ou pap janm gen zanmi nonplis, epi ou pap gen kè kontan menm. Menm jan Zache, vi ou ap manke yon bagay.

Kounye a Zache te tande Jezi t'ap vini nan vilaj li a epi li te anvi wè li avèk tout fòs. Li te yon nonm ki kout, konsa li te konnen li pa t'ap kapab wè nan mitan foul la paske pa gen pyès moun ki renmen li pou ta ba li yon ti kote sou arebò wout la pou li wè Jezi pandan li ap pase a. Li te konnen li te ka pa gen chans wè Jezi. Konsa li kouri devan epi li moute yon pye fig pou li ka wè Jezi. Pandan Jezi ap mache desann nan wout la, li brap li kanpe anba pye fig la. Lè li gade anlè epi li te wè Zache. Jezi te di pou li desann pyebwa paske Jezi pral vizite lakay li. Zache te kontan anpil paske Jezi te kanpe epi pale avèk li, konsa li desann rapid e ak jwa li te resevwa Jezi lakay li. Eske w konnen ke Jezi vle rete avèk nou tou? Li vle pou nou envite li nan kè nou konsa li va rete ak nou toutan. Lè nou fè sa, li va ban nou la pè. Ti nom sa ki te poukont li a ki te gen tout bagay nan lavi men esekte sa ki te pi enpòtan te vini yon nonm ki chanje paske li fè yon efò pou li rankontre Jezi. Prezans Jezi fè moun tou

nèf soti nan mitan nou. Zache te kòmanse touswit ede lòt moun. Li te renmèt kòb li te vòlè ou pran nan magouy sou tout moun epi li te bay mwatye nan tout byen li te genyen a pòv yo. Eske w'ap envite Jezi nan lavi ou jodi a? Li ka fè yon diferans nan lavi w tou.

KONEKSYON AK LAVI A.

Kounye a kole tout bon istwa yo nan lòt bò a. Diskite ak klas la, ki kalite mond li t'ap ye si moun sa yo ki te fè vye bagay sa yo ta asepte Jezi nan lavi yo.

Fè chak timoun fè yon lis (oubyen desen) de aktivite yo a pandan y'ap dekri ak kisa lavi a te sanble avan yo te rankontre Jezi e kòman l vin ye lè Jezi vin antre nan kè yo.

Fè klas la priye pou tout moun ki nan vil la osinon lokalite yo a pou mande Bondye pou li fè yon diferans nan lavi yo.

Jezi Bay Tan Pou Timoun

Leson 8

PATI 2: JEZIKRI, PITIT BONDYE A

VERITE BIBLIK

Bondye te mete tan apa pou timoun yo – paske yo enpòtan!

BI LESON AN

Ede timoun yo:

- Reyalize ke Jezi ap chache yo menm tou. –Reyalize ke paske Jezi renmen yo epi asepte yo yo enpòtan tou nan legliz la.

VÈSÈ POU APRANN

“Jezi rele timoun yo vin jwenn li epi li di, “Kite timoun yo vini jwenn mwen” ” (Lik18:16).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv
- Manyèl Legliz Nazareyen, atik lafwa II: Jezi-Kri

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Mande timoun yo kòman yo santi yo lè kòmsi yo kite yo dèyè oubyen voye yo jete byen lwen paske moun yo okipe ap fè bagay ki enpòtan anpil. Men si moun ki pi enpòtan sou tè a ta kreye tan pou yo, kòman yo t'ap santi yo? Pran nòt de repons yo sitou repons dezyèm kesyon an.

ISTWA BIBLIK

“Jezi Bay Tan Pou Timoun”
Lik 18:15-17

Jezi te ale nan yon vilaj, chache epi ansenye konsènan Bondye ak wayòm Bondye. Pandan trajè li, anpil moun te vini jwenn Jezi epi mande li pou li geri yo, eske ou pa janm wè sa kote anpil moun antoure yon moun enpòtan? Sitou si moun sa ka bay yon bagay. Li difisil anpil pou rive tou pre moun sa. Moun ap pouse, rale, epi sote pou yo apwoche pi pre moun ki enpòtan sa a. Te gen anpil bri nan foul la lè moun yo t'ap pale epi rele byen fò. Yon jou Jezi ak disip li yo te okipe anpil. Te gen anpil moun ak pwoblèm ki te bezwen Jezi. Nan mitan tout sa, kèk moun pote pitit yo bay Jezi pou Jezi touche yo. Timoun yo pat gen anyen kòm pwoblèm. Paran yo te jis vle Jezi beni yo. Disip yo te kanpe

ankwa devan paran yo epi di yo sispann nwi Mèt la. Yo te panse ke Jezi te twò okipe nan bagay yo panse ki pi enpòtan e Li pa t'ap gen tan pou li touche timoun yo. Jezi tande disip yo di manman yo rale kò nou la, nan menm moman an Jezi rele paran yo, “**Kite timoun piti yo vini jwenn mwen**”. Li di disip yo ke yo pa dwe anpeche timoun yo vini jwenn li. Timoun enpòtan anpil- pa sèlman pou paran yo men pou Jezi tou. Li te di yo ke wayòm Bondye a se pou moun ki konpòte l menm jan ak timoun. Li vle ke tout timoun rankontre li. Ou dwe kontan pou w konnen ke Jezi renmen w anpil e ke l'ap toujou gen tan pou li tande ou lè ou pale avèk li. Li toujou gen tan pou li touche ou. Di li jodia ke ou renmen Li. Di lòt yo ke yo dwe rankontre Li paske li renmen yo.

KONEKSYON AK LAVI A

Konnen ke Jezi renmen e asepte timoun, epi yo se yon pati enpòtan nan legliz la, kòman yo santi yo? Kite yo diskite. Ki bagay yo ta renmen fè ak moun pou moun kapab swiv Jezi? Fè timoun yo desine imaj Jezi ak timoun yo nan fèy aktivite yo a.

Jezi Priyè Anvan Li Pran Desizyon

Leson 9

PATI 3: LAVI PRIYÈ JEZI

VERITE BIBLIK

Jezi depann nèt ale sou Bondye pou li pran desizyon konsa li pase tout yon nwit nan lapriyè pou li chache volonte Bondye.

BI LESON AN

Ede timoun yo:- reyalize ke nou kapab konnen volonte Bondye si nou chache l. –Konprann bezwen pou n lapriyè anvan nou pran desizyon yo.

VÈSÈ POU NOU APRANN

“Papa nou ki nan syèl la, nou mande pou yo toujou respekte non ou. Vin etabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fè l nan syèl la” (Matye 11:9).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv
- Manyèl Legliz Nazareyen, Atik lafwa II: Jezikri

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Itilize yon gress alimèt osinon wòch osinon yon bagay ki menm jan, sere l nan youn nan men w yo dèyè w konsa timoun yo pap wè. Apresa pase men w devan ou fèmen, mande yo pou yo devine nan ki men ti bwa alimèt la osinon wòch la ye. Premye moun ki jwenn li a gen yon kado. Fè sa plizyè fwa pou ka bay plis timoun chans pou patisiye. Mande timoun yo kisa ki ede yo chwazi men ki gen objè a ladann lan. Mande yo si yo konprann kisa yon desizyon ye. Eksplike yo ke chwa yo te fè nan jwèt la se te desizyon yo li te ye. Kèk desizyon fasil epi yo pa twò enpòtan tankou chwazi men ki gen wòch la ladann lan. Men tou gen lòt ki pa fasil menm lè yo enpòtan anpil. Pa egzanp, li ta sanble ke tonton w vle ba ou yon kado. Epi li ta ba ou chwazi, men aprè li vle ou di li ki kado ou vle nan jou k'ap vini an. Si ou pa sèten kilès pou pran, ou kapab mande manman w osinon papa w pou ede w fè yon chwa.

Lè lè a rive pou w di tonton w chwa ou fè a, ou pral deside ki kado ke w ta renmen genyen. Istwa nou jodia pale konsènan Jezi priye anvan li te pran desizyon enpòtan.

ISTWA BIBLIK
‘Jezi Priye Anvan Li Pran Desizyon’
Lik 6:12-16

Jezi t'ap kòmanse ale nan vilaj yo, pale moun yo konsènan Wayòm Bondye ak lanmou li. Li t'ap ede nan anpil fason. Te gen anpil moun ki t'ap swiv li epi tandé ansèyman li. Men anvan Jezi vwayaje ale lòt kote, Li te bezwen chwazi kèk nan moun ki t'ap swiv li yo kòm èd espesyal li oubyen apot. Anvan ke Jezi te ale fè chwa sa a, li te ale yon kote ki trankil sou mòn ki te antoure l la pou li priye. Li te dwe sèten ke li t'ap fè bon chwa yo. Kidonk, Jezi pase tout nwit la ap priye Bondye. Jezi te toujou pale ak Bondye konsènan tout sa li te fè. Apre nwit priyè li ak Bondye, Jezi rele moun ki t'ap swiv li epi li te chwazi douz apot. Te gen Simon (li menm Jezi rele li Pyè), ak Simon frè Andre. Apre sa te gen Jak ak Jan, pitit Zebede. Li chwazi Filip, Batèlmi, Matye, Toma, Jak ki pitit Alfe, Simon moun Zilòt, Jida pitit Jak epi Jida Iskaryòt.

KONEKSYON AK LAVI A

Èske gen yon desizyon nan lavi w ke ou dwe priye pou li? Met ajenou devan kabann ou epi pale Jezi de li. Pale ak Jezi epi koute sa li di. Jezi kapab pale avèk nou atravè bib la, paran nou osinon kretyen ki saj. Sentespri li ap ban nou lapè anndan kè nou lè nou fè bon chwa. Penmèt klas ou a pale konsènan bezwen yo nan lavi. Bay chak timoun kèk moso paj pou ekri. Fè yo kase chak paj an de. Epi fè de twou nan kote ki kase yo, pran yon moso file epi pase li nan twou yo apre sa mare li pou fè yon liv. Chak timoun dwe ekri mo sa yo: ‘Liv priyè mwen’ devan sou po liv la, epi dekore po liv la nan fason yo vle. Pou mwa k'ap vini an, fè timoun yo ekri priyè yo a nan liv la (si yo pokò ka ekri, yo dwe fè desen sa yo ap priye pou li a- manb fanmi, elatriye). Timoun yo dwe pote liv priyè yo chak senmèn.

Fè timoun yo ekri non disip Jezi yo anba kote imaj la montre ke Jezi ap priye a epi fè yo desine imaj la.

Jezi Ansenye Disip Li Yo Lapriyè

Leson 10

PATI 3: LAVI PRIYÈ JEZI

VERITE BIBLIK

Priyè enpòtan anpil pou Jezi li vle moutre nou priye.

BI LESON AN

Pou ede timoun yo: -Aprann priye – Reyalize ke priyè te enpòtan anpil pou Jezi malgre li se te pitit Bondye. – Chache moun k'ap priye mennen vini.

VÈSÈ POU NOU APRANN

“ Vin etabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fè l nan syèl la. (Matye 6:10)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv
- Manyèl, Atik lafwa II: Jezi-Kri

KÒMANSE AKTIVITE A

Tout timoun dwe aprann priyè a. Pran yon moun nan fanmi pou ede yo aprann li. Kontinye mande si gen yon moun la ki ta renmen aprann priyè a jiskaske yo ka di l.

ISTWA BIBLIK

“Jezi Ansenye Disip Li Yo Lapriyè”

Lik 11:11-13; Matye 6:9-13.

Priyè te empòtan anpil pou Jezi. Li te pase anpil tan ap priye- pale epi tandé Bondye. Yon fwa apre jezi fin priye, yonn nan disip yo vin kote li e mande li “ Senyè, Moutre nou priye”. Jezi vle tout moun aprann priye, konsa li te moutre disip li yo modèl priyè sa a ke yo rele priyè Senyè a. “ Papa nou ki nan syèl la, nou mande pou yo toujou respekte non ou. Vin etabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fè l nan syèl la. Manje nou bezwen an, ban nou li jodi a. Padone tou sa nou fè ki mal, menm jan nou padone moun ki fè nou mal. Pa kite nou nan pozisyon pou n tonbe nan tantasyon, men delivre nou anba satan. Jezi pat vle di ke mo sa yo se sèl mo ke nou dwe di lè n’ap priye. Sa se yon egzanp de yon bon priyè. Sa Jezi te vle disip li yo aprann sèke nou kenbe priyè nou yo senp epi priye nan lang nou pi konprann lan. Nou pa dwe eseye fè wè osinon moutre lòt moun kòman nou konn priye byen. Non, nou dwe priye Bondye yon fason ki senp epi dirèk dirèk avèk li. Nan Priyè ou yo, di Jezi kòman li bon pou ou ak fanmi w. Di li mèsi pou èd li yo nan bezwen ou yo chak jou. Epitou mande li pou li avèk ou epi ede ou, mande li pou li pran swen fanmi ou ak tou sa yo bezwen. Priye pou padon pou nenpòt bagay ou te fè ki mal. Petèt ou pat saj lakay ou epi ou pat tandé sa paran ou te di w fè. Ale epi mande padon anvan ou priye.

KONEKSYON AK LAVI A

Nan liv priyè a ou te fè senmèn pase a, fè yon ti priye pou manje pandan w’ap remèsyé Bondye pou manje li te ban nou. Kite timoun yo diskite priyè yo a avèk ou. Ba yo chak yon ti chans pou bay yon ti temwanyaj konsènan yon priyè ki jwenn repons.

Fè timoun yo li epi dekore woulo a avèk priyè Senyè a (notre père).

Jezi Priye Pou Lòt Yo

Leson 11

PATI 3: LAVI PRIYÈ JEZI

VERITE BIBLIK

Nou kapab priye, e nou dwe priye pou youn lòt.

BI LESON AN

Pou ede timoun yo:

- Wè ke Jezi priye pou disip li yo epi pou nou epi
- Reyalize ke Jezi vle ke nou priye pou lòt yo.

VÈSÈ POU APRANN

« Manje nou bezwen an, ban nou li jodi a. Padonnen tou sa nou fè ki mal, tankou nou padonnen moun ki fè nou mal. » (Matye 6:11-12)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen, Atik lafwa II: Jezi-Kri.
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Diskite: Poukisa kretyen yo priye pou lòt moun? Poukisa nou priye pou moun lè yo malad? Kòman w santi w lè yon moun priye pou ou? Eske w panse ke lapriyè fè yon diferans?

ISTWA BIBLIK “Jezi Priye Pou Lòt Yo” Jan 17:6-26

Istwa bblik nou Jodi a se konsènan yon priyè espesyal ke Jezi te priye anvan yo te arete li. Jezi te konnen kisa ki ta pral rive, konsa li te priye pou tèt li epi li priye pou disip li yo. Jezi pat jis priye pou disip ki t'ap swiv li nan moman an- non, li priye pou tout sa yo ki gen pou vin disip li. Sa vle di li te priye tou pou ou ak pou mwén. Jezi te vle pou Bondye voye je sou disip yo epi pwoteje yo kont atak satan pandan y'ap okipe nan fè travay li isit sou latè. Li te pale ak Bondye konsènan travay ke yo te voye disip yo pou yo fè. Ou wè, disip Jezi yo ta pral vini pye li, men li, je li, bouch li, zòrèy li isit sou tè a apre li te retounen nan syèl la. Eske w konnen kisa sa vle di? Sa vle di ke si Jezi vle fè yon bagay pou yon moun, li bezwen yon disip ki pou kite 1 itilize li pou ede moun sa a. Lè Jezi bezwen yon moun tandé pawòl konsènan lanmou Bondye, li bezwen yonn nan moun k'ap swiv li yo pou ale epi di moun nan sa. Tankou disip yo ki t'ap mache ak Jezi anvan, nou menm tou nou gen travay pou n fè. Travay nou se pou nou priye pou lòt yo epi chache yo pou Kris. Eske ou pare pou ou priye pou fanmi w ak zanmi w yo? Jezi te priye pou ke tout kretyen ta met tèt ansanm nan lanmou pou vini temwen pou mond lan anba direksyon Lespri sen an.

KONEKSYON AK LAVI A

Trase yon fòm ki menm jan ak sa ki nan fèy aktivite a (de nan chak), koupe moso yo epi plase yo nan yon valiz osinon yon panye. Kite timoun yo rale yon fòm nan valiz la oubyen panye a. Chak timoun dwe jwenn lòt timoun ki pran menm fòm ak pa li a. Moun ki jwenn menm bagay la dwe ekri non lòt moun sou fòm ki nan fèy li a. Timoun sa yo kounye a se zanmi lapriyè kounye a. Kite yo kole

fòm yo a sou paj aktivite a. Yo dwe pataje bi priyè yo youn ak lòt, ekri yo nan li liv priyè a epi priye pou tout bezwen sa yo pandan tout senmenn nan. Si gen ase tan, fè timoun yo chante ti kè sa a ‘Li labib ou, priye chak jou’: Li labib ou, priye chak jou. Li labib ou priye chak jou. Priye chak jou, priye chak jou. Li labib ou, priye chak jou. E ou va grandi.

Jezi Priye Lè Li Tris Ak Toumante

Leson 12

PATI 3: LAVI PRIYÈ JEZI

VERITE BIBLIK

Bondye se refij ak fòs nou, you sekou ki toujou la nan detrès”. Li toujou kontan ede moun ki rele 1 yo.

BI LESON AN

Ede timoun yo:

- Konnen ke yo kapab priye lè yo fache, tris, osinon blese Bondye ap tande yo.

VÈSÈ POU POU APRANN

Pa kite nou nan pozisyon pou n tonbe nan tantasyon men delivre nou anba satan. (Matye 6:13).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen, Atik lafwa 2: Jezikri.
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Eske w pa janm santi w tris osinon twoouble? Tout moun konn santi yo konsa kèk fwa. Petèt frè nou oubyen sè nou, oubyen manman osinon papa nou konn malad anpil epi nou santi nou pa ka ede yo. Sa fè nou tris. Eske w konnen ke menm Jezi te santi li tris e twoouble tou?

ISTWA BIBLIK

« Jezi Priye Lè Li Tris Ak Toumante »

Matye 26:36-46

Jezi ak disip li yo t'ap mache nan jaden Jetsemane a, yon kote ki te tankil epi poze- petèt la te gen zwazo ak pye bwa ak ti sous dlo la. Lè nou tris, nou toujou chache yon kote ki tankil pou nou panse epi priye. Jezi te pran Pyè, Jak, ak Jan avèk li pou veye ak li pandan li t'ap lapriyè. Jezi te kòmanse santi li tris e twoouble epi li te di yo ‘Kè mwén lou ak detrès, M santi tankou m lanmò toupre m’. Konsa li ale yon ti kote pou kont li pou li lapriyè. Kèk moun lè yo tris yo fennen. Gen lòt ki: Kriye, genyen menm ki rete san fè bwi e yo pap pale ak pèsonn. Jezi te tris anpil. Eske w konnen sa li te fè? Li te priye epi li te mande Bondye, ‘Si li posib, Papa, tanpri retire gode soufrans sa devan m non. Men si li pa posib, alò ke li vini epi fè volonte w. Jezi te konnen ke te gen gwo soufrans ki t'ap tann li devan Li pat gade soufrans yo devan menm jan nou t'ap fè. Men li te vle pase ladan l paske se sèl fason sa a li te ka sove limanite de peche yo. Gen de lè nou priye paske nou tris epi gen lòt fwa nou priye paske kè nou kontan. Li enpòtan anpil pou nou fè sa- pou n di Bondye moman sa yo e menm mande Li si li posib pou chanje yon sitiyasyon tris a yon sitiyasyon kè kontan. Bondye tande tout priyè nou, men kèk fwa li pa reponn yo jan nou vle a. Menm Jezi te priye, ‘Papa, si li posib, tanpri fè

soufrans sa a pase lwen mwen. Men si li pa posib, alò ou mèt kite li vini epi fè volonte w. M'ap obeyi ou'. Nan priyè nou yo nou dwe di Bondye, 'Men pwoblèm mwen, tanpri chanje li si posib, men si li pa posib, mwen kontan pou m kite volonte w fèt'. Sonje ke Bondye vle sa ki pi bon an pou. Nou dwe priye pou fòs nan mitan difikilte ak eprèv yo ke Bondye kite rive sou chemen nou. Lè Li tande w priye, Li ap vini pote èd li pou ou.

KONEKSYON AK LAVI

Prepare kèk kesyon pou fè revizyon leson an oubyen seri ki pale de vi lapriyè Jezi. Fè timoun yo chita nan yon wonn. Bouche je youn nan timoun yo epi mete li nan mitan wonn lan. Bay youn nan timoun yo yon bagay ki fasil pou pase atravè wonn lan (boul osinon wòch). Timoun nan mitan frape men li epi objè a ap kòmanse pase toutotou wonn lan. Lè timoun nan bat men li ankò, boul la rete. Poze yon kesyon pou tire yon leson, elatriye. Kòman Jezi rele Bondye nan priyè a li te montre a? Timoun nan kenbe boul la epi reponn- lòt yo ap ede li si li pa ka reponn. Timoun ki reponn kesyon an byen an boukante plas li a ak timoun kite nan mitan. Kontinye jwe toutotan lè a penmèt nou. Asire ou pou w ka fè tout timoun patisipe nan mezi w kapab.

Fè timoun yo dekore paj la ak mo.

Pwomès Sentespri A

Leson 13

PATI 4: SENTESPRI A.

VERITE BIBLIK

Pwomès sentespri a se pou tout kwayan yon manyè pou ede yo pale de Jezi ak lòt moun.

BI LESON AN

Pou ede timoun yo:

- Pwomès sentespri a se pou yo tou.
- Konprann ke sentespri a ap ede moun k'ap swiv Jezi yo pou yo pale de Bondye.
- Dezi pou resevwa kado sentespri a.

VÈSÈ POU APRANN

« Men nou va resevwa yon pouvwa lè sentespri a vini sou nou; epi n'a sèvi m temwen nan Jerizalèm, nan tout Jide ak Samari, e jouk nan dènye bout latè. » (Travay Apot 1:8)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen, Atik lafwa 3: Sentespri a.
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv
- Temwen-se sila ki pale lòt moun de Jezi epi de Lanmou li. Lòt moun ap konnen ke yo konnen Jezi pa fason ke yo wè y'ap aji, fason y'ap pale, fason y'ap koute epi fason yo renmen tout moun. Sonje byen, nenpòt kote nou ale Jezi la avèk nou e l'ap ede nou pale de Li. Bib la di nou ke Jezi ap toujou la avèk nou. Liv aktivite elèv.

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Kisa w t'ap fè si yon moun pwomèt ou yon kado? Kite timoun yo diskite kesyon sa a ak espwa epi kontantman konsènan pwomès yon kado. E si moun sa a ta Jezi?

ISTWA BIBLIK
“Pwomès Sentespri A”
Travay 1:1-11

Apres Jezi te fin leve soti vivan nan lanmò, li te pase 40 jou ak disip li yo anvan li te monte. Yon lè pandan li t'ap manje ak apot li yo, Li te di yo konsa ke lè a pa lwen rive pou yo resevwa kado ke papa a te pwomèt yo a. Kounye a nou konnen ke Papa Jezi se te Bondye- Ou ka imajine ke Bondye pwomèt ou yon kado? Ou konnen ke l'ap yon bon kado, e kado a te bon vre. Kado a ke Bondye te bay apot yo a se te Sentespri a. Bondye ba nou kado pou rezon espesyal. Rezon ki fè Bondye te bay disip Jezi yo Sentespri se te pou ede yo pale de Jezi ak lòt moun epi lanmou li pou yo. Jezi vle pou disip li yo di ak lòt moun ke Li vle vini zanmi yo. Jezi di disip li yo ke yo pa bezwen tris paske li prale, men yo pat ka anpeche sa. Yo te tris anpil. Yo te vle Jezi rete an Izrayèl avèk yo epi pou dirije yo kòm wa. Men Jezi te eseye ansenye yo ankò ke wayòm li a diferan. Jezi te dwe ale yon manyè pou Sentespri a vini epi fè Jezi wa lavi yo. Kado Bondye a fè li posib pou Wayòm li a dire pou toutan epi gaye nan tout mond lan, nan tout peyi epi nan tout nasyon ki nan chak peyi. Kidonk sa te yon pi bon kado pase sa apot yo te panse yo te vle a.

KONEKSYON AK LAVI A

Menm jodia, Jezi vle ke ou resevwa menm kado sa a konsa pou w ka pale ak tout fanmi ak zanmi de Jezi epi kòman Li kapab fè lavi yo diferan. Jezi vle ke ou vini temwen li. Kisa pou w fè pou resevwa Sentespri a. Ou dwe:

1. Dakò pou w resevwa Sentespri.
2. Mande Bondye kado a nan priyè- pale ak Bondye, tandem li epi obeyi tout sa li di.
3. Asepte Sentespri a pa lafwa.

Fè timoun yo desine imaj Disip yo ki Ranpli ak Sentespri a.

Vini Sentespri A

Leson 14

PATI 4: SENTESPRIA

VERITE BIBLIK

Sentespri te vini pou ansenye epi ede kwayan yo e dirije legliz la.

BI LESON AN

Pou n ede timoun...

- Konnen sak pase lè Sentespri te fèk vini sou legliz la.
- Apresye fason Li te dirije kwayan yo, Pyè se yon egzamp.
- Konprann ke menm jodi a Sentespri toujou ap ede kwayan yo.

VÈSÈ POU APRANN

“Ale epi fè disip nan tout nasyon, batize yo nan non Papa, pitit la ak sentespri a” (Matye 28:19).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Egzamp de moun espesyal ki te resevwa Sentespri a san bliye swasanndis ansyen yo. (Nonm 11:24-29); Samson Jij (13-16)

- Manyèl Legliz Nazareyen, Atik lafwa III. Sentespri a.
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Chwazi davans chan ke yo konnen ak vèsè biblik konsènan pouvwa ak travay Sentespri a. Si w ka fè toulede, divize timoun yo an ti gwooup konsa kèk pral chante epi lòt yo ap resite vèsè yo- Fè youn apre lòt chante ak resitasyon an. Rezime mesaj ki nan chante yo ak nan vèsè sou Sentespri pandan w'ap ramne yo nan lesion an ki se Vini Sentespri a.

ISTWA BIBLIK “Vini Sentespri A”

Travay apot 1:1-9; 2:1-11

Anvan Jezi te moute nan syèl apre li te leve vivan soti nan lanmò a, Li te di ak disip li yo pou yo ale Jerizalèm. Li te vle ke yo rete la pou tann Sentespri a. Sa se te kado ke Papa te pwomèt la (1: 1-4). Disip yo te obeyi Jezi, yo ale Jerizalèm e yo t'ap tann pandan yo toujou ap lapriyè (1:14). Apresa, nan jou pannkot la, pandan yo te ansanm yon sèl kote, Sentespri a te vini sou yo. Anvan moman sa, Sentespri a te konn vini sou kèk moun espesyal. Men, ‘Nan yon bat je yon son tankou yon gwo van desann sot nan syèl la... ki te sanble ak lang dife... epi yo kòmanse pale nan lòt lang jan Sentespri a te pèmèt yo’ (2:3-4). Se te kòmansman de yon nouvèl alyans. Se te nesans Legliz Kris la. Moun “Ki soti tout kote ” (2:5) ki te Jerizalèm te tande son an epi yo te rasanble pou yo wè sa k te genyen. Yo te pantan paske yo te ka tande disip yo ki t'ap “deklare mèvèy Bondye” (2:11) nan pwòp lang pa yo! Konsa tou, gen lòt ki t'ap pase yo nan betiz yo t'ap di ke se sou mesye yo te sou. Men Pyè, ranpli ak Sentespri, te kanpe ak tout fòs pou li pale de Jezi. Se te etranj paske menm Pyè sa ki te nye Kris la twa fwa anvan li te krisifye a. Sa te dezyèm bagayki te montre pouvwa Sentespri a ki penmèt nou viv epi fè bagay ke Bondye mande nou fè. Se te kòmansman de sa Jezi te vle di lè li te di ke yo va resevwa pisans e yo va sèvi li temwen apre yo fin resevwa Sentespri a. Apre Pyè fin bay ak tout otorite gwo mesaj la twa mil (3000) moun te ajoute nan legliz la! Disip yo espesyalman Pyè te vin temwen jan Jezi te di l la. Depi lè sa e jouk kounye a, Sentespri a ap travay nan kwayan yo epi l'ap dirije legliz la. Nou li istwa konsènan travay pouvwa li nan li Travay apot yo. Liv sa ta ka pote tit Travay Sentespri a jan yo wè li t'ap travay nan lavi kwayan yo epi nan legliz la. Pouvwa Sentespri a pou fè kwayan yo kontinye fè temwen an toujou la, kidonk istwa liv travay apot la kontinye atravè legliz jodia.

KONEKSYON AK LAVI A

Itilize kat etid la, fè revizyon sou twa premye atik lafwa yo avèk plis aksan sou twazyèm lan.

Ou menm tou kapab yon temwen pou Kris.

Diskite ak timoun yo kisa Jezi vle di yo. Penmèt tout di pou pipiti yon bagay ki diferan de yon lòt epi ekri yo nan yon lis. Kite yo chwazi yon bagay nan lis la ke yo vrèman ta renmen pataje ak lòt moun epi kòman yo ta renmen fè l. Apresa, fè lis tout bagay ki ta ka anpeche yo di sa Jezi ye pou yo. Pale de kòman yo kapab simonte bagay sa yo pa mwayen pouvwa Sentespri a. Fè yo sonje an brèf fason Sentespri a te ede disip yo pou yo pale nan lòt lang e Pye menm pou pale ak otorite ak foul la.

Fè timoun yo desine imaj istwa Panntekotis la (Disip yo k'ap priye; Sentespri a k'ap desann, moun yo k'ap ransanble, Pyè k'ap preche), epi eksplike yo kòman yo ka itilize imaj sa pou yo pataje lesion sa a ak zanmi yo.

Ankouraje yo pou yo pran yon senmenn sa a pou yo priye pou yon opòtinite pou yo vini temwen pou Kris. Priye pou chak tiomoun pandan ou pral kite yo ale.

Bondye Moutre Lanmou Pou Tout Nasyon

Lesson 15

PATI 4: SENTESPRIA

VERITE BIBLIK

Paske Bondye renmen tout nasyon, li fè pitit li ale nan tout kilti pou pataje bòn nouvèl la ak tout moun.

BI LESON AN

Pou ede timoun yo:

- Reyalize ke lamou Bondye se pou tout moun, tout kote.
- Konprann ke Bondye espere ke nou gen volonte pou nou pataje bòn nouvèl la ak moun ki gen lòt kilti yo.
- Pran kouraj paske Bondye toujou ak yo.

VÈSÈ POU APRANN

“Ale epi Fè disip nan tout **nasyon**, batize yo nan non Papa ak Pitit la ak Lespri sen an.” (Matye 28:19)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Kopye Paj Aktivite a pou chak élèv

KÒMANSMAN ATIVITE A

Ki koulè, manje, rad ou pi renmen? Kite timoun yo pale de bagay yo pi renmen. Kisa sa ap fè yo si yo ta renmen kontrè bagay yo renmen? pa egzanz, si fwi yo pi renmen an se pòm, e si yo ta renmen rezen, sa sa ap fè yo? Kòman la vi a tap ye si moun pat gen bagay yo pi renmen? Eske w te konnen Ke Bondye pa gen bagay li pi renmen? Montre yo chante sa, Jezi renmen tout timoun yo, tout timoun yo nan lemonn, rouj e jòn e nwa e blan li renmen yo tout ansanm, Jezi renmen tout timoun yo nan lemonn oubyen yon lòt ki sanble ak chan sa.

ISTWA BIBLIK

‘Bondye Montre Lanmou Pou Tout Nasyon’

Travay Apot 10

Pye te rete nan yon vil yo rele Jopa. Pyè se te youn nan pi bon zanmi Jezi yo epi youn lidè legliz la. Men tou Pyè te fè pati moun ki soti nan nasyon Jwif la, kidonk li te toujou ap swiv la lwa kilti jwif yo. Li te bay tout tan li ap pale moun yo de Jezi, men li pat pase tan ak moun ki pat fè pati nasyon Jwif yo. Kounye a gen yon lòt nonm ki soti nan yon lòt nasyon t'ap viv anpil kilomèt de distans, nan Sezare, yon vil tou pre lanmè. Non Nonm sa se te Kònèy epi li te yon bon moun. Li menm ak tout fanmi li t'ap priye Bondye chak jou epi li te renmen bay pòv kichòy, men yo pat konnen anyen konsènan Jezi. Yon jou yon zanj te vini kote Kònèy pandan li t'ap priye epi li te di li ke Bondye te tande priyè li yo. Epi zanj lan te di pou li voye chache Pyè nan vil Jopa pou vini epi pale li ak tout fanmi li de Jezi. Jezi konnen ke kilti Jwif la t'ap fè li reflechi ke li pa ta dwe ale vizite Kònèy. Konsa, Jezi te pale ak Pyè pou montre li ke sa li vle pi enpòtan pase kilti. Pyè te fè vizyon twa fwa pou montre li ke li pa dwe pè ale kote moun lòt nasyon ki gen lòt kilti pou pale yo de Jezi. Tou swit apresa, mesaje Kònèy yo rive epi envite Pyè pou ale Sezare pou li rankontre avèk Kònèy. Pyè te obeyi Bondye epi li te ale Sezare pou li rankontre Kònèy epi li te jwenn ke Kònèy te gentan envite

anpil moun pou vin tandé sa Pyè ta pral di. Lè Konèy eksplike Pyè konsènan Zanj lan epi rezon ki fè li voye mesaje yo chache pyè lakay li, Pyè te ryalize ke Bondye aksepte ak tout kè li lòt moun sa yo nan Wayòm li a. Konsa Pyè te preche Kònèy, fanmi li ak zanmi li yo e yo te aksepte Jezi. Epi Pyè te batize yo nan non Senyè a. Pyè ki soti nan kilti Jwif epi Kònèy ki soti nan kilti Janti te dekouvrir ke Jezi pat nan patipri. Lanmou Bondye se pou tout moun tout kote. Eske w'ap tankou Kònèy epi aksepte Jezi nan vi ou? Si Jezi gentan nan kè ou, eske w'ap tankou Pyè pou w pataje istwa lanmou Bondye pou tout moun tout kote?

KONEKSYON AK LAVI A

Mete paj oubyen ti kat disponib pou chak timoun nan klas ou a. Ede timoun yo ekri yon lèt envitasyon bay yon moun ki nan yon lòt kilti, envite yo pou vini nan klas senmenn pwochèn. Kite yo pran envitasyon sa a pou yo bay ak moun nan. Montre epi ankouraje timoun yo pou fè zanmi ak nouvo timoun k'ap vini nan lekòl dimanch sitou sila yo ki gen orijin diferan ak yo.

Sou fèy aktivite yo a, ede timoun yo chwazi nan imaj yo, timoun ki renmen fè zanmi yo ak sa ki pa renmen fè zanmi yo, epi bagay yo gen pou yo fè pou yo ka fè nouvo zanmi avèk nouvo timoun ki gen pou vini nan lekòl dimanch oubyen legliz, epi ak timoun k'ap sòti nan lòt kilti yo.

Yo Voye Premye Misyonè Yo

Leson 16

PATI 4: SENTESPRIA.

VERITE BIBLIK

Menm si nou ale oubyen nou voye jan Bondye di nou fè 1 la, nou tout ap fè menm misyon li ban nou fè a.

OBJEKTIF LESON AN

Ede timoun yo.

- Konprann diferans ant yon temwen ak yon misyonè.
- Pou yo prè pou apèl Bondye nan lavi yo.
- Pale de apèl yo.

VÈSÈ POU APRANN

"Mete Banabas ak Sòl apa pou mwen, pou yo fè travay mwen chwazi pou yo fè a." (Travay 13:2)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Kopye Paj Aktivite yo pou chak elèv

KÒMANSE AKTIVITE

Jodi a nou pral wè ke Bondye rele kèk moun kòm misyonè, tout fwa nou tout nèt pa misyonè, men nou tout ka patisite nan misyon. Nou tout se temwen lè nou obeyi Bondye epi pale ak lòt moun konsènan lanmou li.

ISTWA BIBLIK
Yo Voye Premye Misyonè Yo
(Travay Apot 13:1-12)

Legliz Antyòch la te djanm anpil nan Senyè a. Yo te gen anpil angouman pou yo te adore ak obeyi Bondye. Yon jou pandan yo t'ap adore Bondye ansanm, Sentespri te di yo "Mete apa pou mwen Pòl ak Banabas pou travay mwen te rele yo pou yo fè a" (vèsè 2). Konsa tout legliz la t'ap fè jèn epi priye epi apre sa yo poze men sou tèt Pòl ak Banabas epi yo voye yo ale nan travay jan Sentespri te di l la. Tout moun sa yo nan legliz Antyòch la t'ap obeyi Bondye epi sèvi li. Sa te fè Bondye kontan. Moun yo t'ap fè sa li te mande, men Bondye te gen yon bagay espesyal pou Banabas ak Pòl fè. Menm Jodi a tou, tout moun nan legliz la dwe obeyi epi sèvi Bondye, men Bondye toujou kontinye rele ankò kèk moun pou kèk sèvis espesyal menm jan li te rele Banabas ak Pòl. Tout moun ki konnen Jezi, se yon temwen pou li. Sa vle di nou pale lòt moun de Jezi. Konsa tou, nou dwe gason ak fi ke Jezi ap bezwen pou lòt moun ka wè diferans konnen Jezi a fè nan lavi nou. Misyonè se temwen ke Bondye rele epi legliz la voye pou preche epi anseye gason ak fi nan lòt nasyon nan mond lan. Se pa tout moun ki se misyonè, men tout kretyen dwe temwen. Ou ap wè ke Bondye vle itilize tout moun li yo pou di lòt moun bòn nouvèl Jezi a. Kèk moun tankou Pòl ak Banabas, Bondye te vle pou yo ale lwen kay yo konsa yo va di ak anpil nasyon konsènan lanmou Bondye a. Bondye vle pou nou temwen pou moun ki antoure nou yo. Nenpòt kote nou ye, menm si nou avèk moun lòt nasyon osinon ak pwòp nasyon pa nou. Si ou kwe ke Bondye rele w pou yon bagay espesyal ou kapab di pwofesè lekòl dimanch ou, paran w, epi pastè konsa pou tout moun k'ap priye epi fè jèn pou ou epi pou w konprann kisa Bondye Vle, yo kapab santi menm apèl sa epi fè menm jan legliz la te fè pou Pòl ak Banabas.

KONEKSYON AK LAVI

Di klas ou a ke temwen Jezi vin tankou yon pechè lèzòm. Pote yon baton long oubyen yon gòl nan klas. Mare yon fil ki long nan pwent li pou li sanble yon baton yo peche pwason. Mete yon zen oubyen yon ti liy fè nan pwent fil la. Fè timoun yo fè desen pwason ak foto moun sou yon moso paj epi apre sa koupe yo. Mete paj ki gen foto pwason yo a tè a ak group moun yo. Kenbe baton lapèch ou epi kanpe nan yon group epi yo ap wè ke pechè lèzòn se disip Jezi- Kretyen (Mak 1: 17).

Fè timoun yo konplete epi kolore foto yon legliz kap priye pou Pòl ak Banabas. Timoun yo kapab desinen foto pa yo tou pre apot Pòl ak Banabas kòm endikasyon pou montre jan yo tou pre pou Bondye voye yo.

Kado Nou Yo Fè Bondye Kontan

Leson 17

PATI 4: SENTESPRIA

VERITE BIBLIK

Misyonè ak travayè Kretyen bezwen sipò nou atravè ankourajman, priyè ak ofrann.

JEKTIF LESON AN

Pou ede timoun yo:

- Wè yon fason yo kapab patisipe nan misyon legliz la atravè klas lekòl dimanch.

VÈSÈ POU APRANN

“Kado sa a se tankou yon ofrann ki santi bon, yon ofrann bêt Bondye aksepte paske sa fè Li plezi”
(Filipyen 4:18).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Kisa ou panse si moun ta sispann bay ofrann pou moun al nan misyon? Poukisa li enpòtan pou n priye pou misyonè? A la bon sa bon sa pou nou resevwa kado. Kòman w panse moun nan legliz ou yo t'ap santi yo si yo ta dwe resevwa yon lèt nan men Pòl pou l remèsye yo paske yo te ede li? Sa toujou fè kè Bondye kontan lè nou ede sipòte misyonè ak travayè kretyen yo k'ap fè sa Bondye rele yo pou yo fè.

ISTWA BIBLIK

Kado Nou Yo Fè Bondye Kontan

Filipyen 2:25-30; 4:14-20

Liv filipyen ki nan bib la se yon lèt remèsiman Pòl te voye bay kwayan ki nan Filip yo. Yo te voye Epafodit pou ede Pòl paske Pòl te nan prizon. Non sèlman yo te voye Epafodit pou ede Pòl, yo te voye kado pou li pou sipòte li tou epi lè Epafodit te malad epi li bezwen retounen Filipin Pòl te itilize menm mwayen sa a pou l te ka voye lèt de remèsiman sa bay kretyen Filip yo.

Chè Zanmi Kretyen Filip yo,

Ou te voye èd banmwen lè m te nan bezwen pa mesaje w la, Epafodit, li te pran swen m. Mèsi pou pataj ou nan pwoblèm mwen an ou se moun ki te voye èd ban mwen lè m te nan bezwen mesi pou tout sa ou fè pou mwen. Mwen pa voye mande w lòt kado men mwen vrèman kontan e aprann ki jwa ki genyen le w'ap ede lòt moun. Mwen resevwa tout peyman sevis ou yo ak tout kado ou yo. Yo fè Bondye anpil plezi... ke.

Bondye rankontre ak tout bezwenw yo nan glwa li nan richès li nan Jezi kris Bondye papa nou. Tout glwa se pou li li ye tout tan ak pou toutan. Amen.

Yon kanmarad k'ap sèvi Kris la. Pòl

KONEKSYON AK LAVIA

Ak Liv aktivite elèv yo: Chache enfòmasyon sou aktivite misyonè Prezidan MNI. Pataje li ak timoun yo padan ke w'ap ede yo ranpli fèy aktivite yo a. Bay pou pi piti yon rekèt priyè ak chak timoun.

Ede klas ou a ekri yon lèt pou voye bay yon misyonè- di misyonè a ke ou ap priye pou li. Fè chak timoun nan klas la siyen lèt la. Pase ti tan pou lapriyè pou misyonè a, travay li, pou moun ke li ap travay ak yo. Pale de fason ou kapab ede misyonè a. Bay chak timoun responsabilite pou yo pote ofrann senmeè pwochèn. Mete ofrann sa yo nan yon anvlopè epi make sou li « FEM » (Fon pou Evanjelizasyon Mondyal) epi non klas la sou anvlopè la. Fè klas la chwazi yon elèv pou ale mete anvlopè la nan ofrann pandan sèvis maten an.

Bondye Pale Avè Mwen Atravè Bib

Leson 18

PATI 5: EKRITI SEN AN

VERITE BIBLIK

Bib la se pa jis yon liv istwa liv ki pale nou sou Bondye, Jezi ak Sentespri a.

OBJEKTIF

Pou ede timoun yo:

- Reyalize ke Bib la se pa jis yon liv istwa men liv la ki devwale Volonte Bondye
- Konprann ke Bib la pale ak kè nou pa mwayen Sentespri a

VÈSÈ POU APRANN

"Tout sa ki ekri nan liv la se Bondye ki enspire yo, yo itil pou moutre verite a".(2 Timote 3:16).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen, Atik nan Lafwa 4: Liv ki sen an
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Kòmanse klas la avèk chante "Li la Bib ou priye chak Jou" epi anseye yo "liv ki pi bon pou yo li se Bib la" oswa "La B-I-B-L-I-K" oswa nenpòt ki chan menm jan an sou Bib la.

ISTWA BIBLIK

"Bondye Pale Avè Mwen Atravè Bib"

2 Timote 3:10-17

Èske w te konnen, timoun yo, ke Bib la se pa yon liv òdinè? Li se liv ki pale nou sou Bondye, Jezi, Sentespri a. Bib la te ekri pou fè nou konnen tout bagay nou bezwen konnen yon mwayen pou gen yon relasyon dwat ak Bondye. Nou aprann nan Bib la ke Bondye t'ap fè latè ansanm ak tout bagay li ladan l. Li te tou fè moun. Se vre - Li te fè ou menm ak mwen menm'. Lè nou konprann travay Bondye ki fè nou, Lè sa a, nou ta dwe gen anpil kè kontan epi dwe pare pou nou ba li tout glwa pou bél travay li fè yo. Bib la di nou sa Bondye te fè ak sa li toujou ap fè pou pèp li a. Li di nou poukisa Bondye te kreye tè a ak kisa ki dwe rive sou tè a. Ki jan Bondye pale avèk nou jodi a? Bondye pale ak nou nan Bib la, men yon fason sèlman li ka fè sa se si nou li li epi n'ap aprann tout sa nou kapab sou sa li di. Nou dwe memorize vèsè yo ki pale espesyalman ak nou. Nou dwe li Bib la chak jou. Pafwa Bondye pale ak nou tou atravè lòt kretyen, tankou paran nou, pwofesè lekòl Dimanch oswa pastè a.

Nou pa janm dwe blyie sa Bib la di. Sèl fason pou fè sa a se asire w ke ou toujou 'wè l' ',' li l' ; 'aprann li', 'ak' viv li'. Koulye a, se pa nou tout ki gen Bib la, kidonk li enpòtan anpil pou nou aprann vèsè yo chak fwa yo moutre nou yo. Memorize tout vèsè ou kapab. Sa vle di ke w ap toujou gen Pawòl Bondye a nan tèt ou ak nan kè ou. Yon bèl bagay sou Bib la sèke plis nou aprann konnen Bondye, plis nou vle tounen tankou l. Pawòl Li vin yon pati nan nou. Lè nou genyen li nan kè nou, nou kòmanse ap viv li soti nan aksyon nou yo.

KONEKSYON AK LAVI A

Jwenn kèk nan timoun pou pote kèk baton dwat (W'ap bezwen apeprè 4) ki longè avanbra timoun nan. Prepare kèk woulos fèy blan osinon twal ke yo pa bezwen men ki ka sèvi kòm materyèl. Kite timoun yo ekri sou yo kèk lesion ke yo te aprann nan Bib la, tankou " Remmen youn lòt", 'Obeyi paran nou', 'Li te gen sousi pou ou', 'Bondye te voye Pitit li a', 'Li te mouri pou sove ou '. Nan pati anba a woulos liv la, ajoute mo sa yo 'Bib la di nou konsa'. Tache chak moso nan twal nan baton yo, mare yo oswa kole yo sou baton yo, epi woulos yo fè sa reprezante woulos ki te itilize kòm premye Bib la. Fè yon volontè Dewoule woulos yo, li mesaj yo devan tout lòt elèv yo ki nan klas la.

Ede timoun yo ekri mo nan chante yo pi renmen sou Bib la anba foto Bib la nan fèy aktivite a.

Ki Jan Bib La Rive Nou

Leson 19

PATI 5: EKRITI SEN AN

VERITE BIBLIK

Bondye itilize moun yo pou ekri Pawòl li a epi li pwoteje l atravè tout syèk yo, yon fason pou nou ka genyen li tou jodi a. Gen lòt ki te pase Pawòl Bondye a ba nou, nou dwe pase l bay tou.

OBJEKTIF LESON

Pou ede timoun yo:

- Konprann kèk nan istwa nan Bib la.
- Apresye ak mete valè nan Bib la antan ke Pawòl Bondye a

VÈSÈ POU APRANN

"Syèl la ak tout tè a va pase lwen, men pawòl mwen p'ap janm pase " (Lik 21:33).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen, Atik nan Lafwa 4: Liv ki apa pou Bondye
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Ale deyò avèk klas la epi vide dlo atè a, fè enpe labou ki pa twò likid. Li pa dwe twò mouye. Divize timoun yo an kat gwoup. Se pou yo pran ti gout nan labou a pou plati li pou li sanble ak tablèt ajil. Se pou yo sèvi ak ti baton kòm plim epi ekri sou tablèt labou yo: 'syèl la ak latè a va pase'; 'men pawòl mwen yo pap janm pase'. Mete tablèt yo seche pandan w'ap kontinye ak lesон an.

ISTWA BIBLIK **"Ki Jan Bib La Rive Nou"**

Semèn pase a nou te aprann ke Bib la se pa yon liv òdinè, men yon liv ki pale nou sou Bondye. Jodi a nou mande kesyon an, 'Ki jan nou te jwenn Bib la? ' Vèsè memwa nou an anseye nou ke Pawòl Bondye a ap dire pou tout tan Li se yon vrè mirak, pou wout la Bib la te vin jwenn nou. Moyiz se te premye moun ki te ekri istwa a sou Bondye - paske li te resevwa lalwa Moyiz la (oswa senk premye liv yo nan Ansyen Testaman an) nan men Bondye. Lwa a te ekri sou yon wòch mou nan yon lang ansyen. Apresa jan Bondye te revele plis verite a pèp li a, yo te ekri li sou po mouton ki te koud ansanm nan woulo lontan. Sonje semèn pase a nou te fè kèk woulo. Lè yon moun te vle li pawòl ki nan liv Bondye yo, yo Dewoule liv yo nan plas la kote yo te vle li. Premye Bib la te ekri sou wòch apre sa ajil apre sa, yon kalite paj yo rele papiris, ki te soti nan jon, pita yo vin itilize pachemen epi finalman paj jan ou wè Bib la jodi a. Ekriti ansyen sa yo te sere pandan Anpil syèk pa gason ak fanm ki te konnen ke pawòl la se te pawòl Bondye a. Gason ak fanm toupatou nan listwa te mouri, pran prizon, li gaye tout lènmi nan tout mond lan. Men, yon jan kanmenm Pawòl Bondye a te sove. Si ou rakonte yon istwa vre sou tèt ou ak zanmi ou, konbyen tan ou panse ke li pral sonje li? Petèt yon mwa oswa de mwa. Sa pa ta dwe bon ase si li te tankou yon istwa ke li bezwen yo dwe di ankò e ankò. Sèl lòt fason ke w ta dwe fè sa se ta ekri li konsa yo ta kapab li ankò e ankò. Bondye te vle ke moun jodi yo dwe kapab li tout bagay sou li, men li pat vle oblige refè tout bagay Li di yo: tout moun ki pako janm viv oswa moun ki pral viv, Bondye gen bagay sa yo sou tèt li ke Li vle nou konnen, se konsa Li te bay kèk moun (pwofèt ak Lidè yo) mesaj la pou pataje l. Paske yo te konnen pawòl Bondye a te enpòtan pou tout moun, yo pa sèlman te di moun men yo ekri mesaj yo pou yo te ka toujou chonje. Sa a te pou ou ak mwen ka aprann plis sou Bondye. Nou gen Bib la jodi a paske Bondye asire l ke l'ap dire pou toutan.

KONEKSYON AK LAVI A

Sèvi ak tablèt ajil ou a, aprann vèsè de memwa. Pale sou kèk nan pwoblèm nou ka genyen si sèlman Bib nou an te ekri sou tablèt labou. Kite tablèt yo kontinye sèch epi gade yo chak semèn nan mwa sa a.

Diske sou bezwen ak fason yo pataje Bib ak vèsè nan Bib yo ak lòt moun yo. Fè timoun yo desine imaj yo nan fason pou pawòl la ka pataje (pou yo li ansanm, ede lòt yo memorize l, poze kesyon pandan y'ap tandé; medya e latrìye...) epi tou y'ap kapab fè pwòp imaj pa yo nan fason yo ka pataje pawòl la ak yon zanmi.

Jeremi Ekri Pawòl Bondye A

Leson 20

PATI 2: EKRITI SEN AN

VERITE BIBLIK

Bib la se Pawòl Bondye ki ekri. Nou dwe renmen li pou nou konnen volonte li konsa n'ap kapab viv ak kè kontan avèk li.

OBJEKTIF LESON AN

Ede timoun yo:

- Konprann ke Bib la se pawòl Bondye a.
- Reyalize ke li enpòtan pou nou kwè epi sa li di.
- Jwenn fason pou n fè lekti, koute epi kenbe Pawòl Bondye a.
- Kòmanse fè yo devlope abilite tankou konnen referans ki genyen ant Ansyen ak nouvo tèstaman, Liv nan Bib la, jwenn vèsè, elatriye

VÈSÈ POU APRANN

"*Pawòl Senyè a adrese ak Jeremi: Pran yon woulo liv epi ekri sou li tout pawòl sa yo mwen pral di ou la pou pèp Izrayèl la ...*" (Jeremi 36:1-2).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- **CHAN YO:** *Li labib ou, priye chak jou; Bib la; Bib mwen ak mwen; liv ki pi bon an li se Bib la; elatriye*
- **Enspire** - Bondye-soufle
- **Woulo** - yon fòm liv nan tan Bib la
- Manyèl Legliz Nazareyen, Atik lafwa 4: nan Liv Sentespri
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Anvan kou a, ekri chan sou Bib la ki gen mouvman pou chante nan klas la ak timoun yo. Oswa planifye pou ou montre yo youn oubyen de chan sou bib la ke yo pat konnen. Poze timoun yo kesyon yo sou Bib la tankou: Kisa ki Bib la Ki moun ki te ekri li? Poukisa li te ekri? Ki moun ki dwe li l? Site kèk nan liv ki nan Bib la? Kisa ki chapit ak vèsè nan bib la? Ki lè nou ta dwe li Bib la? Poukisa nou dwe li l? Malgre ke te gen anpil moun ke Bondye enspire yo pou ekri pawòl li, istwa nou an jodi a se sou youn nan yo, Jeremi.

ISTWA BIBLIK

"Jeremi Ekri Pawòl Bondye A"

Jeremi 36

Jeremi te yon pwofèt Bondye ki te chwazi menm anvan li te fèt. Li t'ap bay mesaj pandan tan an lè moun peyi Jida yo ak wa yo te refize obeyi Bondye oubyen mete konfyans nan li pou pwoteksyon. Foul moun yo pat renmen Jeremi, paske li te toujou di yo ke Bondye pa kontan ak tout move bagay sa yo ke yo t ap fè yo.

Pandan tan Jojakim nan, pitit gason Jozyas, wa peyi Jida, Seyè a pale pawòl sa yo ak Jeremi: "**Pran yon woulo liv epi ekri sou li tout mo sa yo mwen pral di ou la a sou pèp Izrayèl la, moun peyi Jida ak tout lòt nasyon yo soti nan tan an mwen te kòmanse pale ak ou a depi sou rèy Wa**

Jozyas la jouk koulye a "(vs 2). Bondye t'ap tann avèk lespwa ke si moun ki tandé pawòl ki ekri yo ta kapab chanje soti nan fason sa ki mal yo. Li vle padonnen yo si yo chanje. Jeremi te gen Bawouk, sekretè l, ki t'ap ekri pandan ke li t'ap dikte mesaj Seyè a. Paske Jeremi pat kapab li mesaj la bay pèp la, li mande Bawouk pou fè sa. Bawouk li pawòl sa yo Jeremi te dikte li a e li ekri sou woulo liv la bay tout pèp la nan tanp Seyè a. Li te ale nan sal sekretarya a, li li l devan tout chèf wa a ki te chita yo. Yo te pè paske yo te tandé verite a e yo te vle wa a koute li tou. Men, wa a pat touche pa pawòl Bondye yo olye sa li boule woulo liv la nèt. Li te tou vle arete Jeremi ak Bawouk akoz liv la. "**Men, Seyè a te kache yo**" (vs 26b). Seyè a bay Jeremi enstriksyon "**pou li pran yon lòt woulo paj epi ekri sou li tout pawòl ki te sou premye woulo liv la...**" (vs. 28). Sa a se fason nou te resevwa mesaj la nan Bondye nan bouch pwofèt Jeremi. Anpil lòt moun te ekri nan sikonstans diferan jan yo te inspire pa Sentespri a. Menm jan ak Jojakim, lòt moun yo te eseye detwi Bib la men li toujou kanpe ak verite li pote delivrans bay tout moun ki kwè. Li fè Bondye plezi lè nou li Bib la ak chanje fason nou, oubyen nan jan nou konpòte nou dapre ansèyman li yo.

Koneksyon ak lavi a

Repete kesyon yo ou te poze nan kòmansman an epi ede timoun yo ak repons yo. Tou depan de laj ak kapasite timoun yo, pote anpil Bib nan klas la pou kèk egzèsis. (Si Bib yo pa disponib, itilize imaj ki nan fèy aktivite a pou w ka ede yo aprann liv yo ki nan Bib la.)

1. Montre Ansyen ak Nouvo Testaman an.
2. Site non yon liv epi montre yo ki jan yo jwenn li.
3. Bay yon referans ekriti epi anseye yo ki jan yo jwenn li.

Repete egzèsis la si ou gen tan.

Tou depan de kapasite elèv k'ap aprann yo, divize Jeremi 36 nan seksyon yo ke yo ka li endividyleman oubyen an gwooup pandan semèn nan.

Fè timoun yo desine imaj ki nan Bib la sou fèy aktivite yo a, epi fè yo etidye lis liv ki nan Bib la.

Voye timoun yo ale avèk yon priyè pou ke yo grandi nan renmen epi nan kwè Pawòl Bondye a konsa y'a chanje fason y'ap viv.

Pawòl Bondye A Montre Wout La

Leson 21

PATI 5: EKRITI SEN AN

VERITE BIBLIK

Bib la se Pawòl Bondye a ki ekri. Nou dwe li l epi chanje fason nou pou n aji yon fason ki dakò ak volonte Bondye.

OBJEKTIF LESON AN

Ede timoun yo:

- Konprann ke Bib la se Pawòl la Bondye.
- Wè ke li vrèman sèvi kòm yon limyè nan fason n'ap viv pou montre moun sa yo dwe fè ak sa yo pa dwe fè.
- Ede timoun yo jwenn fason nan lekti, koute epi kenbe Pawòl Bondye a

VÈSÈ POU APRANN

"*Mwen kache pawòl ou nan kè mwen pou m pa peche kont ou*" (Sòm 119:11).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Chante Sijere: *Li Bib ou a, priye chak jou; La B-I-B-L-E; Bib mwen ak mwen; liv ki pi bon pou li se Bib la.*
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv
- **Kontra** - yon akò ant Bondye ak pèp li a, li pwomèt l ap ede yo epi L'ap yon zanmi pou tout moun ki obeyi li pandan ke yo te pwomèt y'ap renmen epi obeyi li nan tout bagay.
- Manyèl Legliz Nazareyen, Atik lafwa 4: Ekriti

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Anvan kou a, ekri chan sou bib la ki gen mouvman pou chante nan klas la ak timoun yo. Oswa planifye pou ou montre yo youn oubyen de chan sou bib la ke yo pat konnen. Si tan an pèmèt ou, repepe kèk nan eggésis yo ou te fè semèn pase a.

Mete aksan sou efè li Bib la gen sou lavi yo jan sa endike nan chante yo, tankou chante ki di: *Li Bib nou yo, priye chak jou epi* pale sou kwasans espirityèl k'ap vini nan etidye pawòl ki nan Bib la. Sa a se enpòtan pou ede timoun yo konprann ke dezi Bondye a se pou nou chanje fason nou aji akòz n'ap swiv pawòl Li a.

Istwa nou an jodi a se sou Jozyas, wa peyi Jida a ki te fè Bondye plezi paske apre li te fin li Pawòl Bondye a, li te ede nasyon li a sèvi Bondye tout jou nan lavi li.

ISTWA BIBLIK

"Pawòl Bondye A Montre Wout La"

2 Wa 22-23:23; 2 Istwa 34:14-33

Wa Jozyas te youn nan wa peyi Jida yo ki te gen wit an (8) ane lè li vin wa. Li te renmen Senyè Bondye a ak tout kè li epi fè sa ki dwat nan je li. Nan wityèm (8th) ane gouvènman li a, li te kòmanse retire tout bagay sa yo ki pat fè Bondye plezi nan peyi Izrayèl la. Li fè disparèt tout imaj fo dye yo

sou tout lotèl yo. Nan dizwityèm (18th) ane li yo, li te mande Ilkija, granprèt la, pou fè reparasyon nan tanp Bondye a ak lajan an ki te antre nan tanp lan. Aranjman yo te fè pou travayè yo kòmanse travay la. Travayè tankou sipèvizi, bòs mason yo, bòs chapant. Men, pandan ke yo te toujou ap pote lajan vini, Ilkija, jwenn liv lalwa Bondye a. Li te fè Chafan, sekretè wa a, li liv la bay wa a. **Lè wa a tande pawòl nan liv Lalwa a, li chire rad sou li.** Sa a se te fason ke moun pèp Izrayèl yo te montre ki jan yo tris oswa fache. Wa Jozyas te tris anpil paske pèp li a te ale tèlman lwen lalwa Bondye a. Li te pè paske li pat konnen kisa Bondye ta pral fè yo pou tout dezobeyisans sa yo.

Apresa li voye kèk lidè kote pwofetès Oulda pou li ka konnen kisa Bondye ap fè avèk yo. Bondye te kontan ak Jozyas paske li te montre anpil tristès lè li te tande pawòl ki nan lalwa a. Bondye te pwomèt ke Li pap pini Jozyas ak pèp li a pandan tout lavi li. Ak anpil rekonesans, Jozyas sanble tout moun lavil Jerizalèm yo - soti nan pi piti pou rive nan pi gran an nan tanp lan. "**Li te li nan zorèy yo tout pawòl ki nan liv kontra a ke li te jwenn nan tanp lan**". Li kanpe bò gwo poto a nan tanp lan, li renouvre kontra a pou "**li swiv Seyè a, epi kenbe kòmandman l, règleman ak lòd Bondye yo ak tout kè li ak tout nanm li, epi obeyi pawòl ki ekri nan liv kontra a**". Li te fè moun pran angajman pou respekte kontra a epi yo te fè sa. Nan respè lalwa Bondye a, Jozyas kontinye ap retire tout vye zidòl yo soti nan peyi Izrayèl la. Li "**te egzije tout moun ki t'ap viv nan peyi Izrayèl la sèvi Seyè a, Bondye yo a. Pandan tout tan li te rete li t'ap viv la, yo pat rate anyen nan jan yo tap swiv Seyè a, Bondye zansèt yo a**".

Si nou li, koute epi kenbe Pawòl Bondye a nou ap grandi kòm kretyen ki konnen volonte Bondye a ak aprann obeyi li nan tout bagay.

Koneksyon ak Lavi a

Ankouraje timoun yo pote atansyon sou Pawòl Bondye a nan tout tan. Pwofite kote ki pi piti posib, evènman ak / oswa aktivite tankou zòn pou jwe, lari, zòn komèsyal, elatriye kote timoun yo ka jwenn tande Pawòl Bondye a. Fè yo pale sou konbyen fwa yo te rive tande Pawòl Bondye a ap li, anseye oswa preche pandan semèn ki sot pase a (Dimanch a Samdi). Fè yo panse ak lakay, legliz, radyo, televizyon, reyinyon kan, elatriye kòm posibilite pou pi gran. Si tan an pèmèt yo, yo ta ka tou eksplike kote li te ye ak sa ki te pase. Konsantre sou devwa lekti semèn pase a, ede timoun yo wè sa chak seksyon yo anseye ak ki jan yo ta dwe ede nou chanje fason pou nou aji.

Ede timoun yo fin konplete desen kè a ki gen anndan l pawòl ki nan vèsè yo te aprann nan. Pase kreyon sou lèt yo pou fonse yo epi rann li fasil pou kapab wè yo.

Fini seyans lan ak lapriyè pou ke timoun yo ogmante nan lanmou yo pou Pawòl Bondye a ak depann sou li kòm yon lanp kap klere pye yo.

Pale Verite A Nan Lanmou

Leson 22

PATI 6: VIN YON KRETYEN

VERITE BIBLIK

Onètete bati nasyon an epi li kòmanse ak ou

OBJEKTIF LESON

Pou ede timoun yo:

- Reyalize ke lè ou rete onèt sa bay fòs ak lespri w, nanm ou ak kò ou e li konstwi yo nan renmen
- Konprann ke nou pa janm pou kont nou lè nou kanpe pou la verite.

VÈSÈ POU APRANN

« *Senyè Pa vle wè moun k'ap bay manti, men Li kontan ak [moun] ki toujou bay verite.* » (Pwovèb 12:22)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Li Pwovèb 12, 13 ak 14 anvan klas la pou w ka idantifye deklarasyon sou verite (deklarasyon sou toujou di laverite epi onèt) ke ou vle bay nan klas ou a.
- Manyèl Legliz Nazareyen, Kontra nan karaktè kretyen an
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Èske w pa jamm bay yon manti ki lage yon lòt moun nan pwoblèm akoz de sa ou te di a? Petèt yo te menm tonbe nan kache. Èske ou tejis panse, mwen byen kontan mwen pat di laverite a oswa se mwen menm ki ta dwe nan kache a? Èske w pa janm vòlè bagay yon lòt moun? Èske w pa janm te blame yon moun pou yon bagay ke ou menm ou te fè? Èske w te di yon istwa ki pat vre?

Moun bay manti ak vòlè sak pa pou yo paske yo pa wè pyès lòt moun, men sèlman tèt pa yo. Yo pa gen okenn lanmou pou lòt moun. Tout sa yo vle fè se chache pou tèt yo. Vèsè memwa nou an di nou ke Seyè a rayi moun k'ap bay manti, men li pran plezi nan moun ki gen verite nan li. Bondye se renmen, se konsa li rayi tout bagay ki opoze ak renmen. Bay manti sou yon moun se menm jan ou te rayi li.

ISTWA BIBLIK

"Pale Verite A Nan Lanmou"

Efezyen 4:25-32; Pwovèb 12, 13 ak 14

Pou yon moun ptit Bondye, li dwe toujou di laverite avèk lòt moun. Men anvan tou nou bezwen kòmanse di verite a tèt pa nou. Nou dwe santi nou renmen tèt pa nou anvan nou ka kòmanse renmen lòt moun. Nou pa ka rete ti bebe tout lavi nou. Bay manti oswa vòlò sa lòt moun genyen fè nou sispann grandi pou devni kalite moun ke nou te sipoze ye a. Lòt moun pap mete konfyans nan nou oswa kwè sa nou di si yo kenbe nou nan bay manti. Pou yon tan nou ka chape san moun pa wè nan fè zak malonèt, toujou atann lòt moun ap kenbe w talè konsa nan manti w'ap bay yo. Lè ou se yon moun onèt e moun fè w konfyans, ou pa sèlman montre lòt moun ke ou renmen yo epi ou vle pwoteje yo, men ou montre tèt ou ke ou renmen tèt ou epi ou vle grandi pou ou vin pi bon. Pòl anseye ke kòm

timoun nan limyè, nou dwe toujou pale verite a avèk renmen nan kè nou. Se pa sèlman paske nou renmen tèt nou ak lòt moun, men tou, paske nou se yon pati nan youn ak lòt menm jan nan yon fanmi. Lè sa a, nou ap grandi yo dwe tankou Jezi, kite l gen egzanp nou an. Nou pral vin fè pati fanmi Bondye a, kote tout moun sipòte youn ak lòt nan laverite ak nan renmen. Lèfini, nou chak pral fè pati pa nou pou wayòm Bondye a.

Koneksyon ak lavi a

Koupe soti 12 oswa plis fòm pwason ki sòti nan yon moso paj. W'ap pran Pwovèb 12, 13 ak 14, ekri sou chak pwason youn nan deklarasyon sa yo ki mansyone (egzanp Bon temwen an bay temwayaj ki jis [12:17]), 'Moun k'ap mache ak moun ki gen bon konprann ap grandi nan bon konprann' [13:20], 'moun k'ap mache dwat devan Bondye a rayi sa ki fo' [13:5]). Koulye a, mete pwason sou planche a oswa nan yon gwo bòl. Fè yon pwason pou chak timoun yo. Yo te kapab kreye estatik ki sòti nan yon plim plastik (fwote l nan cheve nan tèt yo oswa sou tapi a) oswa fè yo sèvi avèk sèlman ti dwèt yo (niche dwèt la) atrape yon pwason depi yo kenbe pwason an, se pou yo li vèsè a ki enprime sou pwason an.

Lè yo fini fè lekti a, fè yo chwazi twa deklarasyon ke yo renmen epi fè yo ekri mo sa yo sou pwason ki nan paj aktivite a.

Diske sou bagay sa yo abi ki soti nan vòlè ak bay mant. Se pou yon moun rakonte yon istwa sou yon moun ki te soufri paske yo te fè li ditò. Pale sou sa ki ta dwe fèt olye pou yo bay mant.

Priye pou timoun yo konsa yo va vle vini tankou Jezi epi yo va fè efò pou yo onèt nan tout sitiayson.

Fè Menm Jan Ak Jezi

Leson 23

PATI 6: VIN YON KRETYEN

VERITE BIBLIK

Nou ka vin tankou Jezi si nou chache imite l 'nan tout bagay epi konsa na devni anbasadè fidèl nan Wayòm Li a'.

OBJEKTIF LESON

Pou ede timoun yo:

- Reyalize ke imite Kris la ede nou vin tankou Jezi
- Konprann ke nou kapab Anbasadè sèvitè li fè konfyans pou wayòm li a

VÈSÈ POU APRANN

"Se pou swiv egzanp Bondye yo, tankou timoun yo renmen anpil." (Efezyen 5:1)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen, Kontra nan karaktè kretyen
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Semèn pase a nou te aprann ke nou dwe toujou pale verite a avèk renmen nan kè nou, pou nou ka grandi jiskaske nou vin tankou Jezi, pran egzanp ki soti nan li. Sa vle di ke nou pral fè pi byen lè n'ap imite oubyen kopye sa Jezi te fè. Sa ki enteresan anpil sè ke lè n'ap eseye imite Jezi nou pa fè 1 pou kont nou- lè Jezi ap viv nan kè nou, Li ede nou fè bagay Li vle fè. Se konsa nou ap vin anbasadè fidèl li yo.

ISTWA BIBLIK "Fè Menm Jan Ak Jezi" 2 Korentyen 5:11-21

Lè gouvènman nan yon peyi voye yon moun nan yon lòt peyi pou reprezante li, moun sa a rele anbasadè. Koulye a, yo bay anbasadè yo otorite pou pale nan non gouvènman peyi yo reprezante a. Poukisa? Paske yo vin devni sèvitè yo fè konfyans. Lidè peyi yo a konnen yo ke yo pral sèlman di ak fè bagay ki nan enterè ki pi bon pou peyi lakay yo.

Menm jan ak Pòl, nou vle vin anbasadè pou Jezi. Sa vle di ke nou dwe di ak fè bagay sa yo ke Jezi t'ap di oubyen fè. Jezi dwe kapab mete konfyans nan nou pou di bagay sa yo a lòt moun nan non li. Li konnen ke lòt moun pral wè 1 nan kè nou. Kòm n'ap vin pi plis sanble ak Jezi, konsa tou nou dwe pwoche pi pre youn ak lòt.

Èske w pa jamm wè yon kabwèt oswa yon wou bisiklèt? Li gen yon mwaye (nan mitan wou a kote aks la antre a) ak anpil reyon. Apati de jant lan ki deyò, reyon yo desann nan aks la ki se sant lan pandan yo ap desann pi pre sant lan reyon yo vin pi pre youn ak lòt tou. Se sa ke nou ta dwe toujou ap fè kòm kretyen. Jezi se sant lan nan volan kretyen an. Depi nou pwoche pi pre li, nou vi n pi pre lòt moun yo tou. Lè nou menm kòm anbasadè Jezi yo nou tou pre li epi nou pale ak lòt moun de li, yo ka wè imaj Jezi yon fason ki klè nan lavi nou.

KONEKSYON AK LAVI A

Fè timoun yo pran imite yon moun yo konnen. Rès nan klas la dwe eseye devine ki moun ke y' ap imite a.

Trase yon kabwèt oswa yon wou bisiklèt epi ekri mo Kris la nan sant lan. Epi ekri non timoun nan klas ou yo kote reyon yo t'ap sipoze ye a, pandan timoun yo ap swiv pandan y'ap fè menm aktivite sou papye yo a. Pale sou fason pou n kenbe Jezi nan sant lan ede nou vin pi plis tankou Jezi, li pwoche nou pi pre youn ak lòt.

Pataje Bon Nouvèl Sali A

Leson 24

PATI 6: VIN YON KRETYEN

VERITE BIBLIK

Mennen lòt moun vin jwenn Kris, se Youn nan siy ki montre ke ou se yon kretyen. Gen anpil fason ke bòn nouvèl la kapab pataje. Pòl se yon egzanp de yon vrè temwen Kris la.

OBJEKTIF LESON

An ede timoun yo konprann:

- Ke mennen lòt moun vin jwenn Kris la se yon siy ki mache ak yon kretyen.
- Ankouraje yo pou yo pa wont pale ak lòt moun de Kris la Ede yo jwenn diferan fason pou pataje levanjil la.

VÈSÈ POU APRANN

"*Mwen pa wont anonse bòn nouvèl Jezi Kris la paske li se pouvwa Bondye pou sali moun.*" (Ròm 1:16)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Lavi kretyen an ta dwe pote fwi. Evanjelizasyon se pa sèlman pou evanjelis - nou tout nou aple pou nou vin temwen Kris la. (Travay 1:8)
- Asire ou ke ou jwenn fidbak de timoun yo sou aktivite a semèn pwochèn.
- Manyèl Legliz Nazareyen, Kontra karaktè kretyen yo
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Fè yon sèl timoun pase devan. Timoun sa a dwe chwazi yon zanmi ki nan klas la pou 1 mennen li devan. Apresa a, fè chak timoun ki ale devan mennen yon lòt. Kontinye ak aktivite sa a jiskaske tout timoun yo vin kanpe devan an epi yo tout kenbe men avèk sila ki te mennen yo devan an.

- Mande yo ki jan yo te wè 1 fasil oswa difisil pou yo te mennen yon zanmi devan an.
- Ki jan moun ki te mennen yon lòt moun devan an premye a santi li?
- Chache konnen ki jan yo te kòmanse vini legliz la. Mande si nenpòt nan yo te envite pa yon lòt pou yo vini nan legliz la. Kite moun ki te envite lòt moun yo di ki jan yo te fè sa ak pou ki rezon.
- Ou panse li difisil pou ou pou w envite yon zanmi pou li vini legliz?

ISTWA BIBLIK

"Pataje Bòn Nouvèl Sali A"

Travay 9:1-22; Women 1:14-17

Sòl moun lavil Tas, yo konnen li tou sou non Pòl, byen ke li se yon sitwayen women de nesans, se te yon Jwif ki te byen fèm nan tradisyon Jwif yo. Nan zèl li pou Bondye ansanm ak lalwa Moyiz Jwif la li atake legliz la. Li te fè sa paske li te kwè ke legliz la t'ap pale mal oubyen blasfème lè y'ap anonse Jezi Kris la kòm Seyè ak Mesi a.

Konsa, pandan li nan wout pou vin detwi legliz la nan lavil Damas, li te konvèti yon fason ekstraòdinè lè Jezikri te parèt devan 1. Jezi rele 1 pou li vin yon apòt pou moun lòt nasyon yo. Se poutèt sa, touswit apre konvèsyon li, Pòl te kòmanse pataje bòn nouvèl la sou jan Bondye delivre moun anba peche e anpil moun te kwè nan Jezi Kris. Liv Travay apot la pale sou kòman pandan tout lane Pòl t'ap preche epi anseny li te kòmanse legliz yo espesyalman nan vil kote li te pase yo. Anplis de sa, li vizite legliz li te kòmanse yo, li te ekri lèt voye ba yo pou gide yo lè li pa kapab ale vizite. Trèz nan lèt sa yo yo enkli nan Bib la yo rele yo lèt Pòl. Nan fason sa a Pòl kontinye ap pataje bòn nouvèl la menm avèk nou jodi a. Pòl te konplètman angaje nan pataje bòn nouvèl la nou wè sa nan pawòl li nan Women1:14-17. La a li di ke se yon obligasyon pou li preche tout pèp, Women yo tou (1:14-15). Dezi Pòl la se ke li pral pataje levanjil la avèk tout moun kelkeswa kalite moun nan. Rezon ki fè li gen zèl se paske bòn nouvèl la "**se pouvwa Bondye a pou delivre tout moun ki kwè**" (1:16). Pouvwa a nan bon nouvèl la vle di kapasite li genyen pou sove moun ki kwè yo nan peche epi chanje lavi yo. Pòl te wè pouvwa sa a chanje l epi fè li soti nan touye moun ki kwè pou li vin sèvitè Kris la. Se poutèt sa li pa wont anonse bòn nouvèl la. Rezon ki fè bòn nouvèl la vle di delivrans pou moun ki resevwa li ak lafwa se paske li revele yon jistis ki soti nan Bondye (1:17). Yon jistis ki ka resevwa pa lafwa epi ki ap kontinye sèlman pa lafwa. Se pou rezon sa Pòl te fonse ak anvi pataje bon nouvèl la ak tout moun paske nenpòt moun ki kwè ka resevwa jistis ki soti nan Bondye.

Nan pataje levanjil la, Pòl te fidèl nan karaktè li kòm yon disip Kris la epi ki obeyi Seyè a. Li sèvi tou ak diferan fason pou pataje bòn nouvèl la tankou ankouraje lòt moun, vizite yo, anplis li ekri lèt pou preche epi anseny yo.

KONEKSYON AK LAVI A

Pataje bòn nouvèl la ak lòt moun:

Kretyen yo dwe nan yon fason oubyen yon lòt, anonse bon nouvèl ki pale sou Kris la bay pèp la bò kote yo. Diskite avèk timoun yo nan ki fason yo ka pataje bon nouvèl la ak lòt moun: Fè yon lis "lòt moun" ki kapab se responsabilite pou klas ou a, egzanp. Paran, Sè ak / oswa Frè, fanmi ki pi lwen, Zanmi, Vwazen, Pwofesè yo, kamarad klas ak / oswa kanmarad jwèt, elatriye... Ekri fason pratik ke timoun yo kapab pataje bòn nouvèl 1 la ak lòt yo. Fè yo desine imaj yo ki nan fèy aktivite yo a nan fason ke nou kapab pataje Bòn nouvèl Sali a. Chwazi yon kategori nan lis ou a epi deside ak timoun yo sou fason ke nou pral pataje bòn nouvèl la ansanm ak yo pandan semèn nan. Ankouraje timoun yo, lapriyè pou Seyè a ede yo chak pou yo angaje yo nan travay sa a epi pou yo fè 1 jan sa dwe fèt la.

Fè Byen Ak Tout Moun

Leson 25

PATI 6: VIN YON KRETYEN

VERITE BIBLIK

Fè sa ki byen ak lòt moun se yon siy ki lakay yon kretyen. Se poutèt sa, Kretyen yo dwe fè sa ki byen ak tout moun san patipri tankou Abraram te fè li a.

OBJEKTIF LESON

Ede timoun yo: konprann ke pran swen moun ki nan bezwen se yon siy pou yon kretyen. Ankouraje yo fè sa ki byen a lòt moun san patipri.-Ede yo jwenn fason pou ede lòt moun.

VÈSÈ POU APRANN

"Li te montre w, ou menm lòm sa a ki byen ; epi sa Seyè a mande pou ou fè se pratike lajistis, epi se renmen kè sansib epi viv ak imilite devan Seyè a." (Miche 6:8)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen, Kontra a nan karaktè kretyen
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

- Kite timoun yo pataje panse yo sou moun pòv yo ki ap mande charite nan lari a.
- Mande si nenpòt nan yo te janm te malad nan lopital la epi kite yo pataje eksperyans yo
- Mande yo si pat janm nan prizon? Si yo te ale nan prizon, se pou yo pataje eksperyans yo nan prizon an avèk nou
- Pandan diskisyon sa a, pwofesè a ta dwe pran nòt espesyal, pandan timoun yo ap eksprime santiman sa-yo ak eksperyans yo.
- Konkli pandan w'ap rezime pawòl Jezi yo nan Matye 25:35-36, 40 konsènan fè byen ak lòt yo. Li konekte ak istwa a jodi a.

EKSPLORASYON NAN BIB LA

"Fè Byen Ak Tout Moun"

Genesis 18:1-33

Abraram te rete bò gwo pyebwa ki nan Manmre. Li te rete nan yon tant. Li te vin viv nan kote sa a paske Bondye te rele l soti nan vil li, pou li ale lwen pèp li a. Yon jou lè li te chita nan papòt la nan tant li, li wè twa mesye kanpe devan ki tou pre. Menm si li pat konnen mesye sa yo, li te vle yo antre lakay li pou yo pran yon ti repo. Li kouri al jwenn yo, li di yo bèl bonjou, li bese byen ba atè a pou salye yo. Nan fason sa a Abraram te montre kijan li te respekte yo. "Tanpri pa pase lwen sèvitè ou", li te envite yo, "nou pral ba ou dlo pou lave pye ou apre sa pran yon ti repo anba pyebwa sa a. « Nou pral prepare kichòy pou ou manje tale konsa », li te kontinye pou l di. "Abraram te byen reflechi", etranje yo t'ap panse kòman ak kè kontan yo te aksepte envitasyon Abraram nan sitou li te fè cho

anpil nan jou sa a. Se konsa, Abraram, ansannm ak Sara, madanm li, byen vit prepare pen, vyann ak lèt pou moun etranje sa yo. Pandan ke yo t'ap manje, Abraram te kanpe bò kote yo tou pare pou sèvi yo plis sizanka yo ta bezwen ankò.

Abraram te fè byen lè li te envite ak pran swen moun san li pat atann anyen an retou. Men, Abraram pat konnen ke etranje sa yo se te zanj Bondye te voye. Yo te vin di l yon bòn nouvèl ! Sara, madanm Abraram lan ta pral gen yon ti bebe malgre li te fin granmoun – dapre laj li li ta dwe gentan yon grann.

Kòm etranje yo ta pral kite kay Abraram lan, yo te tou anonse li destriksyon ki gen pou frape lavil Sodòm akòz peche yo ki te grav anpil. Malgre sa a pat yon bon nouvèl, li te bay Abraram yon chans pou lapriyè pou lavil Sodòm pou li ta chape. Otè liv ebre 13:2 te panse sou aksyon Abraram te fè a, lè li te ekri: "**Pa neglige resevwa etranje, paske nan aji konsa gen moun ki resevwa zanj lakay yo san yo pa konnen**". Sa annakò avèk ansèyman Jezi a nan Matye 25:31-46. Nou wè la a ke Kris la fè parèt responsablitè kretyen an a tout moun ki nan nesesite - grangou, swaf dlo, etranje, toutouni, malad oswa nan prizon anplis de sa, bezwen espirityèl yo.

KONEKSYON AK LAVI A

"*Si ou te... kisa w t'ap fè lòt yo fè?*" Chwazi kèk nan mo sa yo - grangou, swaf dlo, toutouni, etranje, malad, nan prizon - epi sèvi ak yon sèl alafwa pou konplete fraz la. Diskite sou chak ak timoun yo epi mete repons yo kote yo ka wè yo. Fè menm bagay la ak "*Si... (yon lòt timoun oswa yon lòt moun) te... ki sa ou t'ap fè?*" Konpare epi diskite sou repons yo. Dakò sou youn oubyen de aksyon ke klas la kapab pouswiv pandan semèn nan. Ou ka deside sou moun ki bezwen èd epi kòmanse ranmase atik ki ka sèvi pou ba yo. Sa yo ou ka delivre yo san yo pa fè l an piblik.

Fè timoun yo desine (oubyen koupe fèy journal) oubyen (fèy magazin) pou kole sou fèy aktivite yo a de sa yo vle fè pou lòt moun.

Fini avèk yon priyè pou Seyè a ede chak moun pou yo fidèl nan travay sa a ak batì yon atitud nan fè sa ki byen pou lòt moun.

Rete Fidèl Epi Grandi

Leson 26

PATI 6: VIN YON KRETYEN

VERITE BIBLIK

Fidelite se yon lòt siy ki lakay ou lè ou se kretyen epi li ede nou grandi tankou pitit Bondye.

OBJEKTIF LESON AN

- Ede timoun yo konprann ke lè ou fidèl se yon siy pou kretyen an.
- Ankouraje yo pou yo fidèl e pou yo pratike sa k'ap ede yo grandi.
- Ede yo jwenn kèk bagay ke yo dwe fè pou yo grandi kòm kretyen.

VÈSÈ POU APRANN

"*Se pou nou pa kite asanble nou, se abitid kèk moun nan nou, men se pou nou ankouraje youn lòt, sitou jou Senyè a vin pi pròch.*" (Ebre 10:25)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen: Kontra nan karaktè kreyen
- **Batèm** - yon temwayaj ke yon moun te resevwa Kris la kòm Sovè yo ak yon senbòl ke Bondye te padonnen peche yo.
- **Mwayen gras la** - gen ladan adore nan legliz, devosyon prive, li Bib, etidyé la Bib, preche, kominyon fratènèl, batèm, soupe Seyè a, temwanye, jèn, elatriye - tout aspè nan adorasyon ak
- disiplin espirityèl
- Kopye Paj Aktivite a pou chak élèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Kòmanse ak yon powèm oswa yon chan sou yon timoun k'ap grandi. Li dwe gen ladan l kèk nan bagay sa yo ke yon timoun bezwen pou fè li grandi. Lè sa a, diskite sou kesyon sa yo: Ki kèk nan bagay sa yo yon timoun bezwen pou li grandi? Kisa yon timoun dwe fè pou li grandi? Kisa ki pral rive si bagay sa yo pa rive?

Si pa gen okenn chante oswa resite powèm, diskite sou kesyon ki anwo yo ak timoun yo. Tout moun ki vrèman kwè nan Jezi Kris la se ptit Bondye. Se poutèt sa, yo dwe grandi. Kouman yo ka grandi? Chante "Li labib ou, priye chak jou" oswa yon chante menm jan an sou yon kreyen, fidelite ak kwasans.

Bagay sa yo nou t'ap chante sou yo se kèk nan fason Bondye ede moun grandi tankou kreyen. Yo rele yo "mwayen gras la". Istwa jodi a pale nou sou kèk nan bagay ke legliz anvan yo te fè yo pou yo grandi epi sa yo se fason ke Bondye itilize pou ede nou grandi tou.

EKSPLORASYON NAN BIB LA

"Rete Fidèl Epi Grandi"

Travay Apot 2:42-47

Apre mesaj Pyè te fin preche nan jou Lapannkòt la, anpil moun aksepte mesaj li a epi li te batize yo. Nouvo kwayan sa yo imedyatman **konsakre** tèt yo pou yo reyini nan tanp lan ak nan kay yo chak jou pou apot yo te ka ansenyé yo. San ansèyman apot yo, yo pa t'ap konprann ministè Jezi a sou latè, soufrans li ak lanmò li sou kwa a ak rezirèksyon li ak sa ke verite sa yo vle di pou yo. Konprann ki jan pwofesi yo nan Ansyen Testaman an te rive vre nan lavi Jezi epi sa te fòtifye lafwa yo nan Bondye.

Yo te gen **rankont** youn ak lòt. Yo te vini ansanm kòm zanmi, yo te montre kè kontan yo nan lavi sa a ke yo te gen nan Kris la. Tèt ansanm sa te rann li posib pou yo renmen youn lòt. Yo te gen jwa e kontan pandan yo t'ap fè Iwanj pou sa Li ye ak sa Li fè.

Nouvo kwayan sa yo te angaje yo pou yo **manje ansanm** (42, 46b). Sa a gen ladan li tou de, manje Seyè a epi manje òdinè nan kay yo. Yo pa sèlman te rankontre nan tanp lan, men yo menm tou yo te vizite youn ak lòt.

Anfen, yo te konsakre nan lapriyè. Yo pa sèlman aprann ak te pale osijè de Bondye, men yo menm tou yo pale ak li. Yo mete ajenou devan l, medite sou li, yo fè demann pou tèt yo ak pou lòt moun.

Li sanble tankou yo pat kapab gen ase nan Bondye! Seyè a te rekonpanse yo yon jou pou fidelite yo ak devosyon yo. Yo te grandi nan relasyon yo ak Bondye, epi kantite a te ogmante tou. Nan kèk fason yo te vin differan e lòt moun yo te kapab wè sa. Se konsa, tout bò kote yo te "**te ranpli avèk mirak**" (43) Yo tout yo t'ap "**rejwi nan favè tout pèp la**" (47A). Anplis de sa "**Seyè a te ajoute plis moun chak jou, moun ki te sove**" (47b).

KONEKSYON AK LAVI A

Fason ke Legliz primitif la te swiv pou li grandi, ekri yon lis bagay ke yo fè nan legliz ou a. Nan lis sa a ajoute lòt bagay ke yo fè nan legliz ou a. Kilès nan bagay sa yo ou renmen fè? Poukisa? Kijan nou ka ede w renmen sa ou pa renmen fè yo? Kisa w ka fè pou ou ede tèt ou renmen yo?

Ede timoun yo idantifye yon pwen depa pou yo angaje yo nan senmenn k'ap vini an epi pou fè rapò de pwogrè yo fè nan lòt reynyon klas k'ap vini an. Fini klas la avèk priyè sa a ke Seyè a pral ede chak timoun yo pou yo fidèl nan patisipe nan tout mwayen gras la espesyalman nan angajman yo nan semèn nan. Fè yo desine nan imaj aktivite yo a yon fanmi k'ap li Bib, yon fanmi k'ap priye, Timoun ki anndan yon legliz, yon timoun/oubyen plizyè timoun k'ap batize/oubyen k'ap pran Lasent Sèn. \

Renmen Bondye Ak Renmen Lòt Moun

Leson 27

PATI 7: KONPÒTE KÒM KRETYEN

VERITE BIBLIK

Bondye te ban nou règleman yo pou anseye nou ki jan pou nou viv pou li epi youn ak lòt nan renmen, kè kontan ak kè poze. Kretyen yo dwe viv daprè prensip sa yo.

OBJEKTIF LESON

- Ede timoun yo konprann ke kòm kretyen nou dwe viv dapre règleman Bondye yo.
- Ankouraje yo renmen Bondye ak lòt moun dapre règleman Bondye yo.
- Ede yo jwenn nan ki fason yo ka montre lanmou pou Bondye epi ak pou lòt moun.

VÈSÈ POU APRANN

"Si ou vle antre nan lavi, obeyi kòmandman yo." (Matye 19:17c)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen: Kontra Sou Kondwit kretyen
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Chwazi depi davans yon jwèt kout men yo pi renmen pou timoun yo jwe pandan y'ap antre! Fè aranjman avèk yon timoun k'ap eseye kraze oswa chanje règleman yo pou benefis pwòp tèt li. Fè rès klas la ap gade sa k'ap fèt la. Lè jwèt la fini, diskite sou enpòtans ki genyen nan mete règleman pou jwèt la - ki jan yo ede gide epi fè jwèt la agreyab ak konsekans ki genyen lè y'ap chache kraze oswa chanje yo pou benefis pèsonèl pandan jwèt la.

Dis kòmandman yo ke Bondye te bay moun pèp Izrayèl yo kòm règ pou viv chak jou, yo toujou enpòtan jodi a. Jezi pat detwi yo, men te montre ke yo dwe obeyi yo pou yo ka resevwa lavi etènèl la. Yo anseye nou ki jan pou nou renmen Bondye. Yo anseye nou tou ki jan pou nou renmen ak viv ansanm youn ak lòt nan renmen, kè poze ak kè kontan.

EKSPLORASYON NAN BIB LA

"Jezi Ak Jrenom Rich La"

Matye 19:16-22

Yon jou pandan Jezi te kòmanse fè wout li, yon jenn ti nonm rich kouri vin jwenn li. Li te di Jezi, "Mèt, ki bon bagay mwen dwe fè pou m ka resevwa lavi ki pap janm fini an?" Jezi reponn li: "Si ou vle antre nan lavi, obeyi règleman Bondye a". Jrenom lan te mande, "Kilès kòmandman sa yo?" "pa touye moun, pa fè adiltè, piga ou volò, pa bay manti, gen respè

pou papa w ak manman w" Règ sa yo te fè pati dis kòmandman Bondye te bay Moyiz la. Yo anseye moun ki jan Bondye vle yo renmen youn ak lòt. Jenn gason an te kontan tande sa yo epi li reponn: "**Tout sa yo mwen te kenbe yo depi m te tou piti. Ki sa mwen bezwen fè anplis toujou? "**"
"Si ou vle bon nèt san manke anyen, Jezi di konsa: "**ale, vann tou sa ou genyen epi bay pòv yo, epi ou pral gen yon richès nan syèl la. Lè ou fini, vin swiv mwen**". Lè jennom lan tande pawòl sa yo, li al fè wout li tou tris, paske li te gen anpil byen. Epi, li te renmen richès li plis pase Bondye. Li pat vle pati ak li kòm Jezi te montre nan repons li a.

Pandan ke jennom rich la te kontan pou li renmen lòt moun selon règ Bondye yo, li te refize swiv règleman Bondye yo nan renmen Li. Se poutèt sa li pat kapab jwenn lavi etènèl nonplis.

KONEKSYON AK LAVI A

Ede timoun yo memorize Dis Kòmandman yo pandan w'ap reponn de (2) kesyon sa yo ki nan etid la-plase nan fèy aktivite yo.

- Ki jan nou ta dwe renmen Bondye?
 - Nou dwe gen lòt bondye pa fè estati ziddòl pou tèt
 - nou pa sèvi mal ak non Seyè a
 - Kenbe apa jou repo a
- Ki jan nou ta dwe renmen lòt moun? Respekte papa ou ak manman w pa touye Piga ou fè adiltè
 - piga ou vòlè
 - Piga ou bay manti
 - pa janm pote lanvi sou bagay frè parèy ou

Fè Bondye Plezi Nan Tout Bagay

Leson 28

PATI 7: KONPÒTE KÒM KRETYEN

VERITE BIBLIK

Kretyen yo dwe fè Bondye plezi nan tout bagay yo fè – Menm si yo poukout yo oswa avèk lòt moun. Yo dwe toujou evite sa ki mal.

OBJEKTIF LESON

Ede timoun yo konprann ke kòm kretyen nou dwe fè Bondye plezi nan tout bagay nou fè. Ankouraje yo fè Bondye plezi nan tout bagay.

VÈSÈ POU APRANN

"*Teste tout bagay. Kenbe fèm nan fè sa ki bon. Evite tout kalite sa ki mal.*" (1 Tesalonisyen 5:21-22)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen: Kontra pou Konduit Kretyen – lavi kretyen an
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Pandan timoun yo rive, fè yo jwe arebò-rivyè" oswa youn menm jan an. Pou jwe jwèt sa a, fè yon lidè chwazi yon bagay pou fè pataj an de gwooup timoun – itilize yon kòd atè a osinon yon liy trase oswa yon liy imajinè elatriye. Yon bò ap deklare tèt li rivyè e lòt bò a, Arebò. Timoun yo kanpe kòt a kòt sou yon bò nan chak pati yo epi pare pou obeyi ak lòd lidè a swa pou sote nan larivyè osinon sou rivaj la arebò rivyè a. Pa reponn, pran tan oswa reponn mal sa pral lakòz ou elimine pou w soti nan jwèt la. L'ap bon si timoun ki eliminate yo ka ede jiye moun ki ta dwe soti konsa yo ap rete angaje jiskaske jwèt la fini. Jwe osi lontan ke tan an pèmèt ou.

Mete aksan sou lefèt ke nan jwèt la, yon moun pa ka nan rivyè e sou rivaj la an menm tan. Menm jan tou, bagay ke moun fè, panse osion di ka fè ou ka pa fè Bondye plezi. Pa gen aksyon yo ka mete nan mitan. Men tou, kòm kretyen nou dwe toujou fè efò pou fè bagay ki fè Bondye plezi. Aprè, kontrèman ak jwèt la, nou pa ka sote dèyò epi sote anndan si nou pral temwen fidèl pou Bondye. Pafwa li difisil pou nou konnen si yon bagay fè Li plezi oubyen pa fè li plezi. Vèsè nou aprann jodi a fè nou sonje ke nou dwe "teste tout bagay. Kenbe fèm nan fè sa ki bon. Evite sa ki mal".

EKSPLORASYON NAN BIB LA

"Fè Bondye Plezi Nan Tout Bagay"

Travay Apot 5:1-11; 1 Tesalonisyen 5:21-22

Kwayan nan legliz primitif yo apre jou Lapannkòt la te fè youn nan kè yo ak nan lespri yo. Yo pataje tout bagay yo te genyen epi pèsonn nan mitan yo pat nan nesesite. De tanzantan moun ki te gentè ak kay yo vann yo, pote lajan an bay apòt yo. Konsa lajan sa a, yo bay li a nenpòt moun dapre bezwen li.

Menm jan ak lòt moun, yon nonm yo te rele Ananyas ak madanm li Safira te dakò vann tè yo. Sepandan, yo te dakò ant yo menm pou pote yon pati nan lajan an bay apòt yo, yo te fè tankou se tout

lajan yo te pote. Se konsa, Ananyas te pote yon pati nan lajan an bay apòt yo pretann ke li te pote tout.

Bondye pat kontan ak yo pou manti yo te bay sou lajan an, Li te montre Pyè sa. Lè sa a, Pyè di li: "**Ananyas, poukisa ou kite Satan antre nan kè ou? Ou te bay manti a Sentespri a, ou kenbe yon pati nan lajan an pou tèt ou. Pwopriyete a te pou ou, ou te gen dwa vann oswa pa vann li. Apre ou te fin vann li, lajan an te pou ou pou bay li. Ki jan ou ta ka fè yon bagay konsa a? Se pa nou ou bay manti a men se Bondye menm**". Lè Ananyas tande pawòl sa li tonbe, li mouri. Tout moun ki tande pale sou li te pè anpil.

Apre twazèdtan, madanm li te vini. Li te konnen pa gen anyen ki te pase sou sa. Pyè mande l si lajan yo bay apòt yo se pou sa yo te vann tè a. Malerezman, li te dakò ke se pou sa yo te vann tè a.

Pyè reponn li: "**-Kòman nou toulede ta ka fè yon bagay konsa-fè konplò pou nou teste Lespri Senyè a? Deyò pòt la gen kèk jenn gason ki te antere mari ou, yo gen pou yo ale antere ou tou**". Li pat menm gen tan pou reflechi sou lanmò mari li, li tonbe li mouri frèt tou.

Mete byen ak mal ansanm gate byen an. Se te yon bon bagay ke yo te panse lè yo vann pwopriyete yo a epi pataje avèk lòt moun. Li te bon tou pou yo te kenbe yon pati nan lajan an pou tèt yo paske se pou yo li te ye. Men, yo pa ta dwe pran pòz ke sa yo te bay apòt yo se te kantite lajan konplè. Se poutèt sa, nan tout bagay, kretyen yo dwe vijilan epi panse a fè Bondye plezi an premye nan tout sa yo ap fè. Nou dwe "teste tout bagay. Kenbe fèm nan sa ki byen. Evite tout sa ki mal".

KONEKSYON AK LAVI A

Panse anvan ou aji

Desine yon tab tankou sa ki nan fèy leson an kote timoun yo ka wè l, fè yon lis (oubyen koupe imaj ki gen aksyon diferan bagay ke moun renmen fè-ki bon ou move) nan kolonn göch tab la. Site nenpòt mo ki nan lis la, epi fè timoun yo endike si l bon oubyen si l pa bon pandan y'ap plase yon tik nan kolòn göch la oubyen kolonn dwat la. Fè yo fè menm bagay la nan fèy aktivite yo a.

Di nenpòt mo ki soti nan lis yo, fè timoun yo panse epi endike si aksyon an bon oubyen pa bon e nan ki kolòn pou nou mete l. Ede yo konprann ke aktivite sa a se menm jan ak sa yo bezwen fè nan lavi a chak jou. Pèmèt yo pou yo poze kesyon ak diskisyon tou kout kote sa nesesè. Gen kèk aksyon tankou jwe, aprann, elatriye... Ou bezwen eksplike yo paske se pa tout jwèt ki fè Bondye plezi. Endike yo ke pafwa timoun yo bezwen mande paran yo, pwofesè, pastè, elatriye pou yo ka ede yo pran bon desizyon.

Ankouraje timoun yo pou yo panse anvan yo di oubyen fè yon bagay, pou yo wè si l'ap fè Bondye plezi. Fini seyans lan pandan w'ap priye pou ke yo chache fè Bondye plezi nan tout bagay.

Adan Ak Èv Marye

Leson 29

PATI 7: KONPÒTE KÒM KRETYEN

VERITE BIBLIK

Maryaj soti nan Bondye.

OBJEKTIF LESON AN

Ede timoun yo konprann maryaj Adan ak Èv la ak tout sa Bondye ak Jezi di sou li, se prensip Bondye bay pou maryaj kretyen yo. Ankouraje yo pou yo onore ak respekte maryaj.

VÈSÈ POU APRANN

“Tout moun dwe onore Maryaj”. (Ebre 13:4)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen: Kontra pou Kondwit Kretyen an - Maryaj
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv
- **Nòs:** se yon seremoni maryaj ak divès kalite aktivite ki ka gen ladan l angajman legal koup la, festen, mizik ak dans, bel rad elabore, elatriye selebrasyon sa a varye de yon kilti a yon lòt kilti.
- **Maryaj:** se relasyon ki genyen ant yon nonm ak yon fanm kòm mari ak madanm apre yo fin fè pwomès pou yo fidèl youn ak lòt pou lavi.

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Koupe epi kole kèk foto maryaj kote timoun yo ka wè pandan y'ap antre nan klas la. Pèmèt yo pale sou maryaj yo te asiste avèk jwa - sa yo te renmen pi plis sou koup la, manje, rad, ki jan yo te patisipe, elatriye... Mande yo si yo konnen diferans ki genyen ant yon nòs ak yon maryaj. Ede yo konprann pawòl sa yo ki plis chita sou maryaj. Si tan an pèmèt ou, ou ka fè timoun yo pataje sa maryaj rèv yo ta dwe sanble dapre yo menm epi rale yo pi pre ideyal Bondye a otan ke w kapab. Yon nonm ak yon fanm pran angajman youn ak lòt pou lavi.

EKSPLORASYON NAN BIB LA

"Adan Ak Èv Marye"

Jenèz 1:26-31; 2:18-24; Matye 19:4-6

Apre Bondye te kreye syèl yo, tè a ak lanmè yo, ansanm ak tout sa ki ladan yo, li plante yon jaden. Se te yon bèl jaden ak tout kalite pye bwa epi Li rele l Jaden Edenn nan. Bondye mete Adan, nonm sa a li te kreye a, nan jaden an nan lide pou pran swen li. Men, Bondye te wè Adan pat gen kè kontan paske li te pou kont li. Lè sa a, Li mennen zwazo ak bèt yo bay Adan pou chwazi non pou ba yo. Lè sa a Adan te tou ap eseye gade si li jwenn yon patnè ki ta ka apwopriye pou li. Lè l fini, Adan te toujou poukont li paske li paT kapab jwenn yon patnè ki sanble ak li.

Se konsa, Senyè Bondye a fè Adan tonbe nan yon gwo somèy. Li pran yon zo kòt nan li, li te kreye yon fanm avè l. Seyè a te mennen fanm li te kreye a bay Adan. Lè Adan te wè fanm lan, li te gen anpil kè kontan. Finalman li te jwenn youn ki soti nan kò lak nan zo li. Seyè a, Bondye a te kontan ke Li te kreye gason ak fanm pou yo te kapab viv ansanm kòm youn nan maryaj. Li te di:

"Pou rezon sa a, gason an va kite papa lak manman l pou li ini ak madanm li, epi yo pral fè yon sèl kò".

Nan fason sa a Bondye te montre ke li vle yon gason marye ak yon fanm. Jezi te montre tou ke maryaj yo dwe pèmanan (La pou tout tan): **"Konsa, yo pa de ankò, men yon sèl. Se poutèt sa, sa Bondye mete ansanm, moun pa gen dwa separe yo"** (Matye 19:4-6).

KONEKSYON AK LAVI A

Eleman esansyèl nan koup marye yo nan Bib la.

Anvan klas la, li ekriti sa yo, epitou idantifye enfòmasyon enpòtan ak pozitif ki ta ka posib pou koup marye yo, egzanp. Abraram ak Sara te marye pou plis pase 62 lane

- Abraram ak Sara - Jenèz 12:1-5; 17:15-22; 21:1-7; 23:1
- Jozèf ak Mari - Lik 1:26-38; Matye 1:18-2:23
- Zakari ak Elizabèt - Luke 1:5-25, 39-45, 57-80
- Manoak ak madanm li - Jij 13
- AKILA ak Pricila – Travay apot 18

Aprè nou fin desine imaj koup ki marye yo sou fèy aktivite a, e pandan w ap bay sa w jwenn apwopo de chak koup biblik yo, ede timoun yo jwenn mari a pou madanm li. Ou ka ajoute lòt koup nan lis la oubyen fè timoun yo mete omwen yon koup ke yo konnen e admire.

Ki bagay sa yo ke timoun yo kapab fè pou yo devlope ak montre respè pou maryaj:

- Lapriyè pou moun ki marye
- Lapriyè pou moun ki ap prepare pou maryaj

Ba yo yon chans pou yo panse ak yon koup ke yo pral priye pou li pandan semèn nan.

Onore Bondye – Pa Vòlò Li

Leson 30

PATI 7: KONPÒTE KÒM KRETYEN

VERITE BIBLIK

Bondye se mèt tout bagay nou posede. Kòm yon kretyen, nou se sèlman yon jeran de tout sa ke Bondye te ban nou. Se poutèt sa, nou dwe onore Bondye nan sa nou genyen.

OBJEKTIF LESON

Pou ede timoun yo:

- Konnen ke Bondye se mèt tout bagay ke nou genyen
- Rekonèt ke nou se sèlman jeran nan tout bagay ke nou genyen
- Konprann ke Bondye te bay yon fason pou bay pou montre rekonesans nou anvè li.
- Jwenn bagay yo kapab bay pou yo pran angajman pou fè sa.

VÈSÈ POU APRANN

"Pote tout ladim lan nèt nan depo a, konsa va gen manje nan tanp mwen an." (Malachi 3:10a)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen: Kontra
- Liv Règleman sou Kondwit Kretyen – jerans kretyèn
- **Jeran:** se yon moun de konfyans kap jere zafè yon lòt moun.
- **Jerans:** se aksyon ki montre ke yon kretyen ap jere sa Bondye ba li responsab.
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Pote anvlòp ofrann nan klas la oswa fè timoun yo fè pwòp anvlòp yo anvan yo antre nan klas la. Pèmèt yo sèvi ak anvlòp sa yo lè y'ap ranmase ofrann. Pandan y'ap travay sou pwojè anvlòp yo, pale de experyans timoun ki bay kichòy a lòt moun osinon ki resevwa kichòy atravè ofrann ki bay nan legliz yo. Ou ka vle mande yo kesyon sa yo: ou toujou gen lajan pou w bay lè y'ap ranmase ofrann? Ki jan ou santi ou lè ou pa kapab bay epi ou wè lòt moun ap bay? Poukisa ou vle bay? Eske se lajan sèlman ke nou ka bay? Kote timoun yo jwenn lajan ak lòt bagay pou yo bay? Poukisa nou tout ta dwe bay epi yo pa moun rich la sèlman?

ISTWA BIBLIK "Onore Bondye - Pa Vòlò Li" Malachi 3:6-12

Apre Bondye te pran moun pèp Izrayèl yo soti kite peyi Lejip: Li ba yo règ pou fason Li te vle yo viv. Youn nan règleman sa yo, sè ke yo te dwe bay ladim ak ofrann nan tout sa yo genyen - lajan, mouton, kabrit, bèf, rekòt, elatriye. Konsa, moun yo te kontan fè sa a lè yo fenk kòmanse, epi yo te yon jan fatige ak sa e yo te kòmanse fè foub sou Bondye. Sa te fè Bondye tris, li te fini pa pini pèp li a paske yo te kontinye ap inyore règleman li yo. Li te voye yo ale nan yon lòt peyi byen Iwen. Sepandan, Bondye te renmen pèp li a tèlman se sa ki fè Li mennen yo tounen nan peyi yo ankò lè pinisyon an te fini.

Ekriti nou jodi a te ekri apre pèp la te fin resevwa pinisyon an epi tounen nan peyi yo. Sepandan, nou wè pwofèt Malachi la a 'tap raple pèp Bondye a ankò ke yo dwe fidèl ak ladim y'ap ofri yo. Bondye te vle yo pote ladim yo ak ofrann nan plas kote yo konn vin adore a (legliz) Bondye te rele 1 depo Li. Li te di yo ke si yo pa obeyi règ sa a, se tankou yo t'ap twonpe 1. Èske ou ta ka imajine yon moun (piti piti) vòlò Bondye (gwo gwo)!

Poukisa Bondye te vle yo obeyi règleman sa-a? Sa t'ap montre premyèman ke yo renmen Li, paske vrè obeyisans soti nan renmen. Li te vle yo panse a li an premye. Nan fason sa a yo ta dwe onore li.

Poukisa Bondye te vle yo bay? konsa **va gen manje nan kay mwen an**", Bondye te di. Bondye te vle pou yo bay pou prêt yo ak fanmi yo paske li te vle prêt yo travay pou li sèlman. Bondye toujou vle nou bay sipò sa a ak minis yo Li te rele (1 Korentyen 9:14) e "yo menm ki te bay tèt yo nèt nan travay ministè a" (Manyèl 38.3). Lè nou bay fidèlman ladim nou yo ak ofrann se yon senbòl nan konfyans ak aksepte ke Bondye posede tout bagay ke moun genyen. Se yon siy konplè de konfyans nou nan li.

Se poutèt sa, se pou nou pa volè Bondye. Ladim nou yo ak ofrann yo se pou li. Pou **ladim**, Li vle nou bay omwen yon diziyèm nan sa li te ba nou, tankou 1 santim de 10 santim ki egal. Yo konn rele li tou dis poustan (10%). Lè li rive nan **ofrann**, li pat di nou konbyen lajan pou bay. Men, Li vle nou bay nan fason l'ap dirije ak gide nou. Sa vle di ke nou dwe mande li sa pou nou bay ak ki kantite pou n bay. Bondye konnen tout bezwen sa yo ke yo dwe pran swen nan depo li a ', li ap gide nou pou nou ka bay kichòy k'ap satisfè bezwen sa yo.

KONEKSYON AK LAVI A

- Chante dyagram ki nan paj elèv yo, pran tan pou w travay ak timoun yo sou sa ki rele 10% nan 10, 20, 30, elatriye. (Repons: 1, 2, 3, elatriye). Eseye ede chak timoun konprann sa a Fè

timoun yo jwenn bagay ki sanble yo (yon diferan tip chak fwa), konte dis nan yo epi desine yo nan pòsyon Bondye a, premyèman avan w desine rès dis nan yo ak koulè diferan yo.

- Kite timoun yo panse epi mansyone kèk bagay ke yo ta ka gen kòm timoun, de bagay sa yo ke yo ka bay ladim ak / oswa ofrann ladan 1 (kite yo ale kontakte paran yo espesyalman paske y'ap bezwen pèmisyon yo si se nesesè).
- Ankouraje yo devlope yon abitid nan mande Bondye pou ede yo wè bagay ke yo pat konnen si yo te genyen konsa yo va bay.
- Avèk sansiblite yo, ankouraje yo pran angajman pou onore Bondye tankou bon jeran nan tout sa ke li te ba yo pandan y'ap chèche direksyon sou sa Li vle pou yo bay (avèk èd paran yo).

Fèmen nan lapriyè pou angajman yo pran yo. Planifye pou fè yo diskite sou eksperyans yo semèn pwochèn. Atire atansyon yo sou diferans ki nan bay lè Bondye dirije lespri yo ak atitud yo.

Mwen Te Fèt Bèl

Leson 31

PATI 7: KONPÒTE KÒM KRETYEN

RITE BIBLIK

Ou te fèt sanble ak Bondye. Fanm yo ak gason yo te fèt sanble ak Bondye. Se poutèt sa, yo dwe renmen, respekte ak pwoteje kò yo nan fason Bondye vle 1 ye a. Se sa Bondye vle wè lè l'ap gade pwòp tèt li menm nan yo

OBJEKTIF LESON AN

Pou ede timoun yo:

- Apresye ke Bondye te kreye fanm ak gason yo sanble ak li.
- Nou dwe konprann ke kò nou se tamp Bondye e nou pa dwe fè peche kont kò a e kont Bondye.
- Reyalize ke Bondye itilize ni gason ni fanm yo, ti gason ak ti fi yo pou fè volonte 1

VÈSÈ POU APRANN

"Se poutèt sa, sèvi ak kò nou yon fason pou fè louwanj Bondye." (1 Korentyen 6:20b)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÉ

- Ou dwe sansib" nan moman ensèyman yo" nan lavi timoun yo, epi itilize moman sa yo yon fason ki apwopriye.
- Manyèl Legiliz Nazareyen: Kontra pou Konduwt kretyen – Seksyalite moun
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Chante yon chan sou pati nan kò moun pa egzamp. Men yo, pye yo, tèt, je yo, zòrèy yo, nen, bouch, elatriye tankou "Se mwen menm ki espesyal" "Fè atansyon ak ti je yo...", elatriye...

- Pale sou bote ki nan kò moun ak kèk nan fonksyon li yo. Konpare li ak lòt kreyati tankou solèy la ak lanmè a epi mete aksan sou enpòtans diferans ki genyen ant moun ak lòt kreyati yo.
- Lè ou konsidere kontèks ou a, ki sa yo espere de jèn ti fi ak ti gason?
 - Ki mo yo itilize pou dekri ti gason / ti fi?

- Kòman yo dwe kondi tèt yo?
- Kisa yo espere fè?
- Kisa ki se wòl yo nan fanmi an oswa nan kominote a?

Nan tan ki posib, bay timoun yo yon chans pou di sa yo panse osijè de bagay sa yo y'ap tann nan. Yo ka di tou ki jan yo ta dekri tèt yo ak sa yo wè kòm wòl yo. Konsa, kesyon ki pi enpòtan an se sa Bondye di sou yo - sitou sou zafè sèks yo?

ISTWA BIBLIK

"Mwen Te Fèt Bèl"

Sòm 139:14; Jenèz 1:1-27; Women 12:1-2; 1 korentyen 6:18-20

Bib la anseye nou ke "**Nan konmansman, Bondye kreye syèl la ak tè a**". Li te kreye tout bagay ki gen ladan I, Bondye wè sa l te fè a bon. Lè Bondye te kreye moun depi nan konmansman an, se te yon gason ak yon fanm. Li te kreye yo sanble ak li. Bondye te kontan anpil paske li te kreye yo. Li te vle yo renmen epi jwi fason ke li te fè yo a. Apre li te kreye moun, li te wè tout sa l te fè te **bon nèt**. Li te fè kòm si li te jis mete yon kouwòn sou tèt tout kreyasyon li yo. Lè Li te kreye gason ak fi, li te vle fi yo dwe rete fi e gason yo dwe rete gason. Se pou rezon sa ou te fèt yon ti fi / ti gason!

Ou kapab rejwenn David e **di: "Mwen fè lwanj ou paske mwen fèt yon fason ki mèveye e bèl"** Sa a se vre kay chak moun ti fi oswa ti gason, li te fè chak moun mèveye e bèl. Se poutèt sa, nou dwe renmen epi respekte kò nou ak respekte kò lòt moun tou. Malgre ke Bondye te fè kò a diferan pou ti fi ak pou ti gason, Li pat di nou sa yo **ta dwe** ye ou fè. Li pat di nou sa nou ka ye ou ka fè. Konsa, gen gwoup moun e fanmi ki diferan, yo ka espere bagay ki ka diferan de lòt moun. Li enpòtan pou nou konnen diferans sa yo paske se sa yo ki fè nou konnen kiyès nou ye. Li toujou enpòtan pou ka konnen diferans ki genyen ak chak lòt moun ankò e aksepte youn ak lòt malgre jan yo ye.

Kit ou se gason oubyen fi, ou te fèt byen yon fason pou ou kapab sèvi Bondye! Se sak fè, frèm yo, jan Bondye fè nou wè li gen kè sansib pou nou an, se pou nou ofri tout kò nou bay li tankou ofrann bèt yo mete apa pou Bondye (Rom. 12:1-2). Li vle ke ou konnen ke kò ou se tanp Sentespri a li ye (1 Kor. 6:19) epi trete li kòm sa dwa. Sa ap ede w pèmèt li sèvi ak ou pou fè bon bagay ke li vle fè nan mond lan. Si ou ta pèmèt li, l'ap sèvi ak ou tankou Li te fè ak lòt ti gason, lòt fi tankou gason ak fanm ke nou li nan Bib la.

KONEKSYON AK LAVI A

Ti Fi Oswa Ti Gason

Kite ti gason ak tifi yo di bagay yo ka fè ki bon pou sèks pa yo a. Ekri yo anba ti gason yo oubyen anba ti fi yo e wè ki gwoup k'ap vini ak pi plis aksyon. Kontinye ak lis la malgre nan ti diskisyon ki ka leve nan egzèsis la. Lè sa a, fè yo di ki moun ki ka fè pa tou de sèks yo. Mete aksan ke se pa zafè sèks yo oswa sa yo kapab fè oswa pa kapab fè men kiyès yo ye kòm moun ki te fèt tou sanble ak Bondye. Pou plis anfaz si sa posib, pale oswa pote foto ki montre ti gason ak tifi ki soti nan lòt kote espesyalman si yo ta diferan de sa yo t'ap atann de gwoup ou a.

Fè klas ou a konplete e desine imaj timoun ki reprezante yo, epi koulè timoun ki soti nan kilti diferan.

Mande chak timoun pou panse sou bagay ke yo pi renmen pou tèt yo kòm yon ti fi oubyen ti gason. Ede yo reponn pa ekri, desine oswa coupe foto epi kole yo anba nan foto a sou fèy aktivite yo.

Priye pou Bondye ka ede chak timoun pou renmen tèt yo epi grandi pandan y'ap respekte epi onore Bondye avèk kò yo.

Toujou Fè Rekonesan

Leson 32

PATI 8: GEN YON KÈ REKONESAN

VERITE KI NAN BIB LA

Bondye vle ke nou remèsyé li pou tout sa li fè pou nou ak sa li ba nou. Se pou nou toujou rekonesan.

OBJEKTIF LESON

Pou ede timoun yo:

- Apresye tout bon bagay ke Bondye te ba nou
- Reyalize enpòtans ki genyen nan sa lè nou di Bondye mèsi

VÈSÈ POU APRANN

"Antre nan kay li yo avèk aksyon de gras epi nan lakou li yo ak louwanj, di Li mèsi epi fè lwanj pou non li "(Sòm 100:4).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Èske nenpòt nan timoun yo ka di m ki mo nou dwe di lè yon moun ban nou yon bagay? E lè yon moun fè yon bon bagay pou nou oswa lè yon moun di yon bagay nou renmen nan nou? Wi, sa se byen, 'Mèsi!' Poukisa ou panse ke li enpòtan pou di lòt moun mèsi' lè yo fè bagay sa yo pou nou oubyen di bon bagay de nou?

ISTWA BIBLIK "Toujou Fè Rekonesan"

Sòm 100:1-5

Koulye a, mwen ap panse a yon moun ki te ban nou tout bagay ke nou gen nan mond lan. Li te menm bay sèl Pitit li a mouri sou kwa a pou nou. Li di nou e di nou ankò nan Pawòl li ke li renmen nou. Ki moun sa a? Li se Bondye. Ou pa panse ke nou dwe di Bondye mèsi paskel pran swen nou? Nou te wè tout tan tout tan kòman li byen aji ak nou, men pafwa nou tout nou blyie di Li Mèsi'. Bondye renmen pou nou di Li mèsi, paske sa montre ke nou rekonèt ke sa nou genyen an soti nan men li. Li ogmante lespri nou lè nou di Bondye mèsi. Poukisa ou panse ke nou santi nou byen lè nou di Bondye oswa a yon moun ki fè yon bèl bagay pou nou?

David te tèlman rekonesan ak Bondye, li te ekri Sòm 100 pou li te ka fè lwanj li tout bon vre pou anpil bon bagay sa yo. Vini non chache Sòm lan nan Bib nou yo epi an nou li ansanm.

KONEKSYON AK LAVI A

Kite timoun yo bay non a kèk bagay ke nou ta dwe rekonesan pou yo. Ekri yo pandan yo ap site yo. Montre timoun yo ki jan pou yo ranpli kazye yo ak benediksyon pou chak jou nan semèn nan. Kòmanse jodi a nan liv aktivite yo a. Fè yo ekri yon benediksyon pou jodi a nan klas la kòm yon egzanp. Fè yo sonje repete mo sa yo "Mèsi Bondye" pou chak jou.

Kite yo chante nenpòt chante yo konnen ki pou fè lwanj oswa di Bondye mèsi (tankou, 'Comptez les bienfaits de Dieu,' oswa 'Mèsi Seyè').

Se pou nou tout bese tèt nou nan lapriyè. Pandan ke tout moun rete trankil, li chak benediksyon ou te ekri e pran yon poz apre chak, yonn pa yonn pou yon moman pandan tout moun ap di, Bondye Mèsi.

Si tan an pèmèt ou, lè w'ap fini chante: Papa, nou di ou mèsi ',' Mwen pral antre nan kay li ak remèsiman nan kè m" oswa nenpòt chan ki sanble oswa yon kantik.

Di 'Mèsi' Ak Kè Kontan

Leson 33

PATI 8: GEN YON KÈ REKONESAN

VERITE KI NAN BIB LA

Yon kè rekonesan vini se lè nou dispoze kè nou pou di Bondye mèsi pou tout bagay. E bagay sa yo fè Bondye kontan

OBJEKTIF LESON

Pou ede timoun yo:

- Reyalize ke lè ou di Bondye mèsi souvan sa vin ede ou vin pi rekonesan pou lòt moun tou
- Konprann ke se yon atitud yo ka genyen epi k'ap la pou la vi
- Reyalize ke paske yo rekonesan yo fè sa Bondye renmen.

VÈSÈ POU APRANN

"*Di Bondye mèsi pou tout bagay. Se sa Bondye mande nou, nou menm ki mete konfyans nou nan Jezi Kri.*" (1 Tesalonisyen 5:18)

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Fè timoun yo pataje eksperyans semèn pase yo. Ankouraje yo pou pataje kijan pou yo sonje di Bondye mèsi pou bagay li fè pou yo chak jou.

Sonje li toujou enpòtan pou ou ak lòt moun ke nou di "mèsi" pou bagay nou resevwa nan men lòt moun. Toujou genyen anpil bagay nou ka di mèsi. Se konsa, an plis an nou wè si nou wè si nou ka fè yon lòt lis mèsi:

- Seyè, mèsi pou manje a ou te ban nou nan semèn pase a.
- Seyè, mèsi pou rad yo n'ap mete a.
- Seyè, mèsi pou kay yo n'ap viv ladan yo a.
- Seyè, mèsi pou mond sa ak bèl bagay ou te kreye.
- Seyè, mèsi pou peyi nou an.
- Seyè, mèsi pou legliz nou an.
- Seyè, mèsi pou Bib la.
- Seyè, plis ankò, mèsi pou Jezikri.

ISTWA BIBLIK
"Di Mèsi Ak Kè Kontan"
Lik 17:11-19

Kòm Jezi te sou fè wout li lavil Jerizalèm, Li te mache sou fwontyè ant peyi Samari ak peyi Galile. Jezi antre nan yon ti bouk kote ki te gen dis moun ki te gen yon maladi po ki rele lèp. Maladi lèp sa se te yon maladi ki te fè lòt moun rete lwen moun ki te genyen li. Nan tan sa yo, yo te oblige rele 'enpwòp, enpwòp, lè yo ta pral rankontre ak lòt moun. Kòm Jezi antre nan bouk la, lepre yo rele byen fò, 'Jezi, Mèt, gen pitye pou nou! Kisa ou panse Jezi te fè? Jezi di yo ale wè prêt yo epi la deklare yo pwòp. Se Prêt yo menm ki te kapab di si yon moun te geri de lèp la. Dis moun yo te tèlman eksite yo kouri al wè prêt yo, epi yo te geri pandan yo t'ap kouri a. Nèf nan yo pa t' menm panse osijè de remèsy Jezi. Men, youn te sispann kouri lè l wè li te geri, epi li kase tèt tounen pou li ale jwenn Jezi. Nan kè kontan li, li lage kò l nan pye Jezi, li te remèsy li. Jezi mande li: kote lòt nèf yo. Lè sa a, Jezi te di ke, pa menm youn nan sila ki te geri yo chwazi tounen vin di Bondye mèsi eksepte etranje sa a? Li te di Samariten an, "Fwa ou geri ou.

Li enpòtan pou moun nan tout mond lan di mèsi lè yo fè ou ba yo yon bagay. Si ou fè yon bagay bèl pou youn nan zanmi ou, ou renmen pou li di ou mèsi', pa vre? Nou pa fè bagay sa yo jis pou moun ki pral remèsyé nou, men nou panse ke moun yo pa renmen oswa apresye bagay sa yo nou fè si yo pa janm 'di ou mèsi'. Pwochen fwa nou ta ka pa vle fè yon bagay paske nou panse ke pa gen moun k'ap ba li valè.

KONEKSYON AK LAVI A

Fè timoun yo chita an ronn epi kite yo chak di mèsi a lòt la ki sou bò dwat yo a pou yon bagay espesyal sou timoun sa. Lè sa a, kòmanse menm jan ankò ak sila ki sou bò gòch la.

Montre timoun yo kòman pou ranpli kat la pou yo ka sonje remèsyé lòt moun pou sa yo fè pou yo. Fè yo ekri yon mo remèsiman jodi a nan klas la tankou yon egzanp. Fè yo sonje repete mo yo "Mèsi Bondye" pou chak jou.

Fini nan lapriyè ak remèsiman semèn pase a. Mete nenpòt ki bagay ki nouvo ke nou bezwen di Bondye mèsi pou li nan lis la.

Bay Ak Kè Kontan, Pou W Di “Mèsi”

Leson 34

PATI 8: GEN YON KÈ REKONESAN

VERITE KI NAN BIB LA

Di Bondye Mèsi nan fè lwanj li e pataje ak lòt moun

OBJEKTIF LESON

Pou ede timoun yo:

- Di Bondye mèsi nan fè lwanj li
- Di Bondye mèsi nan pataje ak lòt moun

VÈSÈ POU APRANN

"*Mwen pral fè lwanj Senyè Bondye pandan tout tan m'ap viv*" (Sòm 104:33).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

N'ap viv nan yon mond ki gen bèl bagay - syèl ble, pye bwa vèt, flè kolorye, solèy la byen klere, bon lapli, bon sant ak bon gou, bèl zwazo, bêt, moun, zye yo, la vi. Nou te kapab ale kontinye toujou, men pafwa nou sanble pran tout bagay sa yo pou anyen. Konbyen fwa byen bonè nan lavi nou, nou panse ak fènwa e move bagay nan lavi a. Nou panse osijè de lagè yo, grangou, tanpèt, maladi, ak tout kalite move bagay epi nou vin dekouraje. Natirèlman, sa yo, se bagay ki afekte nou, epi kòm kretyen nou ta dwe panche sou yo, yon fason pou nou ede moun ki tonbe ladan yo. Men nou pa dwe kite yo vòlè kè kontan nou.

ISTWA BIBLIK

"**Bay Ak Kè Kontan, Pou W Di 'Mèsi'**"

Sòm 104

Kòm jèn timoun Bondye, ou ta dwe toujou gen kè kontan sou tout bon bagay sa yo li bay. Men, ou dwe prepare w pou fèl konfyans nan moman difisil yo. Prezans Bondye a nan lavi nou, se sa ki ka fè diferans la.

Menm jan ak salmis lan, nou dwe di Bondye mèsi pou tout bèl bagay sa yo li te kreye. Nou gen youn nan pi bèl tè nan tout mond lan, espas ki louvri, lè fre, solèy, jis pou mansyone kèk nan yo. Nou kapab jwi bèl mòn yo, dlo larivyè yo kap koule ak zwazo yo kap chante. Bèt yo rejwi pou bon zèb yo pandan moun menm rekonesan pou manje yo k'ap grandi nan jaden yo. Nou rekonesan paske nou konnen tout sa yo soti bò kote Seyè a. Tout benediksyon sa yo Bondye ban nou, tout sa yo fè nou konprann tout bon vre kòman Bondye renmen nou. Men, Li di ke li pran plis swen de nou pase tout lòt kreyati. Se poutèt sa, an nou rejwenn salmis la pou chante chante nou an pou nou fè lwanj pou Bondye pou tout bagay sa yo li ban nou.

Paske Bondye ban nou anpil, nou menm tou nou dwe dispoze pou m bay lòt moun tou. Tankou Bondye, nou ka bay tou nan resous natirèl nou yo tou. Salitasyon nou bay lòt moun fè yo santi ke yo byen rekonèt e byen akeyi, yon souri sèlman kapab fè ou genyen yon zanmi, bon ti mo, pran tan pou

ede youn lòt elatriye, nou kapab mande Seyè a pou montre nou sa nou ka bay lòt moun kòm yon siy de rekonesans.

Pandan aksyon de gras pou mwa a nou ka di Bondye mèsi pou tout bagay li ban nou e an plis pou kè rekonesan li bay nou. Fè akson de gras la mèveye pou mwa a pandan w'ap fè ti soti epi bay yon bagay,- menm si se sèlman di yon moun "mèsi' oswa 'mwen renmen ou'.

KONEKSYON AK LAVI A

Kite timoun yo chante sou bél kreyasyon Bondye a.

Li Sòm 104. Prepare yon fèy paj ak alfabè a, gaye lèt yo toupatou sou paj la. Ou ka fè lèt yo kanpe si ou antoure chak lèt li ta ka pi bon. Koulye a, fèmen je ou epi chwazi yon lèt pran yon kreyon oswa yon ti baton pwente l sou paj a. Kèlkeswa lèt nan alfabè a li touche, fè chak timoun (oswa chwazi youn) bay non yon bagay ki kòmanse ak lèt sa a ke yo ap di mèsi pou li. Pou egzanp, si li pwente sou 'P', repons lan ta ka Pye bwa', 'Pawòl', 'Peyi', 'Paran', ". Fè l ankò avèk yon lòt lèt. Timoun yo ka ekri repons yo a anba fèy aktivite yo a.

Viv Yon Vi De Rekonesans

Leson 35

PATI 8: GEN YON KÈ REKONESAN

VERITEKI NAN BIB LA

Nou dwe viv yon vi de remèsiman, menm lè Bondye di non.

OBJEKTIF LESON

Pou ede timoun YO:

- Reyalize ke fason ki pi bon pou di Bondye mèsi se gen konfyans nan li ak obeyi li chak jou
- Se pou w gen anvi pou w gen konfyans nan Bondye ak, obeyi li.

VÈSÈ POU W APRANN

"Ale, tounen lakay ou nan mitan fanmi ou yo. Rakonte tou sa Bondye fè pou ou, kijan li te gen pitye pou ou" (Mak 5:19).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Li pa ase pou jis di mèsi, oswa bay yon kado remèsiman. Nou dwe viv yon lavi rekonesan nan obeyisans ak renmen. Gen kèk fwa ke Jezi pa reponn priyè nou jan nou ta renmen li reponn, men li reponn yo kanmenm paske li konnen pi byen pase nou sa nou bezwen yo. Li konnen sa ki pi bon pou nou.

Menm jan ak lè ou mande paran ou pou yon bagay epi, pafwa, yo konnen kisa k'ap pi bon pou ou se responsabilite yo pou di ou non. Lè Jezi oswa paran ou di non, yo vle pou w kontinye fè yo konfyans nan obeyi yo ak konprann ke yo konnen ki sa ki pi bon pou ou. Si repons lan se wi oswa non, fè fèt ak rekonesans ke yo renmen w epi y'ap pran swen pou ou.

ISTWA BIBLIK
"Viv Yon Vi De Rekonesan"
Mak 5:1-20

Pyè vole soti nan bato pèch la e li rale l sou rivaj la. Lòt disip yo swiv epi yo te ede l mete li an sekirite. Yo te yon kote ki te rele Jerzenyen.

Kòm Jezi ak disip yo ale sou rivaj yo, yo tande yon gro bri byen fò. Jezi te konnen ke se yon nonm ki genyen move lespri sou li, epi li te kòmande move lespri a pou kite nonm lan. Yo mande Jezi voye yo sou yon bann kochon nan pak ki te tou pre a, Se konsa, li te fè. Lè move lespri yo antre nan kochon yo, yo kouri desann ti mòn lan nan lak la epi you tout te nwaye. Konsa nonm lan ki te posede pa move lespri yo te geri.

Lè Jezi ta pral kite zòn lan pou li ale nan yon lòt vilaj, nonm lan te mande Jezi si li te ka ale avèk li. Menm si nonm sa a te gen yon gwo dezi pou li te ale avèk Jezi epi ede l, Jezi te di li ak anpil dousè ke li pat ka ale ansam avè l. Jezi te di li pi bon fason pou ou montre apresyasyon ou pou Bondye se rete dèyè pou w ka eksplike ak fanmi w ak zanmi w sa Bondye te fè pou ou. Se konsa, nonm lan ale, li te kòmanse ak kè kontan pataje istwa li a ak tout moun. Se vre wi, li te montre mèsi l yo a Jezi pa lavi obeyisan ke li dakò viv pou Kris la

KONEKSYON AK LAVI A

Fè chak timoun trase deskripsyon ak men yo sou yon moso paj. Yo ta dwe koupe soti nan kopi yo fè ak men an epi ekri mo mèsi' sou yon bò ak yon ti mo mesaj mèsi sou lòt bò a. Yo ta dwe bay kat la ak youn nan paran yo, sè, frè, oswa pwofesè ke yo vle di mèsi a. Lè yo fin travay sou travay manyèl la, fè yo fè desen nan bagay yo rekonesan pou yo sou fèy aktivite yo.

Diskite nan lesson sa yo sou mèsi. Kite timoun yo pataje sa yo te aprann sou posede, di, bay, epi viv yon atitud rekonesan.

Bondye Disipline Ak Renmen

Leson 36

PATI 9: BONDYE AK PÈP LI

VERITE KI NAN BIB LA

Bondye mande pou nou obeyi li san poze kesyon kòm kryati li paske li konnen pi byen ki sa nou ta dwe ye. Anplis, Li anseye nou fè sa nan fason ki difisil la.

OBJEKTIF LESON AN

Pou ede timoun yo:

- Konprann ke li nesesè pou moun ki renmen nou an ka discipline nou konsa n'ap vini kalite moun nou ta dwe ye a.

VÈSÈ POU APRANN

"Bondye pini nou pou byen pa nou menm" (Ebre 12:10).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen, Atik nan Lafwa mwen: Bondye a Trinite
- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Kisa k'ap pase si ou pa koute paran ou? Kite timoun yo reponn. Yo pa sispann renmen ou, men kè yo pral plen ak doulè. Yo pral gen lapenn paske yo pini ou. Paran ou konnen ki sa ki bon pou ou lè w'ap grandi, e paske yo renmen ou yo bezwen anseye ou. Lè timoun yo vle fè sa yo vle fè epi yo pa obeyi paran yo, yo vin fache, terib ak raysab. Pafwa nou dwe aprann lesion difisil yo anseye nou yo pou nou ka bon ti gason oubyen tifi.

ISTWA BIBLIK "Bondye Disipline Ak Renmen" Jenèz 6:6 - 9:12-17

Konbyen nan nou ki konnen istwa Noe ansamm ak Bwat Kontra a? Yon fwa te gen yon nonm yo te rele Noe ki te vrèman renmen epi koute Bondye. Lòt moun yo ki te rete nan tan sa a pat renmen oswa koute Bondye. Bib la di nou ke sa te fè kè Bondye mal. Li te fè moun, men yo te inyore li epi yo pat vle koute Li. Bondye te tris anpil sou sa a, se konsa li te deside pou 1 pini moun sa yo ki pa janm koute Li. Men, Bondye pat vle pini Noe ak fanmi li ki te renmen Li, se konsa Li te di Noe bati yon gwo bato yo rele yon gwo lach. Noe ak fanmi li ak bèt yo ta pral an sekirite nan batiman an lè inondasyon an te vini an.

Gwo inondasyon an pini moun ki pat koute Bondye e yo tout te mouri. Men, Bondye sove Noe ak fanmi li, epi Li te tou moutre yo anpil bagay yon lesion sou ki jan li enpòtan pou koute Bondye epi fè sa Li di. Si Noe te dezobeyi Bondye e yo pat bati lach la, li menm ansanm ak fanmi lan t'ap mouri tou.

Paran ou pap ba ou yon repa ak bagay dous sèlman, kèlkeswa jan ou renmen yo, yo konnen ou bezwen manje bon manje pouka grandi epi an bòn sante e pou ka fò. Anpil moun pale sou lanmou Bondye a epi yo renmen reflechi sou Bondye tankou li se papa Nwèl la. Men, lanmou Bondye a toujou vle sa k'ap bon pou ou pou tout tan, pa sèlman sa ki pral pase pou kèk minit. Si nou pral moun Bondye vle ye a tout bon vre, nou dwe aprann obeyisans ak disiplin.

KONEKSYON AK LAVI A

Pote avèk ou yon kivèt nan lekòl di dimanch lan. Fè youn oswa plis nan manm klas yo fè yon ti bato an bwa (oswa yon bato ki ka flote). Se pou yon lòt timoun pote yon pake ki gen foumi ladan 1. Vanse kannòt an bwa a nan kivèt la. Mete kèk foumi sou bato a, mete rès foumi yo nan kivèt la. Koulye a, vide dlo a tou dousman soti nan yon bò nan kivèt la epi kòmanse ranpli li. Ou pral wè ke foumi yo pral alantou nan dlo a ki pa gen okenn fason pou yo ka soti, men moun ki sou bato yo pral an sekirite osi lontan ke yo rete sou li. Pale sou chwa pou yon sove foumi yo oswa kite yo peri. Lè fini, pa blyie vide kivèt la deyò avèk foumi yo, anvan yo tout mouri.

Pale sou diferans ki genyen ant pinisyon ak disiplin.

Nan fèy aktivite a, fè timoun yo desine Lach Noe a epi desine bèt ki te avè 1 yo.

Bondye Se An Chaj

Leson 37

PATI 9: BONDYE AK PÈP LI

VERITE KI NAN BIB LA

Pa gen anyen ki ka anpeche Bondye fè sa li vle fè. Se li ki gen kontwòl tout bagay.

OBJEKTIF LESON AN

Pou ede timoun yo reyalize ke Bondye nou an Li an kontwòl de sa ki rive a.

VÈSÈ POU APRANN

"*Seyè nou an gran, puisan nan fòs li, konesans li pa gen okenn limite*" (Sòm 147:5).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Manyèl Legliz Nazareyen, Atik Lafwa mwen: Bondye a Trinite
- Kopye Paj Aktivite pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Jwenn kèk tradiksyon lang ke ou pa abitye ak li e pou kèk enstriksyon debaz ou itilize pou klas ou a, tankou: 'Ede deplase tab la la', 'Mete chèz yo bò tab la', 'tout moun vin chita bò tab la', elatriye. Divize klas la an plizyè gwoup. Bay chak gwoup youn nan fraz etranje sa yo. Chak gwoup dwe montre lòt gwoup la kòman yo dwe fè tou sa fraz yo di (sèlman gwoup la ak enstriksyon an pral konnen ki sa sa vle di - yo pa ka di nenpòt lòt bagay, men ke sa ki sou paj yo). Pa enkyete sou pwononsyasyon. Fè timoun yo sispann aktivite yo. Mande, 'Ki sa yo panse travay ansanm fè?' Remake byen repons yo epi kenbe repons yo pou pi ta.

ISTWA BIBLIK "Bondye Se An Chaj"

Jenèz 11:1-9

Bondye beni Noe ak pitit li yo. Li te di yo fè pitit pitit mete sou tè a. Gwo inondasyon an te montre yo se Bondye ki gen kontwòl tè a. Koulye a, kòm pitit pitit Noe yo te deplase pou bò solèy leve, Bib la di nou ke yo bliye Bondye epi yo sispann koute l. Bondye te di yo pou yo ka ranpli la tè a, men yo deside al viv nan yon sèl kote ak bati yon gwo vil. Nan vil sa a, tout chèf branch fanmi yo te reyini pou yon chita pale. Chèf branch fanmi sa yo sèlman te vle montre moun ki jan yo gran anpil ak gwo pouvwa yo ak ki jan yo entelijan e vin fò.

Èske w pa janm wè yon jenn pijon sou tè a ap mache ak pwatrin li gonfle? Byen, chèf sa yo t'ap mache ak lestonmak yo byen gonfle. 'Nou bon anpil. Se pou nou bati yon gwo kay tou won pou nou ka fè yon non pou tèt nou. Pa gen anyen ki ka manyen nou. Poukisa nou dwe al gaye sere sou la tè? Ki moun Bondye ye ki pou di nou sa nou dwe fè? Tout moun yo te ale kont plan Bondye pou lavi yo. Yo sèlman te vle fè bagay sa yo pou tèt pa yo.

Yo te kòmanse ap montre fyète, yon mank de konfyans nan Bondye, ak yon fo sekirite paske yo te tèlman kwè de yo. Sa se te dezobeyisans. Bondye gade dezobeyisans yo epi li pat renmen sa. Li te gen pou montre moun yo ankò, tann yon minit Se mwen menm ki an kontwòl isit la. Se konsa, li melanje lang yo, pou yo pat kapab konprann youn ak lòt ankò. Koulye a, paske yo pat kapab konprann youn ak lòt, yo gaye nan tout mond lan. Sa se jis sa Bondye te vle yo fè. Ki moun ke ou panse ki an kontwòl?

Li te dwe reyèlman gen konfizyon lè tout moun te kòmanse pale nan yon lang lòt moun pa t'kapab konprann. Kijan ou santi ou lè yon moun vin kote ou pou poze w yon kesyon, men ou pa konnen kisa li ap di? Gwo kay won sa moun yo te kòmanse bati a te rele Tou de Babèl ki vle di konfisyon e tout moun te bouye. Ki moun ki nan klas la ki gen yon frè osinon yon sè ki se toujou yon ti bebe epi yo poko ka pale? Tout sa yo kapab fè se babye - èske ou kapab konprann yo?

KONEKSYON AK LAVI A

Anvan klas la, fè yon lis ensidan nan Bib la ki montre ke Bondye se li ki an kontwòl, tankou Jenèz 45:4-7; Ebre 11:11-12; elatriye. Nan klas la, mande timoun yo pou yo mansyone ensidan oswa moun Bondye te montre nan yo ke se li ki an kontwòl. Kontwole diskisyon an dapre rezulta yo sitou konsantre sou ekspozisyon an ki gen pouvwa a vanyan sòlda nan Bondye k'ap travay kont tout ènmi. Ede timoun yo ekri non pèsonaj yo ak referans yo nan paj yo a pandan diskisyon an.

Bondye A Parèt Nan Kè A

Leson 38

PATI 9: BONDYE AK PÈP LI

VERITE KI NAN BIB LA

Pandan ke moun ki fè kom si yo se yon bagay lè pa menm gen diferans pamì yo ak moun fou. Bondye pap ka janm twonpe paske li gade nan kè a. Li chwazi moun li gade kè yo pou sèvi ak yo.

OBJEKTIF LESON AN

Pou ede timoun yo:

- Reyalize ke se pa ni grosè ni aparans ki fè Bondye chwazi moun pou sèvi li li chwazi moun ki gen volonte pou suiv plan Li.
- Gen anvi pou travay Bondye

VÈSÈ POU APRANN

"*Letènel pa konsidere sa lòm konsidere, lòm gade sou sa ki frape zye, men Seyè a gade sa kinan kè a"* (1 Samyèl 16:7 b).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Èske ou ta pito gen yon zanmi ki bèl oswa yonn ki lèd? Èske ou ta pito gen yon zanmi ki ka kouri vit oswa yon moun ki enfim? Nou souvan gade sou deyò yon moun pou nou ka gen opinyon sou li. Nou panse ke si yon moun bèl, fò, oswa atletik ke li tou entelijan, epi bon. Men, mwen konnen anpil moun ki bèl deyò men sa pa vle di yo saj pou sa. Men mwen konnen moun tou ki enfim, men yo jantiy avèk tout moun. Èske w te konnen Bondye te kreye nou tout e li te fè nou tout diferan pou yon rezon? Bondye plis konsène nan obeyisans nou ak atitud nou pase li gade sou aparans nou.

ISTWA BIBLIK
"Bondye A Parèt Nan Kè A"
1 Samyèl 16:1-13

Bondye di pwofèt li a Samyèl bagay sa a ki egzak nan istwa Bib nou an jodi a. Bondye te voye Samyèl kay yon nonm yo te rele Izayi pou li ka vide lwl sou tèt yonn nan pitit gason li yo pou li ka wen li kòm wa peyi Izrayèl. Men Samyèl te déjà gen pwòp lide nan tèt li sou ki kalite moun li dwe mete wa, men lide l yo te diferan de lide Bondye. Pi gran pitit gason Izayi a, Eliyab, te gen bèl wotè e li te bèl tou, e Samyèl te panse ke li ta dwe moun sa. Men, Bondye te di Samyèl pa konsidere aparans li oswa wotè li. Seyè a pa gade nan bagay sa yo moun gade. Moun toujou gade sou sa ki frappe zye men Bondye li menm li gade nan fon kè moun nan. Izayi te gen sèt pitit gason l ki pase devan Samyèl. Chak fwa Samyèl di: Bondye pa chwazi sa. Apre dènye a fin pase, Samyèl mande li 'eske ou pa gen lòt pitit gason ankò?' Se konsa, yo rele dènye a ki te pi jenn pitit gason an kite nan raje a ap gade mouton yo. Lè Samyèl te wè David, Bondye te di l: sa a se li. Se konsa Samyèl wen David e li metel wa. Bondye te chwazi David kòm wa paske li te renmen Bondye anpil. David te aprann ki jan pou li yon bon wa pandan li te gadò mouton papa l yo.

Petèt ou ka ap panse de tèt ou, se pa ou ki pi bèl oswa pi intèlijan oswa pi rapid oswa pi bon nan anyen nan klas ou. Pa dekouraje. Bondye te chwazi ou pou ka pitit li, epi ou ka fè sa li vle ou fè. Bondye vle ou obeyi li e renmen li. Tout moun Bondye kreye yo ka fè sa.

KONEKSYON AK LAVI A

Jwenn yon gwo foto epi kole li sou yon moso bwat katon. Epi, koupe foto a an moso devinèt senp (fasil pou timoun yo bat). Eksplike yo ke se pa yon sèl moso k'ap ka fè foto a tout antye. Se sèlman tout moso yo byen ranje ansanm epi y'ap fè foto a. Plan Bondye se pou tout pèp li ka ranje yo ansanm nan yon sèl gwo foto. Yon sèl pyès, oswa yon sèl moun, pa pral fè foto a tout antye, Men, si yonn manke, pral gen yon twou.

Pote ansyen jounal, magazin ak foto. Fè timoun yo koupe foto yo vle. Koupe foto yo an ti moso pou fè pwòp pouzo (puzzle) pa yo. Epi yo ap kole ti moso foto yo ansanm pou vin ba ou moun nan toutantye. Se pou yo kole pouzo (puzzle) yo sou fèy aktivite yo. Pou yo kapab raple yo ke se pa yon pati men se se tout pati nan foto a ki pou met ansanm pou li vin ba ou yon moun toutantye.

Diskite sou ki sa ou panse plan legliz ou a ye pou kominate a epi ki moun ki pi byen plase pou jere l. Kòman ou t'ap fè si yo te chwazi w pou kapitèn an chèf ekip nasyonal espò peyi ou la? Ki jan ou t'ap fè si yo te ba ou jere tout ti bebe yo pandan sèvis la?

Bondye Rele Moun Pou Obeyi Plan Li

Leson 39

PATI 9: BONDYE AK PÈP LI

VERITE KI NAN BIB LA

Bondye depann sou moun pou ekzekite Plan Li yo. Li rele nou tout men l'ap itilize sèlman moun ki obeyi li.

OBJEKTIF LESON AN

Pou ede timoun yo:

- Reyalize ke pafwa Bondye rele yon moun espesyal pou li fè yon seri travay.
- Reyalize ke Bondye ka rele yo pou yon travay espesifik.
- Lage w nan men Bondye.

VÈSÈ POU APRANN

« Se pa nou menm ki chwazi m se mwen menm ki te chwazi nou, ki mete nou apa pou n ale epi pou nou donnен » (Jan 15:16 a).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Kopye Paj Aktivite a pou chak élèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Bondye itilize pitit li yo pou akonpli plan li nan mond lan. Bib la gen anpil istwa sou ki jan Bondye te itilize moun an patikilye pou objektif li a. An nou site kèk nan yo: Moyiz, Jozèf, Rit, Estè, Mari, Lidi, Pòl, David. Anpil fwa, Bondye leve yon moun e di paran li yo ke Bondye rele pitit yo a pou fè yon travay espesyal. Èske nou ka site kèk nan yo? Abraram (papa Izarak), Manoak (papa Samson), Zakari (papa Jan Batis la), Jozèf (papa Jezi sou latè).

ISTWA BIBLIK

"Bondye Rele Moun Pou Obeyi Plan Li"

Jij 13:1-25

Istwa jodi a se sou Manoak, papa Samson. Moun pèp Izrayèl te dezobeyi Bondye. Se konsa, Li te pini yo pandan li te livre yo anba men tout lènmi li yo, moun Filisti yo pandan karantan. Bondye planifieyé davans pou moun k'ap vin delivre yo a fèt konsa li va prè nan fen karantan. Konsa, li voye yon zanj kote madam Manoak pou di l tout bagay sou yon pitit gason li pral genyen ak sa li menm ak mari li dwe fè pou leve ti gason an byen. Li te di mari l sa e li te kontan anpil. Manoak te mande Bondye pou bay yo plis enstriksyon pou yo te ka asire ke yo fè li kòm li mande. Se konsa, Samson te fèt kòm sovè pèp Izrayèl la.

Plan Seyè a gen anpil enpòtans- li anseye nou sou obeyisans. Ki sa ki t'ap rive si Manoak te dezobeyi Seyè a? Wi, delivrans pèp Izrayèl la pa ta janm posib. Yo te ka rete nan esklavaj pou plis tan. E si Zakari oswa Jozèf te dezobeyi zanj Seyè a?

Kisa tout sa vle di pou nou jodi a? Li anseye nou ke Bondye sèvi ak moun pou ekzekite plan li. Nan tan Ansyen Testaman, Bondye te chwazi kèk moun pou yo te ka sèvitè espesyal li. Men, Jezi te

anseye nou ke tout moun k'ap swiv li, yo se esklav Bondye e yo pral nan travay pou ekzkite plan Bondye. Menm si ou ta yon moun ki enpòtan pou pote pi gwo plan Bondye a. Tout sa ou dwe fè se rekonèt apèl li nan lavi ou epi obeyi Pawòl li. Kèlkeswa kote w ap viv, sèlman espwa ou kapab gen ke lòt moun ap vin konnen Jezi pa filyè de ou.

KONEKSYON AK LAVI A

Mete ti moun yo an liy. Koulye a, di yo ke ou pwal pataje yon sekrè avèk sila yo ke wap chwazi. Kòmanse chwazi soti nan klas la. Lè w fin chwazi, mete moun ou chwazi yo nan liy sou lòt bò ki opoze a. Rele timoun ou chwazi yo bò kote ou e di yo ke ou pa gen anyen pou pataje ak yo men ou ta vle yo ri e kontan konsa pou lòt timoun ka santi yo rejte. Lè yo tounen bò kote lòt timoun yo, yo dwe kontinye kenbe sekrè a jiskaske ou di yo li byen, yo ka di sa.

Rele tout timoun yo ansanm epi mande moun ki pat chwazi yo pou pataje kijan yo santi yo. Epi mande timoun ou te chwazi yo ki jan yo santi yo. Se pou tout timoun yo konnen ke pat gen okenn sekrè. Diskite sou sa sa vle di lè Bondye chwazi w, epi tout moun ap chwazi si yo ap sèlman kwè nan Jezi epi obeyi ansèyman l yo.

Nan fèy aktivite yo, fè timoun yo konplete non moun ki te obeyi Bondye yo, sa w te pale de yo a nan Kòmansman Aktivite a. (Abraram, Jozèf, David, Mari, Estè, Manoak, Pòl, Moyiz) Fè yo sonje pou yo remesye Bondye pou tout sa moun sa yo te ka fè paske yo te obeyi.

Obeyisans Mennen Sèvis

Leson 40

PATI 9: BONDYE AK PÈP LI

VERITE KI NAN BIB LA

Se pou ou toujou fidèl ak obeyisan menm nan ti bagay sa ap ouvè pòt pou yo fè fè ou plis konfyans ankò.

OBJEKTIF LESON

Pou ede timoun yo konprann ke Bondye itilize moun obeyisan pou fè travay nan wayòm li a.

VÈSÈ POU APRANN

« *Timoun nan gentan moutre w nan aksyon li si li ap gen bon kondwit e si l'ap dwat* » (Pwovèb 20:11).

NÒT ADISYONÈL POU PWOFESÈ

- Kopye Paj Aktivite a pou chak elèv

KÒMANSMAN AKTIVITE A

Tout moun vle parèt bon nan je zanmi yo. Konbyen nan nou ki tap fè bagay ki enpresyone zanmi nou ke nou pa ta janm ka fè sa devan paran nou? Gen kèk moun ki se yon moun totalman diferan deyò kay la. Sa a tou k ap pase nan legliz la. Gen kèk timoun ki aji tankou tizanj Bondye nan lekòl Dimanch lan, poutan lè yo nan kay la yo se timoun rebèl, k'ap fè vakabon.

ISTWA BIBLIK "Obeyisans Mennen Sèvis"

Danyèl:1-20

Danyèl se te yon moun nan pèp Izrayèl la ke moun Babylòn yo te fè tounen prizonye. Wa Nèbikadneza te vle kèk nan Esklav moun pèp Izrayèl ki te trè bèl, pi fò, e pou l entelijan pou yo ka resevwa fòmasyon pou ka bay bon jan sèvis espesyal pou wa. Tout sa yo te chwazi yo te jwenn privilèj espesyal. Yo te menm ba yo manje sou tab wa konn manje, manje ki pi bon nan tout peyi a. Men, Danyèl ak twa zanmi li yo pa t 'vle manje manje wa a, paske yo te konnen se te manje yo te ofri bay zidòl.

Danyèl ak zanmi li yo te renmen Bondye, yo adore li ak tout kè yo epi yo te obeyi l'. Se konsa, menm lè yo te twouve yo nan mitan moun ki pat kwè epi ki te ofri yo bonjan privilèj, yo pat chante nan desizyon yo devan bagay sa yo. Yo te jere kwayans yo a byen kote yo te ye a nan mitan moun ki reskonsab yo a, epi yo fè konnen ke yo pap fè wont ak tèt yo devan Bondye jis yap toujou kenbe tèt yo wo. Bondye te beni Danyèl ak twa zanmi l yo ak konpreyansyon yo genyen sou tout kalite literati ak aprantisaj pou toujou kenbe pawòl yo ak obeyisans yo. Danyèl te menm jwenn yon benediksyon siplemantè pou konprann vizyon ak intèprete tout kalite rèv.

Bondye vle itilize tout kalite moun nan gouvènman li a, men li ka sèlman fè sa si yo obeyi li. Senyè a te itilize Danyèl yon fason ki mèvèye.

Kòm jenn timoun yo, nou dwe aprann ke yon fwa nou pran yon desizyon pou Kris, lè sa a nou ta dwe toujou konpòte tankou pitit Bondye. Pa gen pwoblèm, nenpòt kote nou ye oswa ak nenpòt ki

moun nou ye, nou dwe kite pèp la konnen ke nou se Kretyen. Benediksyon pou moun ki kanpe pou Bondye.

KONEKSYON AK LAVI A

Kite timoun yo fè yon pyesèt. Fè yon sèl timoun ap aji tankou yon moun ki se yon bon bagay pou paran l men li se yon vakabon ak zanmi l yo. Se pou yon lòt timoun aji menm jan ak paran li e zanmi li yo. Tout timoun yo ka nan pyesèt la oswa ou ka gen de pyesèt, ak mwatye aji nan klas la ak lòt mwatye a ap gade apre sa yo ka chanje wòl.

Pale avèk klas la enpòtans ki genyen lè ou respekte tèt ou epi ou se yon timoun ki obeyisan nan kay la tankou nan lekòl la ak zanmi ou yo. Paran ou yo ak pwofesè lekòl la pral kontan konnen yo ka fè w konfyans nan sa ou fè ak sa ou di.

Ede chak timoun chwazi modèl yon moun nan Bib la ki te tandem epi obeyi Bondye. Kounya yo gen pou ranpli enfòmasyon apwopo moun sa ki nan fèy aktivite yo a.

pai

aktivite

Lesson 1

Bondy Revele Tèt Li

**“Tande o Izrayèl Senyè Bondye nou an,
Senyè nou an se yon sèl.”**
{Detewonòm 6:4}

Twa Premye Atik Lafwa

1. Trinitè Bondye a (Trinitè vle di twa.)

Nou kwè ke gen yon sèl Bondye. Bondye te toujou egziste e l'ap toujou egziste. Se li ki kreye tout bagay. Bondye revele sou fòm twa Moun: Bondye se Papa a, Bondye se Pitit la (Jezikri) e Bondye se Sentespri a. Se sa yo rele Trinite a.

2. Jezikri

Nou kwè nan Jezikri, pitit Bondye a. Li te fèt tankou tout moun. Manman I te rele Mari, li te vyèj lè Jezi te fèt. Jezikri konplètman moun e alafwa konplètman Bondye. Jezi te mouri pou peche nou yo. Li te leve nan lanmò. Li te retounen nan syèl la kote kounya l'ap ede nou viv tankou Kretyen.

3. Sentespri a

Nou kwè nan Sentespri a, ki toupatou nan mond la. Li aji espesyalman andedan e atravè Kretyen yo ak legliz la. Sentespri a montre moun yo key o se pechè e gide yo pou yo ka vin Kretyen. Sentespri a ede Kretyen yo viv yon fason pou fè Bondye plezi.



Lesson 2

Bondye Pale Avè M Tout Kote

"O Seyè ou sonde m e ou konnen mwen."

[Sòm 139:1]

Kole youn nan eleman ou te kolekte deyò fèy la.


Mèsi, Jezi, paske w ouvè je nou!

Leson 3

Bondye Gran e Li Pisan

**"Kounye a mwen konnen pa gen Bondye lòt kote sou la
tè pase nan peyi Izrayèl la." (2 Wa 5:15b)**

Desine imaj ti fi Ebre ki te esklav la ak metrè li a.



**Bondye Moutre Pouvwa L Atravè
Moun Ki Òdinè.**

Lesson 4

Bondye Ap Veye Sou Nou

**"Apre sa Elize te priye, 'O Senyè, ouvri
je li pou li kapab wè.' "** [2 WA 6:17a]

Desine imaj lame Senyè a.



Lesson 5

Bondye Pasyan Epi Li Padone

“Paske pitit gason mwen an te mouri men kounye a li vivan ankò, Li te pèdi men nou jwenn li.” (Lik 15: 24)

Desine imaj Papa ki konn padone a.




Lesson 6

Jezi Moutre Lanmou Li

**“Bondye te fè Jezi sa a, sila a nou te sakrifye a, vini
Senyè a epi Kris la tou.” [Travay Apot 2:36]**

Desine imaj yo, epi di yo pou yo rakonte istwa Jezi a ak zanmi yo.



Leson 7

Rankontre Jezi

“Pitit Lòm nan vini pou chache e sove sa yo ki tepèdi.”

(lik 19:10)

Fè yon lis (oubyen fè yon desen) pou w dekri kòman lavi a te ye avan w te rankontre Jezi e kòman l vin ye aprè Jezi vin nan kè w.

A V A N E A P R E

Lesson 8

Jezi Bay Tan Li Pou Timoun Yo

“Jezi rele timoun yo vin jwenn li epi li di, ‘Kite timoun yo vini jwenn mwen.’” (Lik 18:16)

Desine imaj lè Jezi avèk timoun yo. .



Lesson 9

Jezi Priyè Anvan Desizyon yo

**“Papa nou ki nan syèl la, nou mande pou yo toujou
respekte non ou. vin tabli gouvènman ou, pou yo fè
volonte ou sou latè, tankou yo fè l nan syèl la.”**

(Matye 11:9).

Desine imaj la epi ekri non Disip Jezi yo anba nan imaj kote Jezi ap priye a.



Lesson 10

Jezi Ansensye Disip Li Yo Lapriyè

**“Vin tabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou latè,
tankou yo fè l nan syèl la.” (Matye 6:10)**

Dekore fèy woulo sa a ki ak priyè Senyè a sou li.

**Papa nou ki nan syèl la nou
mande pou yo toujou respekte
non ou.**

**Vin etabli gouvènman ou, pou yo fè
volonte ou sou latè,
tankou yo fè l nan syèl la.
Manje nou bezwen an, ban
nou li jodi a.**

**Padonnen tou sa nou fè ki mal,
menm jan nou padonnen moun ki fè
nou mal.**

**Pa kite nou nan pozisyon pou n
tonbe nan tantasyon,
men delivre nou anba satan.**




Amen

Lesson 11

Jezi Priyè Pou Lòt Yo

**“Manje nou bezwen an, ban nou li jodi a.
Padonnen tou sa nou fè ki mal, tankou nou padonnen
moun ki fè nou mal.” (Matye 6:11-12)**

Kole non moun k'ap priyè avè w la nan fòm ki sanblab la epi ekri rekèt priyè yo .



Mande Priyè

Lesson 12

Jezi Priyè Lè Li Tris e Twouble

**“Pa kite nou nan pozisyon pou n tonbe nan tantasyon
men delivre nou anba satan.” (Matye 6:13)**

Dekore ankadreman foto sa.

“**Pa kite nou nan
pozisyon pou n
tonbe nan
tantasyon men
deliver nou
anba satan.”**

(Matye 6:13)

Lesson 13

Pwomè Sentespri a

"Men nou va resevwa yon pouvwa lè sentespri a vini sou nou; epi n'a sèvi m temwen nan Jerizalèm, nan tout Jide ak Samari, e jouk nan dènye bout latè."

(Travay Apot 1:8)

Desine imaj kote Disip ki Ranpli ak Sentespri a.



Lesson 14

Vini Sentespri a

“Ale epi fè disip nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a.” [Matye 28:19]

Desine imaj yo epi aprann nan men pwofesè w la kijan pou pataje lesон sa ak zanmi w yo.




Disip Yo K'ap Priyè



**Disip Yo Ki Ranpli
Ak Sentespri**



Foul La K'ap Rasable




Paul Pòl K'ap Preche Foul La

Lesson 15

Bondye Moutre Lanmou Pou Tout Nasyon

“Ale epi Fè disip nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a ak Pitit la ak Lespri sen an .” (Matye 28:19)

Desine imaj yo kote timoun yo ap fè zanmi.




Desine imaj kote yo moutre kijan ou ka fè zanmi avèk nouvo timoun.

Lesson 16

Yo Veye Premye Misyone yo

**“Mete Banabas ak Sòl apa pou mwen, pou yo fè travay
mwen chwazi pou yo fè a.”**
(Travay 13:2)

Desine imaj Pòl ak Banabas kote y'ap priyè pou yo a epi fè desen tèt ou anba a.



Lesson 17

Don Nou yo Fè Bondye Kontan

"Kado sa a se tankou yon ofrann ki santi bon, yon ofrann bêt Bondye aksepte paske sa fè li ple-Zi."
(Filipyen 4:18)

Ranpli nan kat la enfòmasyon LINKS misyonè w yo.

LINKS Misyonè

Non Misyonè Yo

Peyi Misyonè Yo

Travay Yo

Peyi y'ap Travay La

Moun y'ap Sèvi Yo

Demand Priyè Yo

Kòman M Ka Sipòte Yo

Lesson 18

Bondye Pale ak Mwen Attravè Bib Mwen

“Tout sa ki ekri nan liv la se Bondye ki enspire yo, yo itil pou moutre verite a e itil pou ansenye .”

(2 Timote 3:16)

Desine imaj ki nan Bib la epi ekri mo chante ou plis renmen yo ki soti nan Pawòl ki nan Bib la nan liy ki anba a.



Lesson 19


Ki Jan Bib Nou Yo Rive Jwenn Nou

**"Syèl la ak tout tè a va pase lwen,
men pawòl mwen pap janm pase." [lik 21:33]**

Desine nan fason sa yo yon jan pou w ka pataje pawòl Bondye a.
Fè pwòp desen pa w yon fason pou w ka pataje Pawòl Bondye a ak yon zanmi w.



Li Pawòl Bondye A Pou Yon Zahmie



Tande Pawòl Kap Li A



Lesson 20

Jeremi Ekri Pawòl Bondye a

“...Pawòl Senyè a adrese ak Jeremi:: Pran yon woulo liv epi ekri yon ...” sou li tout pawòl sa yo mwen pral di ou la pou pèp Izrayèl la ...” (Jeremi 36:1-2)

Aprann liv yo ki nan Bib la.

Ansyen Kontra

Jenèz	2 Istwa	Danyèl
Egzòd	Esdras	Oze
Levitik	Neemi	Jowèl
Resansman	Estè	Amòs
Detetohòm	Jòb	Abdias
Jozye	Sòm	Jonas
Jij	Pwovèb	Miche
Rit	Eklezyas	Nawoun
1 Samyèl	Chante Salomon	Abakouk
2 Samyèl	Ezayi	Sofoni



Nouvo Kontra

1 Wa	Jeremi	Aje	Matye	Efèz	Ebre
2 Wa	Plenn	Zakari	Mak	Filip	Jak
1 Istwa	Ezekyèl	Malachi	Lik	Kolòs	I Piè
			Jan	I Tesalonik	II Piè
			Travay	II Tesalonik	I Jan
			Ròm	I Timote	II Jan
			I Korint	II Timote	III Jan
			II Korint	Tit	Jid
			Galasi	Filemon	Revelasyon

Lesson 21

Pawòl Bondye a Montre Wout La

“Mwen kache pawòl ou nan kè mwen pou m pa peche kont ou.” [Sòm 119:11]

Desine kè sa a.

“Mwen kache pawòl ou
nan kè mwen pou m pa
peche kont ou.”


Sòm 119:11

Lesson 23

Pale Verite a Nan Lanmou

"Senyè Pa vle wè moun k'ap bay manti, men Li kontan ak [moun] ki toujou bay verite ." (Pwovèb 12:22)

Ekri vrè fraz yon nan pwason yo.




Lesson 23

Memm Jan ak Jezi

"Se pou swiv egzanp Bondye yo, tankou timoun yo renmen anpil." (Efazyen 5:1)

Ekri non manb ki nan klas ou yo nan chak reyon ki nan diagram nan.




Leson 24

Pataje Bon Nouvèl Sali a

“Mwen pa vont anonse bòn nouvèl Jezi Kris la paske li se pouvwa Bondye pou sali moun.”
(Ròm 1:16)

Desine imaj yo nan fason nou ka pataje Bòn Nouvèl Sali a.



Lesson 25

Fè Sa Ki Byen Ak Tout Moun

**“Li te montre w, ou menm lòm sa a ki byen ; epi sa Seyè a
mande pou ou fè se pratike lajistis, epi se renmen kè
sansib epi viv ak imilite devan Seyè a.” (Miche 6:8)**

Desine (oubyen koupe epi kole) imaj yo de sa ki bon ke w ta vle fè pou yon lòt.


Lesson 26

Rete Fidèl Epi Grandi


“Se pou nou pa kite asanble nou, se abitid kèk moun nan nou, men se pou nou ankouraje youn lòt, sitou jou Senyè a vin pi pwòch.” (Ebre 10:25)

Desine imaj yo yon jan ki pale kòman ou kapab fidèl epi vin grandi.

Priyè Avèk
Fanmi M



Li Bib Avèk Fanmi M



Patisipe Nan Sevis
Adorasyon Yo



Aprann Pawòl Bondye
A Nan Lekòl Dimanch

Lesson 27

Renmen Bondye ak Renmen Lòt Moun

“Si ou vle antre nan lavi, obeyi kòmandman yo.”

(Matye 19:17c)

Desine imaj Dis Kòmandman yo.

DIS KÒMANDMAN YO




1. Piga nou gen lòt bondye pase mwen menm sèlman.
2. Piga nou janm fè okenn estati.
3. Piga nou sèvi mal ak non Senyè Bondye nou an.
4. Toujou sonje jou repo a pou nou mete l apa pou mwen.
5. Respekte manman nou ak papa nou.
6. Piga nou touye moun.
7. Piga nou fè adilfè.
8. Piga nou volè.
9. Piga nou bay manti.
10. Piga nou pote lanvi sou zafè moun.

Lesson 28

Fè Bondye Piezi Nan Tout Bagay

“Teste tout bagay. Kenbe fèm nan fè sa ki bon. Evite tout kalite sa ki mal.” (1 Tesalonisyen 5:21-22)

Swiv enstriksyon pwofesè a.



Lesson 29

Adam ak Ève Marye

"Tout moun dwe onore Maryaj." [Ebre 13:4a]

Desine imaj la.

Relye non madanm yo ak non mari yo epi fè lis yon
bagay ki gen yon sinifikasyon nan chak koup .

MARI	MADANM	SINIFIKASYON AN	RELYE MARI A
ABRARAM			ELIZABÈT
AKILA			MARI
JOZÈF			PRICILA
MANOAK			SARA
ZAKARI			MADANM LI




Lesson 30

Onore Bondye – Pa Vòlò Li

“Pote tout ladim lan nèt nan depo a, konsa va gen manje nan tanp mwen an.” (Malachi 3:10a)

Chèche bagay ki sanble yo (yon diferan tip chak fwa), konte dis nan yo epi desine yo nan pòsyon Bondye a premyèman, avan w desine rès dis nan yo ak koulè diferan yo.




Lesson 31

Mwen Te Fèt Bèl

"Se poutèt sa, sèvi ak kò nou yon fason pou fè louwanj Bondye." (1 Korentyen 6:20b)

Konplete imaj sa yo epi desine imaj sa yo ki reprezante timoun ki nan mond lan pandan n'ap raple ke Bondye te fè nou tout bèl!



Lesson 32

Se Pou Ou Toujou Rekonesan

**“Antre nan kay li yo avèk aksyon de gras epi nan lakou li
yo ak louwanj, di Li mèsi epi fè lwanj pou nom li.”**
(Sòm 100:4)

Ranpli espas vid yo pandan w'ap ekri tout Benekdisyon w yo pou semèn nan.

Jou Nan	Benediksyon	
Dimanch		
Lendi		
Modi		
Mèkredi		
Jedi		
Vandredi		
Samdi		

Mèsi
Seyè

Lesson 35

Di "Mèsi" ak Kè Kontan

"Di Bondye mèsi pou tout bagay. Se sa Bondye mande nou, nou menm ki mete konfyans nou nan Jezi-kri."
(1 Tesalonisyen 5:18)

Ranpli kat la pou w ka sonje di lòt moun yo mèsi pou say o fè pou ou.

Jou Nan Semèn Nan	Mèsi Senyè Pou . . .	Paske yo . . .
Dimanch		
Lendi		
Madî		
Mèkredi		
Jedi		
Vandredi		
Samdi		

Lesson 34

Bay ak Kè Kontan, Pou Di Mèsi

**“Mwen pral fè Iwanj Senyè Bondye pandan
tout tan m'ap viv.” (sòm 104:33)**

Fè lis bagay yo, kòmanse avèk chak lèt, ke nou rekonesan pou yo.

A	
B	
C	
D	
E	
F	
G	
H	
I	
J	
K	
L	
M	
N	
O	
P	
R	
S	
T	
U	
V	
W	
X	
Y	
Z	

Leson 36

Viv yon Vi Pe Rekonesans

“Ale, tounen lakay ou nan mitan fanmi ou yo. Rakonte tou sa Bondye fè pou ou, kijan li te gen pitye pou ou.”

(Mak 5:19)

Fè desen yon bagay ke w rekonesan pou li.


Mwen Rekonesan Pou:

Lesson 36

Bondye Disipline ak Renmen

"Bondye pini nou pou byen pa nou menm." (Ebre 12:10)

Desine lach Noe a epi fè desen bèt ki te avèk Noe yo.




Lesson 37

Se Bondye Ki Gen Kontwòl

“Seyè nou an gran, puisan nan fòs li, konesans li pa gen okenn limit.” (Sòm 147:5)

Ranpli “Ewo Lafwa yo” nan lis ki anba yo.

Ewo Lafwa Yo



Lesson 38

Bondye Gade Nan Kè

**“Letènel pa konsidere sa lòm konsidere, lòm gade sou sa
ki frape zye, men Seyè a gade sa kinan kè a.”**
[1 Samyèl 16:7b]

Kole imaj puzzle ou a anba.

Lesson 39

Bondye Rele Moun Pou Obeyi Plan Li

**“Se pa nou menm ki chwazi m se mwen menm ki te
chwazi nou, ki mete nou apa pou ale
epi pou nou donnen.”**

[Jan 15:16a]

Konplete non moun ki te obeyi Bondye yo

Sonje pou w remèsyé Bondye pou tout moun sa yo paske yo te obeyi Bondye.

A _ R A _ A _

J _ Z È _

N _ _

Z _ K _ R I

_ A V _ D

M _ R _

E S _ È

M _ N O _ K

_ Ò _

_ O Y I _

Lesson 40

Obeyisans Mennen Nan Lapòs

"Yon timoun moutre ou sa l'ap soti nan sa l'ap fe. Ou ka de si l'ap serye, si l'ap bon." (Proverbs 20:11)

Chwazi yon moun nan Bib la pou modèl ou epi ranpli enfòmasyon ki anba yo.

Modél Mwen Nan Bib La

Non:

Kisa I te fé:

Ki kote nou te li istwa l nan Bib la:

Kisa m pral fé pou m vin you modél: